Сулейманов Ахьмад



ЛАМЧОХЬ САТОСУШ

ЛИТЕРАТУРНО-МЕМОРИАЛЬНЫЙ МУЗЕЙ А.С. СУЛЕЙМАНОВА





84(2РОС=Чеч)6-
С-89

СУЛЕЙМАНОВ АХЬМАД

ЛАМЧОХЬ САТОСУШ

СТИХАШ, ПОЭМАШ, ГОЧДАРШ

13114-

Соьлжа-Гlала
2018

С (Чеч)
С 89

Составитель – З.А. Сулейманова

С 89 **Сулейманов А.С.**

Избранное: Стихи, поэмы, переводы. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 304 с.

© А.А. Сулейманов, 2018
© Литературно-мемориальный музей А.С. Сулейманова, 2018
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2018

СУЛЕЙМАНОВ АХЬМАДАН НЕКЪАШ А, МАРЗОНАШ А

Ахьмад Сулейманов дагалаца гIоьртича, сан ойланехь иза цкъа а дуьхьал ца хIутту шен хIусамехь я яздархочун кабинет чохь. Иза суна дагавогIу ломах хьалавоьду некъахо санна, я шен накъостийн гонехь къамел деш, дош олуш шуьнада санна.

Бакъ а долуш, и ши хIума – Даймехкан шира шахьарш лаьттинчу лаьмнашкахула волавелла лелар а, шена дукхабезачу нахах марзо эцар а – дара Ахьмадна кху дуьненахь уггар дукхадезнарг.

Сулейманов Ахьмад вина 1922 шеран май беттан хьалхарчу дийнахь Олхазар-кIотарахь. Цуьнан да МуртазIелин Сулайма Нохчийчохь вевзаш, цIе йоккхуш, дика къонах хилла. Советан Iедал тIедеъначул тIаьхьа а иза Нохчийчохь хиллачу дайн Iадатан кхиэлан тхьамда вара, иза большевикаша дIакъовллалц.

Сулайма нохчийн шира гIиллакхаш, дийцарш дика хууш, вайн махкара оьзда, цIеяххана нах шен хIусамехь соьцуш стаг хилла. Цаьрга ладоьгIуш, церан хьекъал, амалш схьаоьцуш кхиира Ахьмад а, цул воккхаха волу ваша Мутуш а. Эрна ца хилира цара баккхийчаьрга ладегIар. Мутушах махкахь а цIеяхана маслаIатан да а, Кунта-Хьаьжин мурд а хилира, Ахьмадах – иштта чIогIа нахана вевзаш а, везаш а яздархо.

Ахьмадан дуьххьарлера стихотворени зорбане елира 1935 шарахь. Нохчийн воккхачу яздархочунна Бадуев СаIидна оцу стихотворенехь гира Ахьмад корматалле поэт хила йиш йолуш хилар. «Хьуо вахьахь,

ма хилал поэт!» – элира шега СаІида, бохуш дуьйцура Ахьмада.

Нохчийн халкъ махках даькхинчу хенахь Ахьмада чІогІа къахьоьгу мискачу нахана гІо дан гІерташ, нохчийн берашна йоза-дешар Іамош а.

Нохчий Даймахка бирзича, хьехархойн институт чекх а йоккхий, ишколе балха воьду Ахьмад. Цигахь хьехархочун а, тІаьхьа директоран а болх беш, цо цхьана денна а юкъах ца дуьту поэзехь къахьегар. Оцу къинхьегаман жамІ дара 1967 шарахь яраяьлла цуьнан поэзин гулар – «Безаммий, шаьлтий».

Цул тІаьхьарчу шерашкахь араюьйлу цуьнан стихийн, поэмийн книгаш: «Дог дохден цІе» (1968 ш.), «Ламанийн хьостанаш» (1973 ш.), «Симфония гор» (оьрсийн маттахь, 1978 ш.), «Даймехкан некъаш» (1982 ш.), «Цхьа-ши дош» (1988 ш.).

Кхузткъе уьтталгІачу шерашкахь Ахьмада дукха къахьоьгу вайн мехкан хийн, шовданийн, лаьмнийн, меттигийн… – топонимин – цІераш дІаязъеш. Уьш, церан маьІнаш а дина, Іилманан лехамашна жоп а луш, еа книгехь арахийцира цо Нохч-ГІалгІайн издательствохула. Іилманчаша билгалдоккхуш ма-хиллара, Ахьмада кхочушбинарг дийнначу цхьана Іилманан-талламан институтан болх бара.

***

…Дукха жима волуш велира Ахьмад новкъа. Цуьнан некъ мехкан, халкъан юкъара гІуллакхийн бала кхачар а, уьш кхочушдан гІертар а бара. Ша жима стаг волуш дуьйна кхеттера Ахьмад къоман дахарехь коьрта цуьнан синкхетам, оьздангалла хиларх. Цун-

дела иза дIа а кхийтира и деза дукъ – халкъан культура кхиор – шайна тIелаьцначу нахах. Бадуев СаIид, Мамакаев Мохьмад, Ошаев Халид, Мамакаев Iарби, Гадаев Мохьмад-Селахь – и цIераш дика евзаш яра халкъалахь XX бIешеран ткъе уьтталгIачу шерашкахь. Амма Сулейманов царал дуккха а жима вара. Цундела цуьнан аьтто бара царах Iама а, цаьргара масал эца а, царна жимхалла лелон а. Къаьсттина цуьнан гергарло тасаделира Мамакаев Мохьмадца.

Вайн халкъ цIера даьккхина, Казахстане, Киргизе дIадигча, Ахьмада цхьана ханна дитира шен иллеш яздар а, сурташ дахкар а, иза мацалла лечу, къа ца хетачу хьаькамаша хьийзочу халкъана орцахвелира: Китайн дозане кхаччалц дIаоьхура Ахьмад а, цуьнан накъостий а хIонц лоьхуш, карийча (дукха хьолахь, и даьхни хуьлура), цара иза нийсо еш йоькъура гIаддайначу нахана юккъехь; цуьнца цхьаьна, нийсо лоьхуш, харцоно хьийзош болу нах кIелхьарабаха гIерташ, гуттар а кехаташ яздеш а хиллера цо хIетахь.

Цунах лаьцна Ахьмада тхуна, къоначу яздархошна, дийцира 1976 шарахь, университетан студенташа йинчу суьйренехь, Минуткехь йолчу юкъараIойлехь.

«Пхьармат» цIе йолчу литературни цхьаьнакхетараллин чоьнехь, латийнчу чIурамийн серлонехь (электросерло йоллушехь, чIурамаш латийнера студенташа, «поэтически хьал» кхуллуш), Ахьмада тхуна дуккха а хIумнаш дийцира, хIетахь Iедало дийцича могуьйтуш доцу хIуманаш. Иштта, тхуна хиира, 1963 шарахь Москвахь «кегийчу» къаьмнийн мет-

танаш Іамо оьшуш дац бохуш, уьш Іамор дехкаран Іалашонца йина «Іилманан» конференци хилла хилар. Оцу конференце, кхайкхина а воццушехь, Сулейманов Ахьмад а вахана хиллера. Ахьмада къамел а кечдинера, «кегийчу» къаьмнийн меттанаш Іаламат кІорга а, шира а хиларха, и меттанаш советски халкъан доккха синан хьал а, уьш «коммунизм хІоьттича а» дехарг хирг а хиларх лаьцна. ТІаккха кхуо телефон тоьхнера Москвара Соьлжа-гІала, Мамакаев Мохьмаде, хІоьттина иштта хьал а ду, ша кечдина иштта чулацам болуш къамел а ду, цунна хІун де ша аьлла. «Нагахь и къамел дича, хьайна тоьпаш тухур елахь а, и ца деш цІа ма воьллахь», – аьлла хиллера Мамакаев Мохьмада.

«Цул тІаьхьа-м и къамел ца дан йиш а яцара. Дукха хала дош а даьккхина, конференци дІайоьрзучу дийнахь сайн къамел дира ас. И къамел бахьанехь конференци вовшахтоьхнарш шайн Іалашоне ца кхечира. «Кегийчу» къаьмнийн меттанаш цкъачунна даха дитира», – дуьйцура Ахьмада.

Шен дош дерзош, цо дагахь йийшира Гадаев Мохьмад-Селахьан «Махке сатийсар» цІе йолу стихотворени. Иза тхуна дуьххьара хезаш яра. Цо боккха тІеІаткъам а бира ладоьгІучарна массарна а. Къаьсттина дагахь дисира хІара могІанаш:

Тезетехь техкаш го вайн бошмаш, хьаннаш,
ГІайгІанех юьзна ю тогІенаш, Іаннаш,
Дайн кешнаш хиллачохь упгІанийн аннаш
Хьулдан да воцуш го, я АллахІ-Дела!

– Цкъа а ма дуьсийла вайн шовданаш стаг воцуш мийла, цкъа а ма дуьсийла вайн кешнаш дола дан стаг воцуш – дерзийра шен къамел Ахьмада.

Иза, бакъ а долуш, шена сингаттам хир бара аьлла ца Іаш, ала дезачохь дош а олуш, дан дезачохь гІуллакх а деш, халкъан иэс, сий лардеш лаьттинчу нохчийн къоман сийлахьчу къонахойх цхьаъ вара.

Вайнах Кавказехь орам болуш а бац, уьш цхьанхьара схьабаьхкина бу бохуш статьяш арайийла юьйлаелча, Ахьмад вайн мехкан топонимически цІерш дІаязъян аравелира.

– Кху мехкан паспорт хІоттош ву со, и ца дахь, вай юха а цІера даха бух кечбеш бу вайн мостагІий, – элира Ахьмада соьга дуьххьара суна ша гинчу дийнахь. Иза дара 1973 шарахь, гуьйранна. Со хІетахь Шуьйтарчу юккъерчу ишколан 10 классан дешархо вара.

ШолгІа суна Ахьмад Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан университете деша вахча гира. 1976 шеран бІаьсте яра хІетахь. Студентийн юкъараІойлехь дІахьош поэзин суьйре яра. Цига кхайкхина вара Ахьмад. Ас цигахь сайн «Нохчийчоьне» боху стихотворени йийшира:

ДагадогІий ахь лайнарш къиза,
Сан Нохчийчоь, со воьлху хьан къина.
Цу хьан тІулгех мацах хилла чевнаш,
Сан даг тІехь ю, къахьбеш денойн чемаш.
Хьан пІелг лозуш, сан дог лозу даим.
Иза-м ирс ду – дог хьан дуьхьа дагар!
Цу хьан стиглахь яьлла Іаьржа марха
Сан белшаш тІехь Іуьллу, яшшолц малхо.

ХIай сан лаьмнаш! Хастам бу-кха шуна!
Шух-м ца дина халонаша шунаш.
Мархаш, дохк а шайн когашка дарах,
Кортош малхехь аш латтийна даим!

ЧIогIа тайра Ахьмадна а, цигахь гулбеллачарна а и могIанаш. Шен къамелехь гIараваьллачу поэта лакхара мах а хадийра церан. ТIаккха, цхьаьнакхетар дIа а дирзина, Ахьмад новкъаваккха тхо юкъараIойлин кетIа девлча:

– КхидIа суна тIаьхьадовла пурба дац шуна, – элира цо. ТIаккха, соьгахьа корта а тосуш, тIетуьйхира: – Суо хIокху жимчу стаге новкъавоккхуьйтур ву ас.

Хан яьлла хан йоллушехь, Ахьмад Олхазар-кIотара, я МартантIа дIаваха лууш вара. Минуткера автовокзале кхаччалц гIаш вахара тхойша.

Ахьмада дуккха а хьехарш дира суна оцу бIаьстенан буса. Церан коьрта маьIна дара: ас нохчийн литературехь къахьега дезар а, со Iедалх чIогIа ларвала везаш хилар а. Ахьмад, машен а кхетта, МартантIа дIавахара, суна ша волчу кест-кеста вар тIе а дуьллуш.

Оцу шеран аьхка вахара со Ахьмад волчу, Олхазар-кIотара. Иза хIетахь цигарчу ишколан хьалхарчу гIатехь йолчу шина чоьнахь Iаш вара. И ший а чоь а юьзна яра книгех, газетех, Ахьмада яздинчу кехатех. Оцу чалха юккъехь лаьттачу стоьла тIехь зорбатуху машинка яра, цу чохь дIахIоттийна дечиг-пондар а бара, цхьана хьостамах хьалакхозуш чен цIока а, сонехь шира кхийра пхьегIаш а, книгаш хьалха, тIегIанаш тIехь тайп-тайпана хорманаш йолу тIулгаш а...

Оцу хIора хIуманах лаьцна дийца шатайпа дийцар дара Ахьмадан. Иза шатайпанчу, шен ойлано васташца кхоьллинчу дуьненахь вехара. Оцу дуьненахь мел жима, могIарера хIума а шен шатайпа маьIна долуш яра.

Со чIогIа веза хьаша вина тIеийцира Ахьмада. Стоьла тIера кехаташ, машинка дIа а яькхина, шун хIотто волавелира иза. Схьабеана стоьла тIе хIоттийра цу чуьрчу дуккхаъчу тIулгех цхьаъ.

– ХIара вайн генарчу дайн шира кад бу, – элира Ахьмада. – Ши эзар шо ду хIара болу. Ялта кху кеда чохь хилча бакъахьа ду, – куьйга кагдина бепиг диллира цо цу тIулга чу. – ХIара дума бацойн махкара беана, пхи шо долуш шира дума бу, – цхьанхьара хьалакхозучуьра схьабеана дума а хадийра цо. – ХIара сан дай баьхначу Доьрара деана, хьехан заз тIерий, ламанан бецаш тIерий эцна цIена моз ду, – моз а стоьла тIе хIоттийра цо.

Шун хIоттийна ваьлча, Ахьмада, хьала а гIаьттина, шен хьажар корал арахьа геннахь анайистехь гучу лаьмнашка а доьгIна, элира:

– Ас хIара шуьнан дош олу, мацах цкъа дечиган нахарца дуьххьара хIокху мехкан хьена латта а аьхна, дезчу ялтин хIу дийначу ахархочун сийнна; ас хIара шуьнан дош олу, хьуьнхахь ирахь якъаелла къахьаштун дечиг а хадийна, иза нисйина, шарйина, тайина, цу тIе кхо мерз а оьзна, дечиг-пондар а бина, цу тIехь дуьххьара къонахаллех, тешамах, собарх илли аьллачу илланчин сийнна; ас хIара шуьнан дош олу вайн мохк лолле лаца, цуьнан сийлахь кхерчаш,

оьзда мехкарий сийсазбан баьхкина мостагIий эшийна, хьаьшна, дIабаьхначу нохчийн тIемалойн сийнна!

Іуьйрана вахана сарралц Іийра со Ахьмад волчохь. Цул тІаьхьа кест-кеста нохчийн къоначу яздархошца: Бексултанов Мусаца, Бисултанов Аптица, Атсаламов Идрисца, кхечаьрца – цхьаьна воьдура со цига. Йовхачу хенахь тхо Олхазар-кІотар йистехь гуллора. Цигахь бІаьвнан хьесапехь, ши гІат а долуш, тІулгех цІа дан долийнера Ахьмада. Цуьнан тхов нийса хила безаш бара, оцу тхов тІехь йовхачу, екхначу буьйсанашкахь яздархой вовшахбетталуш меттиг хир яра...

Гуттар а Ахьмада дезаш тІеоьцура тхо. Гуттар а оха массара а цхьаьна шун хІоттадора бай тІехь беттасин а, латийначу цІеран а серлонехь. Гуттар а Ахьмада шуьнан дош а олура, тІаккха пондарх байн пІелг тосуш, цо «Ненан бІаьрхиш» боху халкъан дийцар дуьйцура, я шен стихотворенех цхьаъ ягарйора.

Цуьнга ладоьгІуш ас ойла йора цунах, хІара латта шен са санна дезаш, цигонан йоІа дуьйцучух Іехаваллал дуьне хазахеташ; дарц долчу буьйсанна, ламанийн яртийн бахархойн неІарш етташ («ХІей нах!» – олий, ас мохь туху...»), царна вайнехан сийлахь гІиллакхаш карладохуш; тІаккха хьаша а вина, баьрче а ваьккхина, ша охьа а хаийна Іаш, хІусаман ден-ненан догдикаллин йовхо («Цу кхерчачу цІарочул а, хьаша вохвеш, йовхо луш, ю вайнехан комаьршалла, ду вайнехан оьзда дош...») хааелча, дог вокхаверах дузуш; юха аьхка, лам чухула нохчийн ширчу шахьарийн хьакхлагІаш йолчу а хІуттуш, волавелла а лелла; лаьмнех къаста ца лууш, церан басех кает-

таш, зIаьнарш-мIараш туьйсуш, чубуза боьду малх а тергалбина, тIаккха, маьркIаже буьйсане йирзича, бердах йоллучу цхьана хьеха чу а вахана, якъаеллачу баца тIехь набарна тевжича, амма и наб ца кхеташ, юххехула охьадоьдучу Органан гIовгIане ладоьгIуш, цуьнан хил а сиха йоьдучу заманан а, шен цхьалхаллин а ойла еш, вехха Iуьллуш; тIаккха наб кхетча, са ма-тесси декначу цхьана олхазаро сама а ваькхина, хьеха чуьра воьссина, Органан дарбанечу хих къурд бина, мачаш кара а лаьцна, Даймехкан лаьттан, тIулгийн буьйсанан шело а, дийнан йовхо а шен когашна хаайолуьйтуш, некъаш динчу стагах ойланаш йора ас.

Дахарх а йора ас ойланаш, гуттар а къастам бан дезачу дахарх: цхьа гIуллакх къастийча вуьйш Iадда дита деза. Ахьмада Даймехкан некъаш а, къоман юкъара гIуллакхаш а къастийра, шенаш тIаьхьа а тоттуш. Цундела ма-лаъара доьзал а ца нисбелла цуьнан, я чохь Iен цIеношш а. Амма цо доьттина кхечу тайпана цIеношш – шен поэзин цIеношш. Уьш дуккхаъчу а нахана оьшуш ду.

Цу цIенойн тхов бац, йочана хилча кIел хIотта. Амма царна чохь хIоранна а карор бу шен сина хьаам а, оьзданга лла а. Делахь а наха цхьацца дийца-м дуьйцура... Царна ца хаьара Ахьмада шен дай баьхначу ширчу юьртара, Доьрара, беана мокхазан тIулг ша гуттар а болх бечу стоьла кIел стенна биллина, тхъа кхо: «Иштта дикахо язло соьга», – аьлча, царна иза беламе хетара. Царна иштта хетара, Ахьмада, шара чохь шозза-кхузза Органца хьала а воьдий, лекхачу лаьмнех цхьанна буьххье а волий, гонаха дIаса

бІаьрг а бетташ: «ХІей, Нашхойн лам, лаьтташ буй хьо? ХІей, Зумсойн лам, хьо а болуш буй? ХІей, Шаройн лам...», – бохуш, лаьмнаш дагардар а. Нахана хала дара цунах кхета, ткъа кхо: «Лаьмнаш а дІадаха тарлуш ма ду, нагахь царна юххехь Іаш долу адамаш ледара довлахь, осалдовлахь», – аьлча, уьш кхин а чІогІа цецбуьйлура. ТІаккха вовшашлахь цхьацца хабарш дуьйцура. Цу хьокъехь-м Ахьмада ша а яздина:

Лекхачу ножана хьоькху мох ца эшна,
Ма ца эшна къонахчунна ала дош.

...Сатаса герга кхаччалц Іай, тхо дІадоьлхура Ахьмад волчуьра. Оцу хенахь беттаса Іаьржачу аьрцнаш тІе лахделла а, хаддаза декаш чІоб а, баца тІе диллина тхи а хуьлура.

– Ахьмад, оха белхи а бина чекхдохур ду хІара хьан цІеношш, – олура оха хІоразза а. ХІоразза а Ахьмада жоп а лора:

– Уггар а коьрта болх шу схьадаккар бу-кх. Шаьш догІуш, шайн накъостий а балабе. Вовшийн юкъ а ма йохае. Вовшашна белш а гІортаяй, дІагІуо. Цхьана тІулгах бІов ца йоттаелла...

Іинан йисте кхаччалц тхо новкъадохура Ахьмада. Іинчу а диссина (цу чухула ша-шеца шабарш деш хьаьдда догІура хи), дехьа басах хьала а девлла тхо духахьаьвсича а, иза Іина йистехь лаьтташ хуьлура. Беттасин серлонехь цуьнан кІайн корта гІели диллича санна хетара.

...Дикка шераш девлира хІетахь дуьйна. Дукха а хІуманаш хийца а делира вайн дахарехь. Дош

а эвхьазделира, герз а эвхьазделира. Юкъаметтигаш а юьйхира, барт а ийгIира. ТIом а белира. Ахьмадна сел хьоме хеттачу, нохчийн шира кхерчаш лаьттинчу меттигашна, экамчу шовданашна, цанашна тIе бомбанаш етта а йолийра. ТIе герзаш детташ, къиза хьовзийра дерриг нохчийн къам а. И йилбазийн карзахалла чIагIъеллачу хенахь, 1995 шеран аьхкенан юккъехь шена сел дезачу, ша сел доггах хестийнчу Даймехкан лаьттан кийра вахара Ахьмад.

Сагатдан ламанан некъаш а, яздаза керла иллеш а дисира. Юкъахйисира марзонаш а. Ахьмада дан долийна цIеношш а дисира тхов тиллаза...

Тахана суна а, со санна цуьнга ладегIа ирс хиллачу сан накъосташна а диснарг: и дагалецар а, цуьнан башха байташ юх-юха ешар а, иза дика стаг, вайн мехкан оьзда къонах вара аьлла тоьшалла дар а.

* * *

Сулейманов Ахьмадан поэзех лаьцна къамел деш уггар хьалха цхьа ши хIума билгалдийр дара ас. Ахьмадан дерриг дахар а дара поэзи. Иза йозанашкахь – цхьаъ, дахарехь – кхин вацара. Цуьнан вистхилар, ког баккхар, ишколехь болх бар, хьаша тIеэцар, ша хьошалгIа вахар... – дерриг а шатайпанчу синъайаман хьолехь дара. Цуьнан Iилманан белхаш а бара поэзин Iаткъам болуш. Нах вовшахкхеттачохь Ахьмада барта йийцинчу поэзин бIолгIа дакъа а дац цо шен сборникашкахь арахецнарг.

Сулейманов Ахьмад тобанца, тулгIенца веъна вацара вайн литературе. Иза нохчийн поэзин ши тулгIе: хьалхарниг 30-чу шерашкахь кхоллаелларг

(М. Мамакаев, М. Гадаев, І. Мамакаев...), шолгІаниг 70 шерашкахь кхоллаелларг (Ш. Арсанукаев, М. Кибиев, М. Дикаев, Ш. Окуев, С. Гацаев...) – вовшашца юзуш, цу шинна юккъехь вара. Сулеймановн кхолларалла дийнна цхьа мур бара вайн поэзехь. Оцу шина а тулгІенийн башхаллаш хаалора цуьнан стихашкахь а, поэмашкахь а: хьалхарчийн – маьІнийн агІо кІорга а, халкъан поэзица зІе а хилар; шолгІачийн – синхаамийн шовкъ а, вастийн тайп-тайпаналла а.

Ахьмадан стихийн масех коьрта тема билгалъяккха тарло: Даймахке безам, Іаламан исбаьхьалла, къонахчун декхарш, нохчийн оьзда гІиллакхаш, йоІе (зудчуьнга) болу безам.

Наггахь билгалъяьхначарах масех тема цхьаьнайогІуш а нисло цхьана стихотворенехь. Иштта, «Дог дохден цІе» бохучу стихотворенехь Ахьмада Даймехкан Іаламан, Іаьнан, дорцан, буьйсанан исбаьхьа сурт хІоттадо:

Буьрса буьйса, Іаьржа буьйса,
Дарцо лайн хІур хьийзабо.
Дино лергаш дуьхьалтуьйсуш,
Халчу новкъа вогІу со.

Цуьнца цхьаьна цо дуьйцу нохчийн оьздачу хІусаман гІиллакхаш:

Цу кхерчарчу цІарочул а,
Хьаша вохвеш, йовхо луш,
Ю вайнехан комаьршалла,
Ду вайнехан оьзда дош.

Ахьмадан стихаш къаьста мукъам шера а, басарш тайп-тайпана а, къегина а хиларца. Цаьргахь го сурт-диллархочун похIма Ахьмадехь хилар а:

Орцан дукъах дато маIаш
Туьйсуш батто сагатдо.
ЦIеста кIудал нохчийн йоIа
Шовдан кIел сецайо.

Хета, баттах схьаIийдалуш,
КIудал юзу шовдано.
Нур-зIаьнаршца безам муьйлу,
ЙоIах хьерчаш, цу батто.

Безамах йолчу Ахьмадан стихашкахь гучудолу и синхаам цо, ийзавалар доцуш, ма-барра шен чолхаллица, марзонца, къахьонца буьйцуш хилар. Цуьнца цхьаьна цо дохадо нохчийн фольклорехь долу цхьацца бехкаме гураш. Оцу гурашкара аравийлар а оьзда а, товш а хуьлу Ахьмадан, цуьнца цхьаьна цо схьадоьллу нохчийн безаман лирика кхиаран тайп-тайпана а, керла а некъаш.

Нохчийн поэзин анайисташ шоръеш, керланиг юкъадалош, ша хаддаза къахьегнехь а, Ахьмада ца хадайора халкъан поэзица, хьекъалца йолу зIе. Иза къеггина го «Ламанан хьостанаш», «Лекхачу ножана хьоькху мох ца эшна…», «Къеначу илланчин мукъам» бохучу стихашкахь а, «Дахаран генаш» цIе йолчу поэмехь а. Цу произведенешкахь нохчийн кицанийн кепех пайда а оьцуш, стихийн барамехь цо дIаяздо шена дахарехь гинчун, зеделлачун жамIаш-маьIнаш. Амма

уьш беккъа цIена хьекъалан шийла стоьмаш бац, цаьрца Ахьмадан синкарзахалла а, шовкъ а хаало:

Кхерчахь алу саго гIерташ,
Суйнаш дехи сайн дагах.
Чартех, бIаьвнех бехи барташ,
ЦIий дIадетташ сайн багах.

Дайх бисна кхерч бохбан гIерташ,
Сан дог дилхи бIаьрхин цIийх.
Куьйгаш доххалц хьисти тархаш,
Сайн хьацарций, бIаьрхиций.

Ахьмада беркате къахьегна нохчийн литературехь поэмин жанр кхиош. Цуьнан дуьххьарлера поэма «Безаммий, шаьлтий» араелира 1967 шарахь. Чолхе йоцу сюжет ю оцу поэмин: Органал дехьарчу юьртара Элиса езаш ву Органал сехьара Салман. ЦIеххьана халчу цамгаро лоцу Элиса. Салман цунна гIо дан болчу лаамца воьду… буьйсанна, тебий, Элиса йолчу. ХIара гучуваларо цамгарна гIоли йо йоIана. Эццахь самаваьллачу йоьIан дена тосало Салман. Цо деънарг доккха иэхь лоручу нохчийн Iадато йийсаре вина иза шаьлтанца и юьхьIаьржо дIанисъян гIотту. Амма Салман гича гIоли хилла Элиса а, цу шиннан ирс а гича, дастало цуьнан дог:

Собаран, сихаллин лестира терза,
Цхьабосса герканаш нисъелча санна.
Сий дайна доьрзучул сий хилла дерзар,
Мел доккха вуо хиларх, лиира цунна.

ТІера дІаайина Іадатан мархаш,
ТІера дІатеснера гІиллакхийн пардо.
Ма-дарра дерззина схьагора дахар,
Эзар бос богучу жовхІаран суьртехь.

Воккхачу стеган карара южу шаьлта, безам, дахар тулу ширделлачу гІиллакхал.

И поэма, сюжет керла яцахь а, меттан говзаллица а, стих шера хиларца а билгал ю. Хила тарлург романтикин кепехь дийцар а го вайна цу поэмин хотІехь. Оцу агІор цунна герга ю «Цхьа-ши дош» книги юкъаяхана «Беттан тІулг» поэма а. Оцу поэмехь автора поэзин гІирсашца юхаюьйцу халкъан шира легенда.

«Безаман шовда» поэма шен сюжетца дуьххьарлерчу поэмина герга ю. Изза киртиг ю тІехІоьттина: цомгаш хиллачу йоІана Марияна дарбане шовда дан новкъаволу и шен сил дукха езаш волу Муса. Амма хІокху поэмехь дуьххьалдІа сюжет юьйций ца Іа иза. Цу тІе и коьрта а ца хета поэмехь. Коьртачу сюжетал сов, автора юкъадаладо нохчийн къомах, нохчийн къонахех долу дешнаш. Уьш Іаламат чІогІа оьшуш дара цІерачу дахаро а, цІа дирзича Іедало лелочу харцоно а ойла гІелйинчу нохчашна:

Ламанхой! Ас дош ло-кх:
дахчийна болат
Сатто а, хадо а атта ду царал!
Амалца, гІиллакхца карор дац гІалат,
Уггар а сийлахь дерг –
шайн сий ду церан!

Ша вехачу заманан хиламех философски маьIна даккха гIерташ язйина ю Ахьмадан «Ламанан сурташ», «ЦIен книга я Iесаллех поэма» цIераш йолу лирико-эпически произведенеш.

Царах хьалхарчун кхин цIе а ю – «Некъан репортаж». Бакъ а долуш, Соьлжа-ГIалара шен генара дай баьхначу Доьра воьдучунна гун сурташ ду поэта дуьйцурш, царах ша-тайпа маьIнаш деш. Амма и поэма язйинчу хене хьаьжжина (1981 шо, советан Iедалан идеологин бехкамаш чIагIбелла хан), автор шен ойланашца кхоччуш маьрша цахилар а го. Цуьнга хьаьжна доцуш, шен заманан коьрта проблемаш: Iалам лардан дезар, нехан галдаьлла гIиллакх-оьздангалла, къинхетаман къелла – гайта ницкъ кхочу Ахьмадан.

«ЦIен книга я Iесаллех поэма» цIе йолчу произведенехь го поэтан боккъал а маьрша аз. Цо мохь бетташ а, кIорга а дуьйцу адам Iесадаларх, Дала шена тIедехкина декхарш царна дицдаларх лаьцна. Чулацамца хилла ца Iаш, и поэма шен куц-кепаца а ю маьрша. Ахьмада шен кхолларалле хь дуьххьара пайдаоьцу «верлибр» олучу стихкхолларан барамах. Цо таро ло цунна маьIнийн, ойланийн, синхаамийн, иштта мукъамийн а тайп-тайпаналла гайта, шен синкарзахалла ма-ярра йовзийта.

И поэма зорбанехь араелира 1988 шарахь Ахьмадан «Цхьа-ши дош» цIе йолчу поэзин гуларехь. Цул сов, кхин ши поэма а яра цу юкъахь.

Царах цхьаъ, «Беттан тIулг» цIе ерг, нохчийн халкъан ширчу дийцаран буха тIехь кхоьллина ю. Ненан

шен кIанте болчу боккхачу безамах йолу и билгал ю меттан хазаллица, мукъам шера хиларца.

Цу гулар юкъаяхана «Дахаран генаш» язйина хьалха а шен цхьайолчу стихашкахь («Ламанан хьостанаш», кхиерш) ша пайдаэцначу кепехь – халкъан кицанийн кепехь. ХIор байт, шен чекхдаьлла маьIна а долуш, беа могIанехь йолчу байтех лаьтта и поэма, Ахьмадан кхолларалли дерриг дахаран – гинчун, лелийначийн, лайначийн – жамI а, маьIна а дара, тIаьхьарчу тIаьхьене ден весет лара а йогIу:

ЦIийца цхьаьна бIаьрхиш ийна,
Весет ду сан, кхана лахь:
ЦIий хуьйдинчу вайн лаьмнашкахь
ЦIий ма Iанадайталахь!..

* * *

Сулейманов Ахьмадан дахар шен махкана, халкъана хьанал къахьегаран масал дара. Иза вайн къоман кIант а, оьздангаллин хехо а вара. Шен, шен доьзалан гIуллакхаш тIаьхьа а теттина, цо хьалхадехира вайн мехкан, халкъан юкъара гIуллакхаш. Уьш кхочушдарехь цо даим къонахалла а, хьекъал а гойтура. Шераш дIаэхарх, заманна къера ца хуьлуш, къоначу шовкъаца дахаран керл-керлачу анайисташка кхочуш, керл-керла кхолларалли лакхенаш йохуш схьаеара иза. Амма заманца болу къийсам стаг тулуш ца боьрзу. И ца делла вайна…

Дала Шен дуьхьа лоьрийла Ахьмада хьегна къа.

Ахмадов Муса,

яздархо.

ДОГ ДОХДЕН ЦІЕ

(байташ)

БЕРД

Яйра суна тулгІеш етташ хІордо –
Карзахбуьйлуш, бердах летайо.
Цкъа а бац и цуьнца къийса кІордош.
ХІетте а берд даим лаьтташ го.

Нацкъарбуьйлуш, шен ницкъ алсамбохуш,
Цуо чухоьхку тулгІийн буьрса бІо.
Бердах кхетий, тулгІеш, ницкъ а бухий,
Йоьлху генна хІордан ара дІа…

Сийлахь Даймохк! Иштта латта хьайна!
Бердал чІогІа, тулгІеш еттарх хьайх!
Хийла доккха буьрса дарц ахь лайна.
ЧІоггІа латта, машар ларбеш вайн!

ДАЙМАХКАХ ИЛЛИ

(Гамзатов Расулах тардеш)

Массо а суьйрана тхан беша долий,
Хьозано юх-юха лоькху цхьа йиш…
Карара сайн къолам охьа а буьллий,
ЛадугIу ас, хIуттуш бIаьргаш чу хиш.

Цкъа а цу эшаран дош а ца кхета,
Мел чIогIа, ойлаеш, ладегIарх ас.
Амма цхьа шатайпа гергара хета
Сан дагна, ца кIордош, цу иллин аз.

«Алахьа, хIай хьоза, юх-юха боху,
Хьан хьоме и илли хIун илли ду?
Хьан даим и лекха дог хIунда догIу?
Суна а и хIунда ца кIордадо?»

Хьозано, ладоьгIна, элира соьга:
– Сийлахьчу Даймахках и илли ду.
Даймехкан иллига шен безам боцург
Ша винчу махкаца зIе йоцуш ву.

МАШАРАН КХОКХА

(Илли)

Іуьйрана а и бекаш бу:
«Кху-кху! кху-кху!»
Суьйрана а и бекаш бу:
«Кху-кху! кху-кху!»
ГІоттий, и сан коре богІу,
Шена кор дІаделла боху,
Шена кор дІаделла боху:
«Кху-кху! кху-кху!»

– Чубола, сан хьоме кхокха:
«Кху-кху! кху-кху!»
Дийца соьга, стенна кхойкху:
«Кху-кху! кху-кху!»
ЧубогІу и тІема болий,
Охьахуу сан белш тІе болий,
Охьахуу сан белш тІе болий:
«Кху-кху! кху-кху!»

– Ялташ лаьтта кан базбелла:
«Кху-кху! кху-кху!»
Заздаькхина бошмаш евлла:
«Кху-кху! кху-кху!»
Вайн бераш ду ловзуш, доьлуш,
Шайн ирсо сов даккхийдедеш,
Шайн ирсо сов даккхийдедеш:
«Кху-кху! кху-кху!»

ГІоттий, кхокха араболу:
«Кху-кху! кху-кху!»
– Марша Іойла! – соьга олу, –
Кху-кху! кху-кху!
– Марша гІойла,
Машаран кхокха!
Марша лела,
Машар кхайкхош!
Марша лела,
Машар кхайкхош!
«Кху-кху! кху-кху!»

– Герзаш ахь дІадаха ала:
«Кху-кху! кху-кху!»
Хьаштийн гІирсаш сов бе ала!
«Кху-кху! кху-кху!»
Ала, стигал екхна йита!
Ала, маьрша вай дахийта!
Ала, маьрша вай дахийта!
«Кху-кху! кху-кху!»

– Марша гІойла,
Машаран кхокха!
Марша лела,
Машар кхайкхош!
Марша лела,
Машар кхайкхош!
«Кху-кху! кху-кху!»

ШОВДА

Ламанан некхах схьадеттара шовда,
Хьоьгучу адаме шех бойтуш къурд…
Эххар чухаьрцира, и юккъе Іовдуш,
Го бина и лакъош, мокхазан берд…

Хетара: шовданехь хир а дац гІора
Харцабан, иэшабан цу бердан ницкъ.
Бердан юкъ хадийна, ца хІуттуш гора,
Баькхира шовдано тулгІешна некъ.

Олхазарш, дийнаташ, ца туьгуш Іаба,
Муьйлуш го юха а шовданан хи.
Шийлачу шовданах юзуьйтуш кхаба
Ламанан йоІ а го… Лекъар дац кхин!

КІАНТ ВИНЧУ ТОЙНЕХЬ

(Жимчу кІанте, Сулаев Муслиме)

Иштта ю-кх вайн зама: шен ненан кийрахь
Бер Іуьллу, бовзаза дахаран чемаш.
ТІаккха а лоьру и кханенан чоьтехь,
Яккхийчу планашкахь. Бац иза тамаш!

Цундела со а воллу тховса винчуьнга
Даггара къамел дан цхьа ткъех шо хьалха!
Со теша: хІар къамел кхочур ду цуьнга.
Гуш долчо сан мотт а лоьйтур бац шалха.

Муслим, хьо готтачу аганахь Іуьллу,
Аганал арахь дуьне кхин дац а моьттуш.
Дуьне-м ткъа дуьненал арахь а хилла:
Кхачалур доцуш ша некъ барх ма-хетта.

Къайленаш юьйцучех ахь со ма лара:
Тахнено хьан сирла хиндерг схьадуьйцу.
Сов сирла хьан дахар гуш ду ма-дарра.
Цуьнга дІакхача некъ бисна хьан боца.

Массо а хІуман тІехь сайл сов а хеташ,
Къамелдо, мотт лен а валазчу хьоьга…
Хир ву хьо сол ирсе, хир ву сол кхеташ.
Сан дай сох хьегна бах, со хьох а хьоьгу!

Заманах чекхъхьаьжча, кхиъна а ваьлла,
Космосе хьо воьдуш сурт хІуьтту суна.

Тахна сан ойлано лоцуш дерг халла
Шун хенахь бендоцург хир ду-кх и хьуна!

Шовзткъе диъ шара чохь тесира юьстах
Эзарнаш шерашкахь мел хьегна бала.
Ткъа шо! И хIумма а яц, яханчух юстахь!
Цу хенахь хIуттур ю коммунан гIала!

Айдича ткъа шеран заманан пардо,
Шатайпа дахар ду хьалха схьахIуьттуш.
Мел даккхий зовкхаш а хиндолчо къардо.
Вай цуьнца дуьстича, кIур хуьлий, хIуьтту!

Туьйранийн турпалш хилла бац цкъа а.
Бакъ турпал дуьнен чохь къинхьегам хилла.
Къинхьегам ца хиллехь, хир варий цхьа а?
Дуьнен чохь хIумма а дац цуьнан меха дилла!

Кавказан ламанийн тоьур яц гIайракх
Вайн турпал халкъана памятник хIотто!
Поэта ма-аллара, машаран байракх
Чекхъер ю дуьнен чохь коммуна хIоттош!

Цундела лаьар-кха шун зама ганза
Даьхначу халкъашна, ирс кхуллуш лаьттахь,
Дерриг а шайн хенахь гулделла бронза,
Муслим, аш дIалойла, памятник йотта!

Муслим, хьан дахарх тхо цхьа а ца кхоьру,
«Зов» гIиттош, кедаш ду вовшашка кхийдош.

Хиндолчу дахарна, Муслимна т1ера
Айдина оха тхайн чаг1аран кедаш!

Хьо х1инца д1акхаьчна, шеко а йоцуш,
Эзарнаш шерашкахь хьегначу г1опа…
Хаац сайн некъ мел бу. Хилахь и боца,
Ас х1инццехь декъалйо шун ирсе тоба!

БОРЗ Ю УГIУШ...

Мамакаев Мохьмадна

Борз ю угIуш дера, дера.
Дарцо тIаьхьара лоькху йиш.
ДIай-схьай лестош, дитташ тIера
Цо каетташ доху гIаш.

Стигал ятIош ели гIовгIа:
Туьйхи буьрса сирла ткъес.
Инзарбаьлла саьрмик богIу
Моьтту, лестош алун кхес.

Дарцо даржий мархийн верта.
Бутт а къайлабаькхи цо.
Лаьттан букъ дIашарбан гIерта,
Багош, бохош берриг гуо.

Къона синтарш махна хьалха,
Шарлуш лаьттахь, дийши дIа.
Ткъа турпал наж бодац шалха,
Буьрса дарц цо доьху схьа.

Стигал лестарх и ца кхоьру:
Лаьттах чIогIа ийна бу.
Кхин цхьа а ницкъ цо ца лоьру,
Дахаран ницкъ боккха бу!

Алсамъюьйлуш оьгIазалла,
Дарцо хьоькху шийла мотт.

Стелахаьштиг дIогахь, хьуьлла
Кхерста, етташ цIеран йорт.

Турпал наж ткъа ирахь гора,
Шена гонах хьийзаш дарц,
ХIотто дагахь шена гуора.
Амма иза-м хир ду харц!

Синтарш лардеш, стелахаьштиг
Уьйзура цо шена тIе…
Метта кхетта, отуш бIаьштиг,
Ножах латий сийна цIе.

Даьгна, кхарзаделла лаьтта,
Стигла кхевдда цхьалхха га.
Къона синтарш-м дисна лаьттахь,
Кийчча хеца маргIал гIа.

Комаьршонца Iалам хьостуш,
Малхо зIаьнарш хийци схьа.
Турпал ножан хьуьнар хестош,
ГIийла екаш отйокх Iа.

Гонахчарна маршо яккха
Хьуьнар долчо хало лов.
Дахар иштта дебац тIаккха?
Хиллий толам, йоцуш чов?

ДОГ ДОХДЕН ЦІЕ

Буьрса буьйса! Іаьржа буьйса!
Дарцо левси кхийсайо…
Дино лергаш дуьхьалтуьйсу.
Халчу новкъа вогІу со…

Сан бора дин ма кІайбелла,
Дарцо лайн хІур биллина…
Ломахь тхойша некъах тилла,
ХІусмах дог ас диллина…

Цецах санна, гІиттош верта,
Сох чекхбуьйлу шийла мох.
Тхойшиннех шех пхьор дан гІерташ,
Барзо бІаьргаш къегабо…

Сан дин, сой – шиъ дарцо гІорош,
Шело даге кхийдайо…
Хьеше кхойкхуш, цхьаннан-м корехь
Серло гІийлла еттало…

Барзах, къуьнах хьаша къасто
Іамийна вайнехан пхьу,
Генна дуьхьалдогІий, хьоьстуш,
Тхойшинна некъ хьоьхуш ду…

«ХІей нах!» – олий, ас мохь туху.
Серлаболу корехь чиркх…
Вевзаш вацарх ломахь наха
Даим оьцу хьаша чу…

«Беркат шорта хуьлда хьоьца!
Воссал динара, хьаша, хьо!» –
Олуш, ондда луьйта лоций,
ХIусамдас со воссаво.

«Дела ва хьо могуш-марша!
Ма гIелвелла хир ву хьо?!
Кху тхан тишчу хIусмах вашахь,
Даккхахь тхоьца дийнна шо!» –

Олий, йоьлуш дуьхьалйогIу
Нохчийн сийлахь цIенана.
Шарахь цаьрца Iан догдогIу,
Ваха веззашехь сан кхана!

Божлахь сан дин паргIатбаьлла,
ХIинцца паргIатвер ву со,
Кхача кечбеш, марсаяьлла,
Пешахь кхерсташ хир ю цIе…

Цу пешарчу цIарочул а,
Хьаша вохвеш, йовхо луш,
Ю вайнехан комаьршалла!
Ду вайнехан оьзда дош!

ШОВДА ШЕХ СХЬАИЙЧА

Эмалк санна, терсаш, карзахдуьйлуш,
Буьрса Орга бердех леташ го.
Къа ца хеташ, бердаша и къуьйлуш,
Готте хьийзош, даим кхехкадо…

Олхазарш, акхарой а генадуьйлу –
Органо уьш, чехош, къехкадо.
Генна лахахь кхехкаш, лаьттах дуьйлуш,
Сирла шовда цунах деттало…

Буьрса Орга, шовда шех схьаийча,
Серладолий, кура долало.
Берех тарлой, чохь седарчий луьйчу.
Хи дан йогIуш нохчийн йоI а го.

Акха сай бу Орга мала тебаш,
Сирла шовда ийна долу шех.
Беттаса ду мархаш юккъехь хебаш,
Цкъа къурд балла Орга дезаш тIех!

БАТТЕ

Батто, стиглахь гІийла текхаш,
Оьхьу суна дато лан.
Седарчаша дохку некъаш –
Самах дуьхьалтуьйсу гІан….

Лаац суна дІабузийла,
Лаьа даим стиглахь ган!
Нур Іенийла лаьтта гІийла,
Цкъа а кхача ца луш хьан!

ХІун дара-техь цу седарчех
Даьхна дато хьостамаш,
Стиглан тхевнах дІалатийча,
Хилийта хьо даим гуш?

ХІан-хІа! Таро яц хьо къовла!
Дуьне мел ду дІагІо хьо!
Езнарг хир ю хьоьца къайле
Екъа лууш, лууш ган!

КАЛЕНДАРАН ТІАЬХХЬАРА ЛИСТ

Гуттар а санна, керлачу шарца
Аса даггара хьо декъалайо!
Хеназа къеналло кийра ца морцуш,
БІе шовзткъе итт шарахь ехийла хьо!

Хьан зама лечкъаеш, дІакирчи денош…
Кхин юха ца дерза чекхдели шо.
Азъели календарь, листаш а Іеношл.
ТІаьххьара дисина цхьа лист а го…

ГІелвелла лаьтта со цу листе хьоьжуш,
Дог Іийжа…Кхоьру со и даккха схьа,
Бертаза я бертахь хьо даг чохь лелош,
Яькхина мерза хан яларна дІа.

Кхоьру со, кхоьру со яларна бІаьсте:
Зезагаш гІовттур ду къарз а беш бай…
Хьох тера, бос богу зезагаш къестош,
Карор вац царна со – илланча шайн!

Нагахь со ларамза шаьшна тІекхачахь,
Эхь хеташ, бай тІе охьтеІар ду уьш.
Шаьшка ас хьо йийцахь, шайн тхишлахь луьйчуш,
Къахеташ, эгор ду шайн бІаьргийн хиш…

БІаьста-м ша бешар бу шовданаш тІера…
БІе шарахь бешар бац – даг тІера сан!
Сайн ирсан беттаса дІадуьзна лоьруш,
Йоккхур ю ас гІийла йисина хан.

Бертаза хьо даг чохь кхаба дац атта,
Хийрачу хьоь хьежа ницкъ а бац сан…
Маржа-яI! Велар-кх со тIулг хилла лаьтташ,
Шуьйрачу новкъахь, хьо наггахьа ган!

Нагахь хьо гIелъелла, шена тIетовжахь,
Хьан ненал эсала хир бара и…
Хьагъелла, йохъелла ницкъ боцуш дегIехь,
Ахь дехча лур дара IиндагIа, хи!..

ГIелвелла лаьтта со цу листе хьоьжуш…
Дог Iийжа. Кхоьру со и даккха схьа,
Бертаза я бертахь хьо даг чохь лелош
Яьккхина мерза хан ели те дIа?

ЛАМЧОХЬ САТОСУШ

Ша схьакхеташ, генна хьалха
ЗІаьнарш лома кховдайой,
Баххьаш серладоху малхо,
Сан Кавказе маршал лой.

Кхерарх, Іилла ца кІордийна,
Варшахь хилла бижна сай,
Сагатделла шен кІорнина,
Малхал хьалха меттахъхьай.

ГІийла-гІийла угІучу барзо
Іаннаш, даккъаш декадо.
Берзан угІар тІаьхьара дерзош,
Органо а узарш до…

Ткъа, нана-сай буьйлу карзах,
Дехьа-сехьа кхийсалуш.
КІорни, кхераелла барзах,
Лаьттах ийна, яц и гуш.

Амма церан маса когаш
КІелхьарбевли кхерамах.
Уггар хьалха, дуьне хьегош,
Уьш совцучу кхечи малх.

БІаьргаш хьебош ду седарчий.
Цхьадерш малхах къехкаш ду.
Ломан басах дІачукерчий,
Бутт а бузу хеннахь чу.

НЕНЕ

Куьг ца кхочче ваьлча гена,
ХIинцаъ хьоьга ца лало.
Йоллушехь хьуо гIийла, къена,
Охьакхетарх со ларво.

Наб ма-кхийтти суна наггахь
ДуьхьалдогIу хьан амат, -
Вижо гIерташ, хьоьстуш доггах,
Дуьйцуш туьйра-Iаламат.

Набарх дека суна илли,
Нана, хийла баьхна ахь.
Сан даг чохь и даим хиллий
Хьуна хIинцаъ хаац-техь?

Жимчохь сайна ахьа санна,
Ас декор и кхечарна.
Баркалла ду хьуна, нана,
И рагI соьга кхачарна…

1950-гIа шераш

МАЬЛХА-АЬЗНИ

(Легенда)

Малх бу, боху, йоІах хилла,
Ткъа, Бутт – кІантах хилла бу.
Туьйра ду и я ду хилла –
Цунах кхиъна вай хІун до?

«Маьлха-Аьзни» олуш хилла
Малх хиллачу йоьІан цІе.
Вайна кІентан цІе йицъелла,
Хено марха оьзна тІе.

– Малх гІаттале! – олий, боьду
Стиглара Бутт лаьтта кІел.
Хеннахь гІоттий, Малх а кхета
Батте хьажа, ца луш гІел.

Вовшийн лоьхуш, гІеххьа йолу
Маьлхан, Беттан зама дІа.
Ткъа, Бутт, азлой, вочаболу,
ХІоттош гонах шийла Іа.

Оццу хенахь Батто стиглахь
ГІайгІане нур Іенадо.
Собар дайна меттиг хилахь,
Йочана а хІоттайо.

Баттах кхоьруш, и седарчий
Лечкъа дулу мархашлахь.

Малх, Бутт вовшийн ган хьеделча,
Хьоьгуш дуьсу паналлехь.

Малхо, шена Бутт ган хьелахь,
ДогIанца ткъов ялхайо.
ОьгIазалла алсамъялахь,
Стелахаьштиг кхерстадо…

Дийнахь къайладала дицлой,
Стиглахь дуьсу Беттаса.
Маьлхан зIаьнарш, маса дошлой,
Йовлий тIаккха гIовттаза?

Кисин марха дуьхьал лоций,
Малхе хьоьжу Беттаса.
Малхо, зIаьнарш шен дIахоьций,
Кхоладо и бертаза!

Де буьйсанах къаьста доза
Ду шатайпа исбаьхьа!
Цо ло хьуна деган гIозе,
ГIайгIа, бала цо дIахьо!

Беттаса ду буьйса кхолуш,
Малхо де а лепадо.
Седарчашна ша́ деш дола,
Батто стиглахь нека до.

Ткъа, Бутт эххар, дог а теший,
Малх лацалург ца хиларх,
Седарчий, шен оьзда хьеший,
Оьций, булу ламанах…

ВЕСЕТ

Вовшийн хила доьгІна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьуо езнариг дагалаций,
Цкъа сан коше ялалахь.

Сох дисина дуьне делхош,
БІаьрхиш охьа ма хецалахь.
Къа ца хеташ, дог ца лозуш,
Екхалой а хІотталахь.

Безам буьйцуш байташ язъеш,
Чурт кхала ма гІерталахь.
«Хьо чекхвели!» – охкуш яздай,
Цхьа акха тІулг богІалахь.

Цу тІулга тІе хІора сарахь
Цхьа олхазар хуьйшур ду…
Безам хестош цуьнан декарехь
Хьан дог доьлхуш хезар ду.

Вовшийн хила доьгІна доцуш,
Дуьне дисар сох хилахь,
Хьуо езнариг дагалаций,
Цкъа сан коше ялалахь.

БАТТО САГАТДО

Орцан дукъах дато маIаш
Туьйсуш, батто сагатдо…
ЦIеста кIудал нохчийн йоIа
Шовдана кIел сецайо.

Хета баттах схьадухдуьйлуш,
КIудал юзу шовдано,
Нур-зIаьнаршца безам муьйлу,
ЙоIах хьерчаш, цу батто.

КIудал юьзна… Iанаоьху
БIаьрхих терра дато хиш.
Ткъа, йоI гича, дог а лехий,
Нохчийн кIанта лоькху йиш:

– ЙоI, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур луо суна хьайн!

Маржа! ХIинцца доцу кема!
Ткъесах гIатта космосе…
Маршал хоттуш, даржо тIемаш,
Хьол генарчу седане!

Лоцур дар-кха стелахаьштиг
Стиглахь кхарсто сийна цIе…
Стиглан дари цIарца дагош,
Хьан цIе язъя цунна тIе!

ЙоI, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур ло суна хьайн!

* * *

Зезаг даьржа, еъча маьлхан Іуьйре,
Шийла шовда керча ара дІа.
Зезаг дужу, ягІахь шийла гуьйре.
ТІехь ша буьллий, шовда лакъадо.

Ас кхиийна и хьан деган зезаг
Лиънера сайн иллехь Іалашда.
Шовда санна, вайн и цІена безам,
ТІехь ша боцуш, даим сирла ган!

Реза вара со валлалц ваца,
Хьан ирс кхолла, дахар нуьре деш.
Халчу новкъахь хьуна серло леца,
Хьо яхийта, цкъа а къан ца луш!

Хийти хьуна, веъча санна къолах
Дайна дакъа я ирс лачкъо хьайн…
Со-м реза ву, хьайн везначун долахь
Хьо хилийта, хеттехь иштта вайн!

Хьо хуьлийла дІо седанал генахь.
Цкъа а вовшийн вай ма гойла кхин!
Хьанна хаьа? Дуьхьал вагІахь гІенах,
Сан бертаза дуйла хаълахь и!

АЛА ЦУЬНГА!

ХIора сарахь шайн куьзган чохь
Хьайна гучу цхьана йоIе
Даим хилар и сан даг чохь
ДIаалаза хьо ма Iиэ!

Ала цуьнга, и тIех езар
Iаьткъина ду сан дагна.
Сан безамах хилла лазар,
Кхачавели со, ваьгна.

Дуьне дуьзна молханаш ду
Дóлуш эзар дарба шайх.
Царех суна дарба хир ду
Аьлча харц ду, и йоцчух!

Ала цуьнга, сан дагна чов
Йина цо, ерзалур йоцу.
ДегIехь лаьтта безаман ов, –
Бехке цунна и еца?

Вайн махкахь бу говза лоьраш,
Ницкъ болуш чов ерзаян.
И цхьаъ йоцург со-м вац лоьруш,
Сан чов ерзош, дарба дан!

* * *

Буьйса юлу, седа кхета.
Куралличца богу и.
Богу… Амма шийла хета,
Йовхо йоцуш шеца кхин.

Хьайн хазаллех, йовхо йоцчу,
ТIех куралла ш ма е ахь!
Седа, хьайн нур кхолош болчу
Малхах хета жимма эхь!

ЕРРИГ ШЕЛО ДІАЭЦАЛАХЬ!

Хазчу буса сан дог теда,
Стиглахь гІоттий, суна го
Сирла седа. Сирла седа,
Марша, марша лепа хьо!

Сирла седа, хаьий хьуна,
Лаьттахь цхьа кхин седа буй!
Цуьнан бІаьргаш чохь лепа суна
Хьуна тІера боьжна суй.

И бІаьргийн нур, хетарехь, цо
Хьоьгара схьаэцна ду.
Седа, и хьан морса шело
Лаьттарачо елла ю…

Седа, ас ма-бохху делахь,
Лохьа лаьтта жимма нур!
Ерриг шело дІаэцалахь,
Ца хилийта и сов кура!

* * *

Хан йоцчу хенахь а, хьо дуьхьалкхетахь,
Сов чорда хетало-кх буьйсанан бода.
Хьаьвзина белахь а, некъ дуьхьал хета,
Нагахь и хьо йолчу белахь дIабоьдуш.

Цхьа некъ бу вайшиннан, хууш дуй хьуна?
Цкъа вовшийн ца дайча, дийнахь ца Iелуш?
Деха ду, шуьйра ду Даймехкан некъаш,
Сов паргIат машенаш галморзахъюьйлуш.

Амма хьо? Наха дош аларна кхоьруш,
Со вайча, некъ гатлой, юьстахайолу.
Хьо дуьхьалкхеттачохь некъ гатлахьара-кх,
Хьомениг, цкъа доггах хьо маракъовла!

ЕХИЙЛА ГІОЗА!

Сан дуйнех, бІаьрхих а хьо ма ца тийши.
Ницкъ боцуш виси-кх со хьан ойла еша!
Дахарехь вайшиннан ца хили йоза…
Со вицвеш, кхин везна, ехийла гІоза!

Хьайн тойне со вехар ас хьоьга доьху:
Лаьар-кх цкъа тІаьххьара хьоьга бІаьрг тоха.
Декъалдеш хьан дахар, айдер ас илли…
Амма сан воккхавер ма хуьлда-кх хьуна!

* * *

ЦIога дахдой, седа боьду,
Дуьллуш нуьре эвна.
Мох гIаттабой, мархаш лохку –
Стигал йолу девне.

Мерзаш дулий, илли олу
ДогIано, латта тIадош.
Стигал ека, эргIадйолий,
Ека, Iалам Iадош.

Мокха марха, латта Iабош,
Текха малхбасехьа.
ДогIа тийча, стелаIадо
Кхолу Орган дехье…

Хастам хуьлда, Iалам, хьуна –
Пхьар ву говза, хIиллане…
Ахь йочана кхуссу наггахь,
Пусар дайта йоькханин!

САЙ

Орга дIакерчара, саьрмиках терра.
Ойлане баьллачохь сецнера лам.
ДIо стиглахь ижонах хьерчара куьйра,
Буьйдачу дилхах цо бохура чам.

Кхуззара суна го шовданан хи.
Гонаха лаьтташ ю хьаяза хьун.
Эгадеш гIаш тIера Iуьйренан тхи,
Сай бели шовдане, хададеш Iин…

Сайн тоьпан биргIа ас ерзийра тIе,
Кечйира дIаIетто и боьха дIовш…
Сира сай лаьттара, детташ шен тIа,
Ца хууш тебийла шена сан даш.

Сацийна садаIар, ца тухуш бIаьрг,
Iалашо леци ас, тергалдеш хьаж…
Эсала хьоьжу сай, дижийна лерг,
Шовдан чохь лестаеш шен кура таж!

– Иллица бийцина, хIай сира сай!
Лаг тIера пIелг базлахь, долу-кх хьан са!
Балахьа меттаха! Ларде са хьайн.
Хьан дегIах къахеташ сецало со!

Дахаран, Iожаллин терзанан кад
Леста хьан, ца соцуш цхьана меттехь!
Хецалахь ойланийн дуьйлина Iад,
Бужур бу-кх хьо, багахь цIий а детта! –

…Шовданан куьзган чохь ларбеш шен кур,
Лаьтташ бу иллица бийцина сай…
ТІам тухуш, тІехтили леча, деш «шур…ррр»,
Сай баха… Со виси ойланца сайн.

Акхарой, олхазарш нислуш ду бертахь,
Кхерамехь вовшашна цара гІо до…
Іаламехь дерриг ду-кх шен-шен меттехь.
Тешнабехк вон хилар хьанна ца го?

КЪЕЧУ ИЛЛАНЧИН ХЕЛХАР

(Ширачу мукъамех тардеш)

Кхаъ кога жIайн гIанта хоий,
Пондаран лерг хьовзадой,
Сайн гIайгIанийн ойла гулйой,
Ас дIаолу «Яла-лай!»

НеIармачех Iуьргаш девлла,
Уьш эца сан дац цхьа шай!
Дела ва со, миска, велла!
Суна диснарг – «Яла-лай!»

Пондар! Вайша меца, шийла
Хилар хууш деца вай?!
Вайшинна а хьанал хилла
Диснарг ду цхьа «Яла-лай!»

Акха дечгах бина пондар,
Ахь соьцанна бала лайн!
Доггах аз а даржош гонах,
Хьо бекахьа: «Яла-лай!»

Седарчий, бутт лаьтта дуьссу,
Ловзаран чIуг хIоттайой,
Йодий, генайолу буьйса,
Вай дIаалахь: «Яла-лай!»

ЗЕЛИМХАН

ДоттагIчун жимчу кIанте
Муцаев Зелимхане

Арахь мох-дарц даьлча, бухий,
Бовдуш хилла: «Зелимхан!»
Ломахь тоьпан тата хезча,
Хиэбаш хилла: «Зелимхан!»
Станицера йоI ядийча,
Олуш хилла «Зелимхан!»
Бере воцуш дин цIа беъча,
Боьлхуш хилла: «Зелимхан!»…
Эзар мостагI дуьхьалваьлча,
Шек ца ваьлла Зеламха.
Масех шарахь къийсам латтош,
Къар ца велла Зеламха.
Іаьржа буьйса, Іаьржа верта,
Іаьржа гила – Зеламха!
Майра хилла, турпал хилла,
Каде хилла Зеламха…
...Ткъа хьох, жима, ховха Іахар,
ХIунда аьлла: «Зелимхан?»
Хьайн халкъана дукхавахарг,
Кхиэ вала, Зелимхан!
Зеламханна готта хилла
Дуьне хьуна шорта ду.
Зеламханна ца карийнчу
Ирсан да а хьо-хьуо ву.
Даймахкана, хьайн халкъана
Хьанал кхиа, Зелимхан!

Майра, турпал, каде кхиа,
ДоттагIчун кIант, Зелимхан!
Iаьржа буьйса, Iаьржа верта,
Iаьржа гила, Зелимхан,
Цкъа а хьуна хьашт ма хуьлда!
Дог кIайн хилалахь, Зелимхан!

ДОТТАГIАША СОЬГА БОХУ

ДоттагIаша соьга боху:
«Ахь седарчий дагардо,
Волуш санна церан хехо,
Даим чIогIа терго йо.

ХIор седанан хьесап латтош,
Ахь иллешкахь дуьйцу уьш.
Лаамза цхьаъ божахь лаьтта,
Берах воьлху, цкъа ца туьйш!..»

ХIун дер тIаккха? берах тарлой,
Седа божахь, воьлху со,
Охьабоьжначун метта керла
Ас сайн седа латабо…

Стиглара шен седа байнарг,
Хьажал шена сан даг чу:
Стиглахь боцуш, ас латийнарг –
Сан стихашкахь карор бу.

ДоттагIаша боху соьга:
«Ахь беттаса хестадо.
ХIунда ву хьо цунах хьоьгуш?
Алахьа, и хIунда ду?

Беттаса схьакхета хьелахь,
Буьйса юлу хьан даг чу.
БIаьста, гурахь, Iаьнан шелехь,
Хьо баттана ха деш ву!»

ХIун дер тIаккха? Даим батте
Хьуьйсу берриг мехкарий…
Сел доккхачу нана-лаьттахь
Сайга хьоьжург ца карий!

Беттаса схьакхета хьелахь,
Шуна сайн дог латор ду…
Мехкаршна и догийла,
Бутт кхетталца, серло луш!

ДоттагIаша боху соьга:
«Ахь олхазарш хестадо,
Диттийн генаш мерзех лоькхуш,
Ахь олхазарш декадо…»

ХIун дер тIаккха? Зарзар-хьоза,
Бенах тилла, дIалакъахь,
Сан пондаран мерзаш озош,
Иллига ладогIалахь!

Олхазарийн иллийн аьзнаш,
Сайн стихашкахь гулдина,
Шун дегнашна дукхадезнарг
Ас шуна дIадиллина!

ДоттагIаша боху соьга:
«Хьан иллешкахь шовданаш,
Чухчарешкахь лаьтта оьгуш,
ХIорд баржолла шорта ду!

Реза дац тхо, поэт, хьоьца,
Дуьне даггал йоккха цIе

ДІайойур ю, шовда хецахь,
Хьан иллеша цунна тІе!»

ХІун дер тІаккха? Шийла шовда
Лекъна меттиг Іотталахь,
Эвхьаза сан даг чу кховдий,
Хьайн хьогалла яйалахь!

ДоттагІаша соьга олу:
«Хьо даима воьлхуш ву.
Кхача ца ло хьан духдуьйлу
Сирла бІаьрхиш? И хІун ду?»

ХІун дер тІаккха? Лаьттан дегІах
ХІинцаъ яккхий чевнаш ю.
Ас цу чевнийн даьІнаш лайна,
Сайн бІаьрхишца юьлуш ву.

Сан бІаьрхиш дац лаьтта оьгурш:
Латта дендеш оьгу хІу!
Зезагаш ду цІарах догуш:
Уьш сан бІаьрхих кхиъна ду!

ДоттагІаша олу соьга:
«Хьан иллешкахь малх ма бу,
Ца хилча а стиглахь къегаш?
Илланча, и муха ду?..»

ХІун дер тІаккха? Цу мархаша
Наггахь малх а ма хьулбо…
Малх ца хилча, ойла ейша,
Кху дуьненах вай хІун до?

Малх бу даим сан иллешкахь,
И кхоларна кхоьру со.
Тахна сирла и хьоьжжушехь,
Вон гІан-набарш суна го…

Іаьржа талу, дІаьвше алу,
Стигал ягош, кхулу малх…
ХІай адамаш! Орцахдовла!
ХІаллакье вай тІеман чалх!

Лепийтийша и седарчий!
Лепийтийша беттаса!
Кхана вайна дуьне карчахь,
Духу ирсе сатийсар!

Декийтийша сирла шовда.
Декийтийша олхазарш!
Же! Машаран байракх къовла,
Къовла чІогІа буйна аш!

ШУЬНЕХЬ ДОШ

«Къонаха мила ву? И меллалц веха?» –
Хаьттира ахь соьга шуьнехь Іаш вай.
– Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!
ХІар дуьне-м къонахийн белшаш тІехь дай!

Ламанца дин лело оьшуш ду ленаш,
Уьш кхачаделлачохь соцуш бу дин…
Ишттa бу къонахий, хІар дуьне латтош,
Къонахий дІабевлча – духур ду и!

Къонаха – дахаран синпхенийн мерз бу!
Къонаха – дуьненан гІайгІанийн шад!
Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!
Къонаха – пха кхосса дуьйлина Іад!

Къонаха вехийца Даймехкан сийнна,
Даймехкан сий лардеш, вала и ле!
Ле иза, кхин ваха ца лууш санна,
Ленвоцчу сийлалле кховдаеш цІе!

Ца лууш ца ле и вайначул ваха,
И вайна, махкана хьалхара ле.
ХІар дуьне мел деха, къонахий беха,
Іожалло лийрйоцчу сийлалле хьош!

Терзан тІе ца дуьллу цо деший, даьхний
Халонгахь хадочохь хьуьнаран мах.
Ах-дуьне мах болу шен корта буьллу,
Вайн маршо ларъечохь сагІа до шех.

Къонахийн собар ду – лекха лам баккхал,
Собар ду сов доккха, кхача ца луш!
Къонахийн и собар кхачийча-м, боккъал,
ХIар маьлхан вайн дуьне духур ма ду!

Дуьненан машарна гIароллехь лаьтташ,
Сийлаллин таж ма ю церан само!
Къонахийн само артъеллачу меттехь
МостагI ву кийча Iаш дуьне дохо!

Той кхолуш хIоттаде боцчарна гIанташ!
Дийначел дийна бу! Вайца бу уьш!
Къонахийн сий хуьлда! ГIовтта вай, кIентий,
Хьакъ долу сий, хастам царна а луш!

Къийсамна хьалха бу байракхийн суьртахь,
Лийрйоцчу сийлалле шаьш дуьгуш вай…
Дерриг а халкъаша гIулч туьйсу бертахь,
Доьлху уьш ирс долчу хьалхенга шайн!

«Къонаха мила ву? И меллалц веха?» –
Хаьттира ахь соьга шуьнехь Iаш вай.
– Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!
ХIар дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай!

ЛОЙША СУНА!

Лойша суна шийла шовда,
Амма цIена шовда ло!
Адмийн дегнаш, чуьра мекха
ДIаяькхина, цIандийр ду!

Лойша суна, безам лойша,
Амма сирла безам ло!
Дерриг халкъаш, барт цхьаъ бина,
Бертахь даха ховшор ду!

Лойша суна сийна стигал,
Амма цIена стигал ло!
ХIай адамаш! Лаьттахь, стиглахь
Ас машар дIахIоттор бу!

Лойша суна, аш ирс лойша!
Дуьненнал ирс суна ло!
Сайна дакъа цунах ца деш,
Шуна ас и дIалур ду!

Даймахкера безам гайта,
ДоттагIий, аш таро ло!
Цуьнан дуьхьа муха веха,
Муха ле ас гойтур ду!

ФРОНТОВИКАН КЕХАТ

(Гайсуркаев Мохьмадан, Шумов Александран доттагIаллин безамна)

1

Салам-маршал ду хьоь, доттагI!
Хан декъала хуьлда хьан.
Хьо вицвелла со Iа моттахь,
Ма харц хир ву тIаккха хьо!
МостагIий ас бицба мега
(Жоьжахата гIолда уьш!).
ДоттагIий бу даим дагахь,
Дийнахь, буса биц ца луш...

2

ДагадогIий хьуна, доттагI,
«Н-ски Лакхе» схьайоккхуш,
Фашисташна вай тIелетта,
БIаьнна хьалха хьо волуш?
ЦIийх, декъеххий некъ а буьллуш,
Приказ кхочуш дира вай.
БIе шарахь а цигахь хилларг
ТIаьхьенаша-м дуьйцур дай!
«ГIовтта, майра кIентий! Лата!
Велларг – гIазот хир ву шух!
Лакха зурма, тоха вата!
Iотта, тоха тоьпан бух!»

3

Хьо вара и омра динарг,
Тур даькккхина баттара,

ЦІарах терчу расха динахь
Іаьз-Іаьз[1] хилла гІаьттинарг!
Хьуна кІелахь расха гила
Собар дайна терсара,
Жимма шен урх хецна хилахь,
ТІома бала гІертара.
Оьрсийн «ура», цІен байраккхий
Дара хьалха вай дуьгуш.
Толамаш а бара баккхий
Вайн мостагІий бІаьрга гуш.

4

Лаьхкира вай, хІаллакбира
Делан, халкъийн мостагІий.
Дуьненна а бІаьрга гира
Патриоташ – къонахий!
Ирча дара тІеман денош,
Доккха Іазап лайра вай.
Россин арахь цІий а Іаношш,
ДІахІиттира мехкан дай...
Оьрсийн Іаьнах и кІайн марчо
Фашисташна хилира.
Уьш марчонна юкъе хьарчош
Вай а дакъа лецира.
Еза нана санна, чІогІа
Халкъо даймохк ларбира.
Безам-тешам – тоьхна догІа –
Дара вайна гІо динарг!
Оьрсийн кІентий – майра салтий –
Бронебойни снарядаш!

[1] Іаьз-Іаьз – демон.

Царна аьрру агIор хIуьттуш,
Вайнах бара тIемаш беш.

5

Деших догуш, хьан некха тIехь
СовгIаташ ду – безза мохь!
Сел буьрсачу хьайн некъа тIехь
Атта де ца лехна ахь.
Накха буьзна шийтта орден,
Масех дашон медаль хьан,
Яьхна хилар Даймохк ларбеш,
Кегирхой бу лоруш, ган.
ДоттагIг гIалин урам хадош
Хьо чекхволуш, кегий нах,
Хьо вевзина, массо Iадош,
Хьуна некъ луш, севцца, бах.
Исс Iожаллех тIехъяьллица
Хьан совгIатийн хIора грамм.
БIе шо даьлчи хир ду дуьйцуш,
Хезначарна хуьлуш там.

6

...Шира чевнаш меттахйовлий,
Наггахь цара хьовзаво...
Ткъе пхийтта шо дIа ма даьллий?
ХIеттеъ ирча гIенаш го:
ГIенах го суо тIам тIехь лиеташ,
Гонах кхерста Iожалла...
Стигал кеглуш санна хета,
Латта Iуьллу чов хилла.
Чов хилла хIар дуьне керчаш

Хийла гина гІан-набарш,
Догуш, жоьжахатан кхерчахь.
Хетий хьуна и забар?!
ГІан а хадош, самаволий
Кхин ца вуьжуш, хуьлу са.
«Самах хьо ма гойла!» – олий,
Іуьйранна дІавуьжу со...

7

«Дийца, ваша, хьайна дайнарг»,
Олий, богІу дешархой.
Дийцинарг дІаяздой шайна,
ДІабоьлху со декъал вой.
СовгІаташ ло цара суна,
Дезчу денца декъалво.
Хено и де даккхарх гена,
Цуьнан маьІна дай ца ло.
Дуьйцуш санна, атта ма дац
Довха даш тІедеттачохь!
Къуьйсучохь бен толам хилац –
КІентий цІийла керчачохь.
ТІаьхьенашна хуур деца
Хьуьнарш муха хилла вайн.
Турпалаллин масалш шеца
ДІахьош ма ца хилла дайн!

8

Гонах хьаьжча, воккхаве со,
Берийн ирсах воккхаве,
Беркат, машар, паргІато го,
Шовзткъа шо а кхачале!

ТIеман денош буьрса дара –
Тахна стигал маьрша го.
Маракъовлуш, кху толаман
Денца ас хьо декъал во!
Вайн берашна цкъа ма гойла
Дайшна гина ирча де,
Вайн берашна ма хезийла
Вайн лергашна хезна дерг!

9

Кхерам туьйсу хабарш хеза
ХIурдал дехьара схьа...
Бац уьш шайн кхерч богуш ганза,
Я гинарг – дицделла Iа?!
Дерриг зулам лелош еца
ХIурдал дехьара США...
Ямартло цуо гулйо шеца, –
ХIаллакьхила хьаьхна ша...
ТIеман харжаш хIора шарна
Иттазза совйоху цуо.
Гонах хьаьжчи шена гарна,
ЦIен бос оьцуш дуьнено...
Цхьа а бос а ца тов царна,
ЦIен хилахь-м и муххале!
Халкъийн бакъо яйинчарна
Бакъо хьан ло вайна лиэн?!
Чот юй тIам тIехь беллачеран?
ДIабихьначийн мацалло?
ЦIа ца бахкан бевлларш цIера?
Уьш вайга ца багарло!
Вайн махкахь яц цхьа а меттиг

Доцуш беллачеран каш.
Ницкъ бац церан денлуш, гIовтта,
Вайна тоьшалла а деш!
Уггар майра кIентий белла,
Белла оьзда мехкарий.
Чот яц беллачеран къоьлла,
Байначийн а чот ярий?
Нускалш, наной гIовгтахьара,
Олуш харцо къаръен мохь.
ТIамна герзаш дихкинчарна
Дахар гатдеш Дуьнен чохь!

10

КIентий кхиъна, паргIатваьлла,
Ву со Далла хастам беш.
Зудбераш а арадевлла,
Шаьшна дIатарбелла уьш.
Массо кIант а дешна ваьлла,
Балха-новкъа хIиттина.
Цхьаболчеран доьзалш хилла,
Цхьаъ ву ялон гIаьттина...
СхьадогIу шот тIекхачале,
Цуо а нускал даладо.
Вола, доттагI, ма хьегаве,
Оццул везаш хилча хьо!
ВогIур ву, вац хаац суна,
Ца вагIахь а, хьуна гIант
ХIоттийна хир ду хьан сийнна,
Даим тхьамда хилла кIант!
Хьо суо волчу варе хьоьжуш,
Бустийна ас курша ка.

Толаман де даздан гІоттуш,
Мер бу вайша цхьацца кад.
Оьрсийн сирла къаьркъа кхузахь
Волгин хил а шорта ду.
Вайша яккхий тоьпаш юзахь –
БогІучарнаъ тоьар ду!
Вай къахьегна. Вайгахь шортта
Сискал-туьхий долуш ду.
Колхозера гурахь керта
Іаьнна тоъал оьзна чу.
Лаахь вайша, талла вахна,
Сакъоьруш хан токхур ю:
Орцал тІехьа ваьлла тоьхна,
Дахьар вайша доккха лу.

11

Той ду вайгахь. Кхаьчна соьга
Ца ладаллал доккха зовкх.
Цхьаннаъ стагах вац со хьоьгуш.
Вонал дика атта лов.
Вола, хьайца доьзал балош,
Диекъа тхоьца ирсан той.
Толаман де, ловзар кхала,
Хохкуьйту ас ма́са дой.
«Хьуна!» – аьлла, йора берзош,
Кечбина ас расха дин:
Іаьржа верта, дера герзаш
Долчу кІантехь товр бу и!
КІудал тарлуш хьехан маІа
Ас хьуна кечъяйтина.
Тхан цІийнан неІ,

Деган неIарш
Ю хьуна дIайиллина!

12

Ма хьегаве! Вола, доттагI,
Хьайца доьзал балабе!
Вайн бераш ду хIитта дезаш
Дайх йисинчу байракх кIел!

ВИНЧУ ДЕНЦА

Хьан кхузткъа шо кхаьчна,
ДоттагIа, тахна.
КIезиг хан ма яц и
Динчаьрца юстахь?
Даима «Къонаха»
Хилла хьо ваьхна,
Къийсамна, балхана
Ца хилла юьстах!
Хьан кхузткъа шо кхаьчна,
ДоттагIа, тахна.
Дуккха а хан ю и,
Дан диснарш дийцахь.
Хьан дахарх цхьа минот
Эрна ца яхна.
Безам а, гIайгIа а
Мерза ю хьоьца!
Хьан синна, хьан сийнна,
Мазах моз тухуш,
Хьан ширчу цу дуьмех
Хьокхур ду даьтта!
Кхул тIаьхьа бIе шарахь
Ва́хийтар доьхуш,
Деле хьо воьхур ву,
Лераме доттагI!
Хьешийн цIа лаьттийла
Даима дуьзна!
И харцахь? Хаьрцийла
Чохь ца тарбелла!
ДIахIоттон шун хуьлда

Духдуьйлу хазна!
И каглахь – каглолда,
Даарш дазделла!
Керт юьзна лаьттийла
МазлагIа хилла!
Доьзал а дебийла,
БIаьста вой санна!
Хьо везарг – дуьненахь
Декъала хуьлда!
Цавезарг? И лолда
Хьан доццу уьнна!
Хьан кертан хьокхан тIехь
Берозан боргIал
Кхин бIозза кхойкхийла
Хьо винчу денца!
Кхин бIозза шайн дойшкахь,
Хьоькхуьйтуш йоргIа,
Тхо, хьеший, догIийла
Сакъера хьоьца!
ХIар дуьне кIорддолца,
Вехийла, доттагI!
ХIар шога вайн дуьне
КIорда ма дойла!
Хан йоцу Iожалла
Хьайна тIехIоттахь,
Ца кхоош махкана
Дахар дIалолахь!
Сатоха, ца хедош
СовгIатийн мехаш!
Хьо цIинлуш, тишлур ду,
Нехаш а хилла.

Тхан сирла ойланаш,
Комаьрша дегнаш
ДІаэца, доттагІа,
Хьакъ долччу дуьллуш!
Чиркх санна, вогу хьо,
Тхо серладохуш.
Хьан серло, догу дог
Кхача ма лолда!
Тхайн дегнаш, ойланаш
Хьуна ло оха!
ДІаэца!
Ямарт верг шаре ма волда!

1980 шо, 20 сентябрь.

ЛАМАНАН ХЬОСТАНАШ

Хьагвеллачо малал шайна
Тхо – ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гІелделла кхирстина.

Шан лам тІера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийла хан ю цІера девлла,
Лома боьдуш некъ ца го.

Некъ бац ломах ирах боьрзуш, –
Иза-м иштта хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза, –
Хьогалла дІаяйа шайн!

Ламанхочун амал санна,
Ондда хуьлда аьтту куьг!
Хуьлда комаьршонах дуьзна,
ДоттагІа, хьан аьррунг!

Цу шаьлтанан диттал чІогІа
Ира хуьлда маргІал мотт!
Цунах вай дош ала догІу:
Мотт ца луьйчохь вай хІун до?

Хезний хьуна: ломахь ютту
ЧІагІонна и лекха бІов:
Бухахь – шуьйра, лакхахь – готта,
Тахна а и чІогІа тов!

Хезний хьуна: ширчу пхьеро
Муха бина бІаьвнан гуо?
Хьоькхуш, шарбеш хІора кхера,
Биллина шен метта цуо.

Хьан дош хир ду дешин меха,
Ахь са диллахь цунна чу!
Даим дагах кхеташ нехан,
БІе шарахь и дехар ду!

Шен дешан да воцуш мел верг
Куйнан да вац хьуна шен!
Даим сема латтаде лерг,
БІаьрг а сирла латтабе!

Хьалха́ хьажа, цкъа ког боккхуш,
ТІаьхьа хьажий, ала дош,
Ойла елахь, шаьлта йоккхуш,
Дош олучохь – кхузза еш!

Тоьпан дашший, говза дошший
Дайша нисса лерина.
Шаьлтане ца хададелларг
Дайша дашца дерина.

Бахам байна меттиг хилахь,
Ма хеталахь цкъа а къен.
Къен ву хьуна сий, эхь дайнарг,
НаьІалт хуьлда дена шен.

Ен бухахь дерг Іайгана бен,
КІежтийсарх цо, хуур дац.

Воьлуш дийцарх, дагахь дерг шен
КІилло стага дуьйцур дац!

Басех хахкабелла кхера
Буххе кхаччалц соцур бац.
Къерачу къуьнан куьйгаш тІера
Иэхь Органе цІанлур дац!

КІилло стагах хьакъ ду кхарда,
Массанхьа – чохь, урамехь,
Хьайн сий жимчохь дуьйна ларде,
Бедар – цІена йоллушехь.

Дикчу динахь араваьлларг
Кхочу тойне, я тІам тІе.
Вир тІе хиъна аравалахь –
Вир дежачу баьІаш тІе.

Аьрру куйга кад а лаций,
Дуьхьалвала хьешана.
Аьтту буйна тур а эций,
Вала дуьхьал мостагІна!

ДегІехь ницкъ сов болчу цхьаммо
Ша санна цхьаъ эшаво.
Хьекъал долчо, гІортахь жимма,
Эзарнах а хІоз ма бо.

Гома дечиг-м нисъен ярий,
Хьаькхчи ирчу дагарца!
Ткъа Іовдалниг витахь даррехь,
Ша коша дІавиллалца.

БIегIаган дог кийрахь лелош,
Болат-шаьлта йоьхкучул,
Дог болатан хилар тоьлу,
Шаьлта дечган тоьлу цул!

…Хьагвеллачо малал шайна
Тхо – ламанан хьостанаш.
Тхуна дерриг дуьне дайна,
Ца гIелделла кхирстина.

Шан лам тIера тхо схьадевлла,
Халла ара кхаьчна тхо.
Хийла хан ю цIера девлла,
ЦIехьа боьдуш некъ ца го.

Некъ бац лома ирах боьрзуш –
Иза-м иштта хилла дай!
Тхан хиш ма ду чомехь, мерза –
Хьогалла дIаяйа шайн!

* * *

Лекхачу ножана хьоькху мох ца эшна,
Ма ца эшна къонахчунна ала дош.
Къера къу, хьоь даьхний дала тешнехь,
Доьху хьоьга, долчу дега дІало уьш!

Цхьана стагах бІо ца кхоллабелла,
Цхьана тІулгах ма ца йоттаелла бІов.
Цхьаъ бен доцчу сил мерза хІун хилла, –
Сингаттамо хьаьшна велахь, до́лу сов.

Даймохк вайна цхьаъ бен ма ца белла,
Да-нана а хІора стеган цхьацца ду.
Даймахкана, дена ямарт хиллехь,
ХІай, декъазниг, хьуна латта хьарам ду.

Цхьана стагна да́га цхьа дог делла,
Цхьаммо шен дог дуьненна а дагадо.
Сан доттагІа, ирсан даржехь хиллехь,
Хьайн Даймехкан, халкъан дуьхьа вогу хьо.

Дас хестийна дин, хаьххича, хьалха
Ма ца баьлла кхечу кІентийн дикчу дойл.
Вочу йоІа дареш духарх кхолха,
Нанас хесторх, марехь йоцуш йисна кІел.

Цкъа тоьхна шед тоьъна дикчу динна,
Масех дийнахь бан дезнехь а беха некъ.
Цкъа аьлча а тоьъна дерриг дуьненна
Хьекъале дош, тІаьхьахІоттош дерриг халкъ.

Тешнабехках вай Дала лардойла,
Лардойла вай ямарт волчу доттагIчух.
Тешнабехк а тешам боцчух гIойла,
Церан кертахь долийла ниттийн доккха къух.

Ма хьоьгийла Даймахках вай, кIентий,
Винчу махкахь ваха, вала дац хала.
Охьа́дахкалаш, оьшуш хилахь, гIовттий,
Майра кортош паргIатонан васхала.

КIилло наха эрна лело куйнаш,
Вай дуьсийла уьш дIатахка боцуш дай.
Къерачу къуьша харц мел кхуьйлу дуйнаш,
Хезначарна маршо хуьлуш, гIолда шайх.

Ка йоцу тIом вайн бIаьрга ма гойла,
Ка йоцу тIом – цхьа барт боцу доьзал бу.
Цу доьзалан да хир ма ву гIийла,
Дийна мел ву и юьхьIаьржа лаьттар ву.

Яхьйолу кIант – берриг мехкан гIала,
Ткъа яхьйоцург – махкана а бала бу.
Оьзда йоI ю махкана а сийлахь,
Оьзда йоцчо – мехкан а сий дойур ду.

МА ДОХКОВАЬЛЛА СО!

Ницкъ болчо гІело еш
Шел эшначунна
Кхерстара сан дегІехь
Нийсонан цІе.
Харцонах чекхдолий,
Тоьпан хІоъ санна,
Ма кхочура сан дош
Бакъонна тІе…

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
ДІаала деззачохь
Цкъа дош ца аьлла!
Тоьллачо гІийланиг
Харцонца хьийзош,
Бехказа ца вуьтуш,
Ницкъаца къийзош…
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
ДІаала деззачохь
Цкъа дош ца аьлла!

ГІуллакхаш дина ас
Сайл гІийлачарна:
ТІехаа дин белла,
Делла ас герз.
Сайх дийца хастаме
Дош дуьтуш царна,
Комаьршо хестаеш,
Бекийна мерз…

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
КIеззигчу хIуман тIехь
Цкъа осалваьлла.
Цкъа, чIогIа гIо эшна
Суо волчу веънарг,
Тергал и дIа ца веш,
Вухаверзорна.
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
КIеззигчу хIуман тIехь
Цкъа осалваьлла!

Адамийн хьашташка
Iуьйранна гIоттуш,
Малхана дуьхьал дIа
Воьдура со.
Дерриг ирс адамна
Цуо луш ду моьттуш,
И ларбеш делира
Масийтта шо…

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Цхьалхха – цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла…
Цу дийнахь сан ирс сох
ТIехтилла дайра,
Синтем цуо дIабахьар
Гуш дара шера…

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Цхьалхха – цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла!

Дуьххьара сан безам
Меттахаболуш,
Сил езаш къастийна
ЙоI яра сан.
Малхо де санна,
Сан дахар кхолуш
Йолу йоI лаьара
Кест-кестта ган…

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!
Мел бехказвийларх, и
Ца тайра соьца,
Безамна бекхам беш,
Соьца чIир ийци…
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!

Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла,
ДIаала дезза чохь
Цкъа дош ца аьлла!

КIеззигчу хIуман тIехь
Цкъа осалваьлла,
Цхьалхха – цкъа малхана
Дуьхьал ца ваьлла,
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла
Ма дохковаьлла со!
Ма дохковаьлла!
Сил езаш йолчуьнга
Сонта дош аьлла!

МАРЖА-ЯІ, БОЦУ НИЦКЪ!

Буьйсана олхазар
Дийкира арахь –
Хетарехь, дара и
Шен некъах тилла.
Декъазчун Іиндагіа
Леста сан корехь:
Дагахь ду со волчу
Хьошалла дилла.

Ма Іаьржа ю буьйса.
Гуш бац цхьа седа.
Гуьйренан догіа ду
ТІедоьлхуш шийла.
Мила ву, сел къиза,
Шу некъах хедош,
Шух пхьор дан гІиртинарг?
И хІаллакьхуьлда!

ГІелъелла, даржийра
Шен шуьйра тІемаш,
Сан кора хьалха цу
Хазчу гІургІезо.
Накха шен цІийх буьзна,
ЗІакарх цІий Іеношх,
Соь орца дийхира
Исбаьхьчу озо.

«Хьешана даима
Тешаме волчу

Нохчочун хIусаме
Кхаьчна хьо хIинца.
Чуйола со волчу,
Ма хIотта холча.
Хьайн дегIан дера чов
Ахь паргIат йийца!» –

Олуш, ас диллира
Хьешана кораш,
Дог лозуш, дера чов
Сайн куьйга ерзо.
Ницкъ боцчу тIемаш тIехь
Сецара, кхоьруш,
Делахь а туьйлира
Дахаре марзо.

Хиллера дуьненах
Тешам дIабаза –
Йоьссира тхан цIенкъа,
Дайна шен гIора…
Массарнаъ цхьабосса
Кхоьллина-кх деза
ХIар дуьне. ГIо доьхуш,
Цуо узарш дора…

Дархочо соьгара
Доьхура орца,
Ца тешаш куьйранах
Яларх кIелхьара.
Маржа-яI! Куьйра, хьо
Тоьпаца марца!

Ца кхийдарг цхьанна а
ТІе буьрса мІараш!

Маржа-яІ! Боцу ницкъ,
Ца кхоош яккха
Экханан кІомсар, и
Куьйранан мІара!
Машар, барт хир бар-кха
Лаьтта тІехь тІаккха,
Дуьнен чохь хІумма а
Ца долуш гара!

ЛОВЗАР

Тхьамда, хьо хIун деш Iа?
Довха дош ала!
Апарехь хи санна,
Дерзаде готте.
Са лоцуш тоха и,
ЖовхIаршца кхала,
Вайн нускал хастадеш,
Хьо улле хIотта.
Баттара тур санна,
Даг чуьра даккхий,
Кхарстадел ахь дешнаш,
Кхочуьйтуш батте.
ГIайгIанна меттиг бац,
И гена яккхий,
Вистхилал, тхьамда, хьо,
Меттара гIаттий!
Ахь «вийнарг велла» ву,
Денлур а воцуш.
Топ-шаьлта ца оьшу –
Дош тохий, виэлахь!
Велларг а хьан денван
Ницкъ кхочур беца.
Ницкъ, хьекъал хьоьгахь ду –
Ловзаран эла!
Олучу хьайн дашна
ЧIоггIа берд хьолахь –
Бух – шуьйра, бохь – готта
Юттуш ю гIала.
Жима а, воккха а

Ахь виц ма виелахь,
КIенташна маршо луш,
Хьо хелха вала...
«Арс-вай!» «Арс-тох, кIентий!»
Вайн тхьамда волуш!
Мехкарийн тхьамда-йоI,
Хьо цуьнца яла!
КIентий! Шун ргI кхочу
ШозлагIчу болахь,
Ткъа хIинца, хьалгIовттий,
«Арс-тох вай!» ала...
Озабел шайн пондар,
Ши ах бан санна,
Екае жиргIа а,
Юрт самайоккхуш.
Ма кхийссал аш герзаш:
Кхетар ду цхьанна...
Тхьамда, ахь бохь богIа,
Хьайца йоI йоккхуш...
Ши гIоьнча хIун деш ву?
Тхьамдийн гIо лаца.
Схьагулде совгIаташ,
Юзуьйтуш кана...
Датониг схьаэца,
Кехатниг дацахь...
Шен карахь доцучо
Хилийта кхана...
Ши гIоьнча: аьттониг –
Даькхина тур ду,
Аьрониг – чIагIонан
Турс хилла лаьтта.

Ши гІоьнча – терзанан
Ши кад ма хир бу,
Харц-баккъий узучохь
ГІароллехь гІатта...
Малх-нускал мичхьа ду?
Схьагучадаккха!
Стигална, лаьттана,
Тхуна и гайта.
Дешица, дарешца
Кхолур ду тІаккха.
Вайн нус ю тІейогІуш!
ДегІ нисдеш, гІовтта!
Лаахь, ас хедийна
Пондаран мерзаш,
ДІо маьлхан и зІаьнарш
Тосур ю цунна.
Сайн деган пиллагаш
Дохур ду карзах,
Даггара илли ас
ГІаттор ду хьуна!
Беттаса, нур гІоттуш,
Ма серладели,
Седарчий, цецдуьйлуш,
Ловзаре хьуьйсу.
Нус юккъе ма-елли,
Ловзар цуо кхели,
Лампанаш дІаяйал
Къагийна буьйса.
Вайн несан духар ду
Дуьненан меха.
Кирхьана тІехьара

Схьакъежа бІаьргаш.
Хьовсал шу: цкъоцкъамаш
Цхьа аьрша деха!
КІордор дуй валлалца
Хьежарх а цаьрга?!
Хьо цІен тІе еанчу
Минотехь дуьйна
Ирс, беркат дуссийла
Хьо йолчу керта.
Хьоькъийла ялта а
Хьан куьйга дийнарг,
Хьан даьхний хуьлийла
Даима дерсташ.
Ахь тховса латийна
ЦІе яга кхерчахь
Нийсса бІе ткъа шарахь
Сингаттам боцуш,
Лулахойн, хьешийн а
ГІуда ца хьаьрчаш,
Комаьршо совъюьйлуш,
Ехийла тхоьца!
ЦІийнан дукъ схьалаца
Цкъа а ма гІерта,
ЦІийнан мукъ хьайн карахь
Ахь латтабелахь.
Ирс, беркат дебар ду,
Дахахь шу бертахь –
«Мар», «зудий» къастадеш,
«Шерша шад» белахь...
«ЦІийнадех лай а вай,
ЦІога диэ – цІийнах!»

Бохур ду, нус, хьоьга
Ца езачара...
Хьан зераш харц хилла
Доьхначу дийнахь,
Бехке еш, урамехь
Юьйцур ю цара...
ЦІийнадех «эла» вай,
«Элан сту» хилла,
Яхалахь, доьзалан
Сий, эххьий чІагІдеш.
Доьзалехь товш ма дац
Ямартло, хІилла, –
Декъала хуьлда хьо
БІе ткъа шо даздеш!
Синкъерам айбелла,
Сингаттам байбиэ!
Мила ву, галвуьйлуш,
Хелхарна «шершарг!»
Даржадел цунна кІел
«Назбаран гІайбеш!»
ДІа юьстах ваккхал и,
Хьостуш я карчош!
Тхьамда! Хьо хІун деш Іа?
Довха дош ала!
Апарехь хи санна,
Дерзаде готте.
Са лоцуш тоха дош,
ЖовхІаршца кхала,
Вайн несан сий дарца,
ГІиллакхехь гІаттий!

1981 шо, 27 сентябрь.

ЦИГОНАН ЙОІЕ

Беран хенахь олура соь нанас:
«ВорхІ ломал а тІехьа дисна ирс.
Воккхахилча, вахна и схьадеъна,
Массарна а дІадекъалахь и!»

Юттура цо суна ирсан гІала,
ЖовхІареххий, детих юттура.
Воккхахилча-м кхийтира со: гІалат
Хилла беран хенахь моьттинарг…

ВорхІ лам, стигал, акха ареш толлуш,
Ас лийхира нанас хьехна ирс.
Совдаьлларг гІулчашкахь дІадуьллуш,
Массарна а кхачо лиъна и.

Дерриг дуьне теллина а ваьлла,
ЦІехьа вогІуш, кхечи гІала со.
Кхечи автобусан станце халла.
Киснахь дисна ду цхьалха цхьа сом!

Нана-дуьне гатделлачу дийнахь
Шена тоха тІаьхьабитна хІоъ
Ма хуьлур-кха дуьхьалтуьйсуш гІенах
Декъазчунна. Самах а и го!..

Гулбеллачийн кху тобана юккъехь
Муха вевзи декъазчунна со?
Муха хии дайний ирсан дакъа,
Ирс доцчарна ирс луш йолу хьо?!

Муха хии киснахь сом диснийла?
Цхьаъ бен доцу! ХIинца ас хIун де?
Дашо долуш санна, буйна къуьйлу…
ХIетте сом дIакхечи цу йоIе!

Тешаме, самукъне гонах сетташ,
Цигонан йоIа суна баькккхи гуо.
КIайчу цергаш юккъехь дато сом а къегош,
БIаьрг а теIош, йоьлуш, эли цо:

«ХIай комаьрша, хьо исбаьхьа къонах,
Схьагайтал хьайн, и хьайн дашо куьг!
Хьан ирс ма дац ахь дог диллал генахь,
Ирсах дуьзна, Iанадахна дог!

Хьан дог ма ду комаьршонах дуьзна,
Эсал, оьзда, ву къинхетаме.
КарайогIу хьуна йоккха хазна,
И бакъ хилахь, суна дакъа де!

Ву хьан чIогIа хьуна ямарт доттагI,
Кхераме ву луьрчу мостагIчул!
МостагI ву кIелхуьйшуш хьуна гуттар,
Амма эххар хьо тоьлур ву цул!»

Дагахь даллац и сом цхьаъ бен доцу,
Дагахь даллац цIехьа гIаш некъ бар.
Цигонан йоI, ирсах туьйра дуьйцуш,
Соьца хир ю, даг чохь юьтуш лар.

Ирс ду боху ворхI ломал а дехьа
Я цхьаннахьа а доцуш ду-те и?!
Цигонан йоI, кхин цкъа Iехавехьа!
Iехавехьа цкъа тIаьххьара со!

МА АЛА СОЬГА

Бовхачу безамца
Хьайга дог кхийдаш,
Хьуо ца гуш дахна де
Кхоьлина хеташ,
Мацалла, хьогалла
Хьо йолчохь йицлуш,
Хьуо езначуьнга ахь
Йицъе ма ала!

ХІар дуьне дита а
Хир ву со реза,
Амма со дуьнен чохь
Мел веха гІоза,
Самах а, гІенах а
Хьо сайна езар
Далхадеш вехар ву:
Йицъе ма ала!

Шалха мотт вайшинна
Юкъа ма буьйли,
Соьгара хьан безам
Шелбелла бели,
Сан даго тІаьххьара
Хьоьга мохь эли:
«Сан безам, соьга хьо
Йицъе ма ала!»

Сан бІаьрхих, сан дуйнех
Хьо ма ца кхийти,

Езар сов мел дели
Со хийра хийти,
Шелделла тIулган дог
Ахь суна гайти,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Сан кийра йижий ахь
И Iаьржа буьйса,
Вити ахь со хьайга
Къайлах сатийса,
Ахь суна диххина
Хьо йолчу хьийзар,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Ахь алахь кийча ву
Лекха лам ахка,
Кийча ву, хьо лоьхуш
Ва́ла а акха,
Ма таса вайшинна
Юккъе ахь мекха,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Реза яц хьо соьца
Сан безам бекъа,
Вехар со валлалца
Безаман шовкъехь,
ХьагIи йоцу сан безам
Хьанна бу новкъа,

Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

Валлалца, хьо йицъян
Хир вац со реза,
Хьуна со ца везарх,
Суна хьо-м еза,
Вайшиннан метта хьо
Ехийла гIоза,
Сан безам, соьга хьуо
Йицъе ма ала!

ХЬО ЯРЕ САТУЬЙСУ

Меллаша малх хьулло,
Суьйре тІеюлу…
Лаьтта со, генарчу
Хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош,
Ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш,
Сайн илли хезна.

Шатайпа качделла,
Хьоза ду декаш,
БІаьстенца шен накъост
ТІедоьхуш шена.
Цхьалхачу цу батто
Стиглахь до нека,
Хьо йоцчохь и санна,
Цхьа хета суна.

Дитташ тІехь олхазарш
Вовшийн тІедоьхуш,
Диэкаш ду тайп-тайпана
Эшаршка дуьйлуш.
Ламанца сема сай,
ГІелашка гІергІаш,
Буьйсанан беттасехь
Ирзешка буьйлу…

Хьуо елахь сан безам
Шеконе боьхкуш,

Ца лечкъош, хьомениг,
Схьаала соьга.
Хьо тешо Казбек-лам
Хадор бу, охкуш,
Сатуьйсуш хьоьжур ву
Валлалца хьоьга.

Тешалла хIоттор ю
Ас хийла буьйса,
Хьо бахьнехь мел йина
Карзахе ойла.
Стиглара седарчий
Вайшинга хьуьйсу,
Кхирстина некъаш а,
Хьоьжуш хьо гойла.

Дуьненах лечкъийна
Сайн бIаьрхиш дайна,
Беттаса доьхур ду
Тешалла сайна.
Къайллаха ас шаьшка
Безам балхийна,
Зезагаш доьхур ду
Тешалла сайна…

Сарахь, хьо хIуттучу
Шовдане волий,
Цу чохь хьан сурт гойла
Хьоьжу со сайна.
Буьйсанна беттасах
Цкъа дагаволий,

Ялхайо сайн гІайгІа,
Хьо бахьнехь лайна.

Меллаша малх хьулло,
Буьйса тІеюлу…
Лаьтта со генарчу
Хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош,
Ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш
Сайн илли хезна.

ХЬО МАРША ІОЙЛА

Диц ма де: хьо хир ю
Сан деган эла,
Со воьду валлалца
Хьо йоцчохь лиэла.
Хьайн делахь, дог хьостуш,
ТІаьххьара дош ала,
Вай вовшийн кхин гур дац,
Хьо марша Іойла.

Бешара мох тийна,
Декаш ду хьоза.
Хастам беш йиллинчу
Хене хьо ярна,
Стиглара седарчий,
Нур Іеношу, кхозу.
Вайшинна айкхдовлахь,
Эхь деца царна.

Буьйсанна серло лун
Беттаса санна,
Хьо яр-кха сан серло
Ерриг а ханна,
Сан деган беттаса
Ца кхета дуьзнехь,
Сан гІийла дог-ойла
Хуур-те хьанна?

Дешица хи доккхуш,
Говзачу пхьеро

Дети тIехь диллина
Беттан сурт санна,
Сан даг тIехь язйина
Хьоме цIе хир ю,
Дуьнен чохь ас яккха
Йисинчу ханна.

Цкъа йоьлхуш, хьоменига,
Хьо коше яьлла,
Хьан бIаьрхи доьжначохь
ЦIен зезаг даьлла,
Лахьти чохь велар со,
Барз а шарбелла,
Хьуна вицваланза,
Наха вицвина.

Диц ма де: хьо хир ю
Сан деган эла,
Со воьду валлалца
Хьо йоцчохь лиэла,
Хьайн делахь, дог хьостуш,
ТIаьххьара дош ала,
Вай вовшийн кхин гур дац.
Хьо марша Iойла.

ХЬОЗА

Можа хьоза, хаза хьоза,
Сарахь, Іура, ломахь, арахь –
Даим хеза цуьнан оза,
Цуьнан оза даим хеза.

Баьллийн бешахь, зазаш юккъехь,
БІаьсте хестош, зазаш лестош,
Дека, ловзу можа хьоза,
Можа хьоза дека, ловзу.

ЙогІу Іуьйре, юлу суьйре,
Цу ламанца, цу аренца
Даим хеза зевне оза,
Зевне оза даим хеза.

Хьоза декаш хезчи сайна,
ДагайогІу езнарг суна.
Иштта говза дека хьоза,
Дека хьоза иштта говза.

ПОЛЛА

Хаза полла, къорза полла
Бай тIехь дургал гулъеш лела,
Бай тIехь дургал гулъеш лела.

Полла шена тIелахбелча,
Зезаго и эсала хьосту.
ТIера полла дIагIаьттича,
Зезаг цунна тIаьхьа леста.

Цу зезаг тIе полла санна,
Леста денна со хьо йолчу.
Цу урчакх тIе чилла санна,
Хьан безам сан дагах хьерча.

Жима полла, хаза полла,
Бай тIехь дургал гулъеш лела,
Бай тIехь дургал гулъеш лела.

ЙОГIУР Ю, ХЬОМЕНИГ, ХЬОЬГА!

Сил дукха ахь еза боху,
Суна хьо везар а доьху.
Суний бен цхьаннаъ ца вевза!
Амал дуй,
Амал дуй,
Амал дуй, хьо суна веза?

Хьан суьрташ со-м оьшуш яций,
«Сийлаллин уьн» тIехь уьш дацахь.
Цу тIехь хьан сурт дайча сайна,
Хьоьжур ю,
Хьоьжур ю,
Хьоьжур ю, хьо хеташ тайна.

Газето хьо хестош вийцахь,
ЦIен байракх ахь буйна лецахь,
Везар ву хьо нийсархошна,
Везар ву,
Везар ву,
Везар ву, хьоменига суна!

Хьан толам – урдонна эцна,
Хьоменига, ехар ю хьоьца,
Амал дуй вай вовшех хьега?
ЙогIур ю!
ЙогIур ю!
ЙогIур ю, хьоменига, хьоьга!

* * *

Довхачу цу дийнахь
Ламанан новкъахь,
Хьацарна Іийдалуш,
Со цІехьа гІерта.
ДегІан ницкъ сайн эшна,
ЦІа кхача шовкъехь,
Хьо ган хьагваларна,
Хьаьвзина корта…

Цу тевно мархалдеш,
Са доцуш санна,
Акхтаргийн маргІал гІаш
Охькхозаделла.
Цу малхо човхийна,
ЗІакарш гІеттийна,
И зевне олхазарш
Патаршла доьлла…

Дерриг а шовданаш
Лекъна-те ломахь?
Къурд балла хи дац-техь
Кхехкачу дийнахь?..
Маржа-яІ! Лерашкахь
Лаьттинчу Іоман!
Мер бар-кха ас иза,
БІаьрга ма гиннехь!

ГІа-бецийн кондарша
Хазйинчу терхах

Схьатуьйсуш цIеххьана
Суна гин шовда…
ТIаьххьара ницкъ гулбеш,
Со хьаьди гIоддах,
Яржийнчу канашца
Шовдан чу кховда!

И шовда-м хиллера
Органал дехьа…
ДIахьаьжча, хетара,
Хьо санна, гергахь.
Ткъа суна, гIелвелла
Лаьттачу сехьа,
Декара и шовда
Дог иэтIош лергехь.

Тхойшинна юккъехь Iин
Хиллера кIорга –
Ахь санна, шовдано
Шех хьегавора…
Эмалках тарделла
Терсара Орга, –
Ткъа шовда Органах
ДIадетталора…

ГУЬРЖИЙН ЙОІЕ

Арагвин, Куран хиш кхеттачохь вовшех
Лаьттара со, хьоьстуш ойланца Іалам,
Лампанаш хьаллети, Мцхетехь садовшшехь,
Малхочул серла а йоккхуш и гІала.

ТІаьххьара со хьоьжуш чубузчу малхе,
Суна тІееара исбаьхьа гуьржи.
Яц тахна, хилла яц шел хазниг хьалха,
Ялаел, ца тешахь, дуьнен чохь харжий.

КІайн дато и лаьмнаш дешица кхолуш,
Суна ша бицбелла, малх бузуш лаьтта.
Цу йоьІан хазаллехь гуора и кхоьлаш,
Хетара: цо йоІе кховдош ду латта.

…Хетарехь, буьйсанна цуочулла батто
Делла дац дато нур ерриг а ханна.
Хетара: тховса а хьелур бу гІатта
ЙоІах а эхь хетта, цу малхах а санна.

Буйнахь ду варкъаца кечдина жайна,
Мужалта тІехь къега сурт Руставелин.
ЙоІ ша-м ю Нестанал, Асматал тайна…
Вайн маттахь цуьнга со иштта лен вели:

«Іуьйранна патарш тІехь тхи лиэпаш роза
Хуьлур-кха кхетачу малхехьа доьрзий, –
Хир вар-кха валлалца хьоь хьиэжа реза,
Реза ву хьоьцанна сайн махка верза…

Массо а цхьаъ санна балха тIехь тоьлла
Мехкарий бовзийта тIелоцу хьуна,
Йолахьа, гуьржийн йоI, соьца дIайола,
Тхан махка хьо ярах кхаъ хир бу тхуна.

Тхан махкахь дети дац, деши дац сийлахь –
Тхан мехкан сийлалла мехкарий беца,
Я вонехь, диканехь я къело къийлахь,
Цхьаннаъ ницкъ кхаьчна бац церан иэхь иэца.

Къестаяц мехкарша тхан дийнах буьйса,
Кхочушъеш программа, къийсам дIахьо.
Iилманан дош Iамош, жайнашка хьуьйсу,
Бен дуй ткъа Даймахкахь, дIайогIий хьо?

Гойтур ю аренаш ялташца лесташ,
Даьхни а гойтур ду дилхах дазделла.
Иллеш а хезар ду вайн зама хестош,
Халкъана, махкана ирс цуо ма делла.

Екхна ю тхан стигал йоцуш цхьа марха,
Ламанийн басешкахь техкаш ю хьун.
Стоьмаш бу хьийкъина, цхьа кемсийн хорха
Тоъал ю хьешашна кечдалла шун.

Хьелуш ю тхан ломахь ца юссуш буьйса, –
Ильичан чиркхаша даьхна тхо серла.
Седарчий, беттаса цецдуьйлуш хьуьйсу,
Къонделла тхан лаьмнаш, дахар ду керла.

Еларца шен цергийн жовхIарш а къегош,
Гуьржийн йоI лен ели, соьца яц хиэро.

Нино – хиллера цIе. Со шех а хьиэгош,
Лаьттара кхоьллинарг говзачу пхьеро.

Дийцарехь, Нино яц соьца ян реза,
Атта дуй ша вина, кхиъна мохк таса?
Кхоьллина-кх хIораннаъ сил дукха беза,
Хийламмо и къуьйсуш дIаделла-кх шен са…

– Мел яккхий къайленаш ас шега юьйцуш,
Тхан юьртахь къастийна йоI ю сан, Нино.
Цхьа къайле –и езар дац цхьаьнгга дуьйцуш,
Безам бу тхойшиннан нахах лачкъийна.

Бертахь деш безамца мукIарло доцуш,
Вовшашна сил дукха дезаш ду тхойша.
Даггара тхайн безам бIаьргашца буьйцуш,
Безаман алунехь догуш ду тхойша.

БIаьргаш бу ма-дарра и регIан куока,
Цара хьо цкъа лаьцнехь, амал дац хеца.
Шовданан эшшарехь зевне аз дека,
Хьуна и цкъа хезний – хир ду и хьоьца.

Аренга охьадаьлча, Терк санна, сетта.
Ловзаргахь, сцени тIехь йолучохь хелха.
Мекар ю, аьрха ю шена ма-хетта,
Балха тIехь норма цуо кхочушйо кхолха.

Шайна и гур-кх, олий, юьртара кIентий
Хийлазза богIу-кха рагI йоцуш балха.
Яхьбуьйлуш, йоI къуьйсуш, балха тIехь хIуьттий,
Боьрзу цIа, норманаш кхочушйой шалха –

Маршонца безамца соьга куьг делла,
Гуьржийн йоI дIаяха, къаьстина халла.
Со-м лаьтта ца хууш сайна хIун хилла,
Кхиссало кийрахь дог, меттиг бац дилла.

Чехкачу Арагвис тухкучохь гуола,
Хьаьггинчохь со вуьтуш, йоI къайлаели.
Iиэлац со. Мохь туьйхи: «Тхо долчу йола!»
Цо соьга бIаьргашца – «ЙогIур ю», – эли.

Вайн махкахь мехкарий, кIентий бу оьзда,
Даймахкехь безам бу уггар а чIогIа.
Нана-мохк, дайн латта кийча бу хаздан,
Цаьргахь ду-кх тешаме хиндолчун догIа.

ДАЙМЕХКАН НЕКЪАШ
(ПОЭМАШ)

ЛАЬМНИЙН СУЬРТАШ
(Некъан репортаж)

1

Некъ бу готта,
Сиртанан тІай санна,
Йоцуш велахь,
Машенначул чІогІа
Тормоз оьшу
Машен лелочунна.
Цунна хьакъ дац
Цу машенан догІа!

Кхачам бац-кха
ГАИ-н билгалонийн –
Некъо гола
Мел тухучохь лаьтта!
Тормоз оьшу
Хьан машенний, хьуний…
Марша гІолда!
Некъ хуьлда хьан атта!

Бац-кха меттиг
Хьуна юьстахвала:
Аьтту агІор –
КІоргехь Орга кхерста.

Аьрру агIор –
БIаьн-Дукъ[1] стигла даьлла.
Iожалла ю,
Яцахь тормоз, дуьрста!

2

Гуш мел долу
Лаьмнаш, бердаш, даккъаш
ЦIе йолуш ду,
Хено къиза аьхна,
Туьйра дуьйцуш,
Лаьтта шира тархаш,
Ткъа вайн дай а
Туьйранашца баьхна.

Бензинан чам
Иэбеш цIенчу мохца,
Машен йогIу
Ширчу юьрта, Шуьйта.
Хьеший а бу
Цхьаьний богIуш соьца,
ХIор тIулгах а
«Истори» юьйцуьйтуш.

3

– Собар! Кхуззахь
Машен сацаелаш!
Шу а, лаьмнаш,
Тарлахь, хьалагIовтта!

[1] Грознера Советское (Шуьйта) боьдучу новкъахь меттиган цIе.

Сийлахь поэт[2]
Хилла кхузахь лелаш,
Ваийтина,
Россех хилла готта.

Цо ладегІна
Нохчочуьнга хийла,
Шен дахаран
Цу Іаьржачу дийнахь
Дезна цуьнан
Харцонан кад мийла,
Шен ойланца вайн
Лаамех схьаийна!

Чишка уллохь
Іуьллу цхьа байн-кІажа,
Цигтахь цунна
Нохчо дуьйцуш Іийна.
Россехара
Веъна хьоме хьаша
Лерина цуо,
Цуьнан дагах ийна.

Тахна хеза
Декаш нохчийн маттахь
Ца лендолчу
Иллин мерза мерзаш.
Сийлахь поэт
Вайн могІарехь лаьтта,

[2] Дийцарехь, кхузахь сецна М.Ю. Лермонтов.

Вайца цхьаьна
Дахар ирсе дерзош!

4

Адамийн барт –
Уггар йоккха хазна,
Тахне кхехка,
Вай кханенна гІиттош.
Денлуш гойца
Дуьйцуш а ца хезнарг.
Зама уьду,
Хиндерг герга хІиттош.

Вай деладо
Маьрша хьоьжуш малхо,
Машар, беркат
Хилча лаьттахь даьржаш.
Халкъаш бертахь
Деха, йоцуш шалхо,
Лоьху цара
Вайн дуьненна маршо …

5

Хууш деца
Вайнах муха баьхна,
Муха хьегна
Дайша ломахь бала.
Даханчуьнца
Дустахь, гуш ду тахна:
Халкъ гІаьттина
Дахар ирсе кхала!

6

Туьйранийн мохк
Болабели кхуззахь…
Цхьа а меттиг
Яц шен цхьа цIе йоцуш.
Туьйранаш ду-кх
Харжа хьайна деззарг,
Хьайна хезнарг
Ахь кхечунна дийца…

Амма туьйра
Даим хаза хилла:
ТIулгаш-жовхIарш,
ЦIастах деши долу.
Бух – датонний,
Бохь – дашонний гIала,
КIентий-наьрташ,
Мехкарий а хилла.

7

Диц ма делаш:
Шуьйта шу дIакхоччуш,
Аьрру агIор,
Халчу некъан коччехь,
Некъахошна
КIудалца хи мийлош,
ТIулган йоI[3] ю, –
Хи ду цигахь шийла.

[3] Советское юьрта боьдучу новкъахь шовдан йистехь долу бетонах дина йоьIан сурт.

8

ХIар бу-кха и
«Кхо-ЙоI-Еха-Боьра»![4]
«И «Кхо йоI» ю –
Туьйранашкахь юьйцуш.
Цхьаъ йоьссина
Лекхачу БIаьн-Дукъ тIера,
И шал шийла
Шовда дахьаш шеца.

9

– И «башха йоI»
Скульпторо схьалаьцна,
Буто-тIулгах
Йоьттина, ма йина,
Шиннаъ куьйга
Юьзна кIудал лаьцна,
Некъахошна
Хи луш буса, дийнахь…

10

КIайчу динахь,
ТIема ваьлча санна,
БIаьн-Дукъ тIера
Ерди-Коьрта[5] вуьйлуш,
ТIехьийзаш ву
Соьска-Солса[6] цунна,

[4] Грозный – Советское новкъахь меттигийн цIераш.

[5] Грозный-Советское новкъахь меттиган цIе.

[6] Вайнехан наьрт-аьрстхойн дийцаршкахь – наьртийн тхьамда.

ЙоІа делла
Хи шен динна мийлош.
ІуьйкъаІенахь
ВогІу наьрт и йолчу,
Дин дІатосуш
Ду, бах, дашо гоьза.
Шена хьалха
Гор хІотта и воьлча,
– ТІулган йоІа
Олуш хета «веза».

11

Даима а
Ю шовдане хьоьжуш
Цу ламанан
Кийрара схьадогІуш.
Дог – тІулган ду,
Ша ю – елакъежаш
Маршаллица,
Хьо дІавоьдуш, вогІуш..

ЙоьІан-тІулган
«Даг» чухула долий,
КІудал юзуш,
Ной чу Іена шовда.
Хьо гІелвеллехь,
Хуьлу циггахь гІоле,
Хьагвелларг а,
МеттавогІий, воьду…

12

Эзар шо ду
Шовда цигтахь Iена:
Къеста ца беш,
Некъахой шех Iабош.
Нана-лаьтто
Мах ца боьху шена,
Вай – шен бераш –
Осала ца Iамо!...

Новкъа воьдург
Цхьа а тIех ца волу –
ХIорамма а
Молу цхьацца чами.
ТIулган йоIа
«Хи лур дац» ца олу,
Хин, беркатан
Пусар дан вай Iамош.

13

Дика-м дара
Оцо хи луш дацахь
Осалчарна,
Кхаьънаш ийдечарна,
Ямартчарна,
Дог цIена хьо вацахь,
Эладитта,
Харцо лелочарна.

Дика-м дара
Оцо хи луш дацахь

Нехан меттиг
ДІалаьцна Іачарна,
Тормозаш тІехь
Ондда лаьтташ вацахь,
Дуьхьал – боьлуш,
Букъ тІе – еттачарна.

Дика-м дара
Оцо хи луш дацахь
Малончашна,
Къуьшна, боьхачарна,
ДоттагІашца
Дог цІена хьо вацахь,
Хьарам-хьанал
Ца къастош болчарна.

14

Гота охуш,
Вай хІу дІадуьйш дацахь,
Бракоделаш,
Браконьераш, бюрократаш
Муха хьекъа?
Кху дуьнен чохь дац-техь
Уьш дІабаха
Ядохимикаташ?

15

«КІирнах ткъе шиъ
Некъан бохам хилла,
Итт вуьйш, чІогІа
Чевнаш хилла ткъанна!» –

ГАИ-н хаам…
И вай мичхьа билла?
Эфирехь ду,
Хьалхха лаьтташ санна…

16

«Жигули» ю
Лепаш. Заводера
Деъна даьтта
ДІа ца даьлла тІера…
ТІехь – кегирхой,
Зезагех тарбелла,
Керла машен
Хаххка арабевлла…

Ши йоІ, кІанттий
Керлачу машенахь
ДогІу, доьлуш,
Даккхийдеш дуьненах.
Лаьмнаш, хьаннаш –
Дерриг Іалам шена
Кхоьллина ду
Моьтту ирсан дена!...

Хьалхабевли…
Тхо а царех хьоьгу:
Тхан ца хилларг
Ма ду церан долахь.
ТІеман зама
Яра кхаьчнарг тхоьга, –
Кегирхой бу
Вайн ирсе хан кхолуш.

ТIехь, кIажъоьхуш,
Доьлуш ши йоI, кIанттий,
Машенан руль
Лаьцна, кIеда сетташ,
Маршал хоттуш,
Тхуна а кеп хIоттий,
Белакъежаш,
ТIехлелххачу меттехь…

Со а хилла
Цхьана хенахь къона…
Церан хенахь –
Хало гина суна…
«Ирсе хир ду,
Аьлча, берийн бераш!» –
Тешарий тхо –
ТIеман хенахьлера?!

Церан хенахь
Машен сан-м ца хилла!
Чан а гIиттош,
«Хихкина» ас – сара…
Тахна-м гойца
ХIор а машен лоьллуш.
«Хамаъ ца бо!»
Олий хета, цара.

ЭхI! Хьо бохам!
ЭхI, хьо ирча бохам!
Тхуна а гуш
Иккхи лекхчу бердах!...

ТIекIел юьйлуш,
Хьийза! Дала тохарг!
Магнитофон
Лекхалуш ю лартIехь…

…Секундаш ю
Оха, цара лоьруш…
…Iадийна тхо,
Iадийна уьш чIогIа…
…ЭхI! Къа-яI шун!..
ЭхI! Машенан бераш!
Шуна орца,
ГIо муха де оха?!

…Хьийзаш, йоьсси
Цу стиглара – лаьтта…
Мотор – хьалха,
Ваьштаяха ерриг…
Эчиг – адам
Вовшех ийна, аьтта…
Лоьраш? Пхьераш?
…Кхин хIуммаъ ца хирриг!

Маржа-яI-кха!
Цхьа бахьана хилла,
Севцнехьара
Вовшийн довза мерза,
«Некъан кхетам»
Луш, боккха некъ биллалц,
Цхьаьний дахна,
Сакъийрина дерза!..

Руль карахь кІант
Хилла-техь вицвелла,
Я зезагах,
Зарзарах бІаьрг кхетта,
Я ламанийн,
Стиглан йийсар хилла,
Машен накъзар
Яьлла-техьа хІетта?!

17

ХІар ду хьуна
Новккъахь Іаьржа тезет!
Гергарчарна,
Тхуна а – бен доцуш!
Царна тІаьххьиэ
Чулелха ду реза!..
Беллачара
Пайда а ца оьцуш…

Бохам ца Іайц
Ша болчарна хилла!
Тхан а бІаьргаш,
Дегнаш Іийжа, доьлху.
Сов къиза бу
Царна хилла кхоллам!..
…Сан накъосто
Доьху дагна молха…

Ден, ненанний
Ши йоІ, цхьа кІант – доьзал
Машена тІехь
Кхо бІе метр кІоргге

Чулилхина,
ХІаллакьхилла доьза…
Ма вон деъна
Церан безачаьрга!..

Машен чуьра
ДІакхийссина Іохку
Декъий. Ши йоІ
Яьлла дуьне диъна…
Зезагаш ду
Къуьйлуш, марахь дохкуш,
Мархалдала
Уьш хІинцаъ ца кхиъна…

Тхуна къежна
Цу мехкарийн балдаш
Жоьжахатан
Іино эрчадаьхна.
Дерриг дуьне
Дакхо делла накхош,
Ирчу тІулгех
Деттаделла, доьхна.

18

Ший а цхьаьний
Университетехь
Дешна яьлла.
Дерриг хилла эрна!
Уьш безначу
КІенташа хІун дер-техь?
Цара-м цхьаъ дер,
Нанас хІун де царна?

Доьзал боцчу,
Кхин хир боцчу нанас!
Мел хала ду
Ши йоІ, кІант лан цунна!
Цхьаъ бен воцу!
Йисси яллалц нана,
Шен даг чуьра
Довха бІаьрхиш Ієно…

Цхьа сахьт хьалха
Цул ирс долуш нана,
Дуйнах ала,
Ярий кху дуьненахь?!
«Сакъийрина,
ЦІадогІу тхо кхана», –
Аьлла, бахнарш
Бевли кхунна гена!..

19

Севци кхузахь
Варраш, нах, машенаш,
Бохам бу хІар
Массарна а боккха…
Дог ма лозу.
Бацахь а уьш шениш.
Оха а тхайн
Машен юьстах йоккху.

Орцах кхаьчна
ГІаж таккхол верг
Шуьйтахь,
Машенашкахь,

ГІаш, говрашкахь вогІуш.
Муш-асанаш,
Троссаш чуоьхуьйтуш,
Майраниш бу
Цаьрцанний чуюьйгІуш.

20

Шен берашна
ТІаьххье бердах эккха
ГІерта нана,
Сецош нах бу халла.
Машен эцна,
Синкъерам бан боккха…
Дирзи дерриг
Йоккха тезет хилла.

21

Баьххинчарна
Кху дуьнен чу баха
Ледарлонна
Іожалла карийна.
Шайн дай-наний
Къанди цара хьалххе.
Бохам болчохь
Ирсе хир барий нах?

22

Ломахь боссахь
Мел боккха а бохам,
Наха, боькъий,
Дакъош дой, дІахьойца!

Цхьаберг буссу,
Важ балабо, боьхий.
Бохам боькъуш,
ДоттагIий бу хьоьца.

Байбо бохам
Тезет долчу цIенна.
Дакъош дой и
Наха дIа ма оьцу,
Хьан дог хьосту,
ДIабоккху и цIенна,
ХIорамма а
ДогIу дакъа лоцу.

23

Царна, тхуна
Генна тIаьхьадисна,
Вир схьакхечи,
Наггахь дажа кхевдаш.
Ца карчийта,
Виро шен мохь нисбо,
ЦIа а кхаьчна,
ХIуттур ду шен хьаьвде!

Схьахьажа а
И ца деша тхоьга:
Шен меха а
Цунна тхо ца хета.
Мегар дара
Белларш цунах хьега.
Виран «хьекъалх»
ХIинца-м тхоъ ду кхеташ.

Тхан ницкъ кхачац
Беллачаьрга хьежа.
Кхин атта дац
Хьежа церан нене…
Тхо дIадоьлху.
Тосий и байн кIажа,
Чан туьйсуьйтуш
«Жигули» машене.

24

Никказ-яI-кха!
Тормоз чIогIа оьшу
Машенан руль
Лаьцна Iаш волчунна.
– Дмитрий, тхо хьох
Барам боцуш теша.
Со лолда хьан,
Газ лун елахь цунна! –

– Ца веъна со
Москохара дуьйна
Кавказе схьа
Кхуззахь бердах эккха.
Ахьмад, теша,
Кхетар ву хьо цIийнах,
ПаргIат Iелахь,
Машенна чохь техкаш, –

Боху Дмитрийс,
Москохарчу хьешо,
Тхо паргIат ду.
Хьалха некъ бу беха.

Руслана а:
– Оьшу нийсса бIе шо
Суна бицбан
Ирча, боккха бохам.

25

Гора-яI-кха,
Хьо, ткъоллагIа бIешо!
Хьаьдда доьду,
Машенна тIе даьлла.
Алал, мичхьа
Кхаьчна, хууш дуй хьо?
Стенга кхача
Карзахдаьлла, ала?!

Цу тIапангах
Инзаре тарделла,
Стенга хьаьдда,
Хьо стенна хьердаьлла?
Ма гIертахьа
Сенчу цIарах дага!
Хьо дахаран
Цхьаъ бен доцу Ага?!

Дехьа агIор –
ДаьIнш, моьнаш, чевнаш
ДIа ца йовлуш,
Лаьтта, уьш совъюьйлу…
ПаргIатонна
ГIуьйттучийн цIий Iена.
Ницкъ белара
И чевнаш дIакъовла!

26

Шовда малий,
Яйа хьайн хьогалла,
Ламанан мох,
Шийла хи ду аьхна.
Ламанан нах
Онда цунна хилла.
Сингаттам
Я гІайгІа йоцуш беха.

Ченан кІуррий,
Бензинан къахь эций,
ДІакхачал хьо
Ломан юьрта – Шуьйта!
Сов гІиллакхе,
Оьзда хир бу хьоьца,
Дукха хиларх,
Хьеший сов ца хета.

Иштта ду цу
Ширчу юьртахь, Шуьйтахь –
НеІ йиллина
Ца Іаьш, дог а доьллу.
Хьоьга хьоьжуш
Іийча санна хета,
Хьуна хьалха
Сискал-туьхий дуьллу.

27

Сискал-туьхий
Лур ду, мах ца буьйцуш…

Кхо де-буьйса
Чекхдаллалц ца хотту
Деъна гІуллакх,
Ахь айхьа ца дийцахь.
КІордор вац хьо,
Ца валахь а меттах.

Ялтина тІе,
Сийдойъуш, ког тохахь,
Лору ломахь
Доккха далатохар.
Сонтаваьлла,
Ялтийн сий ахь дайахь,
Мац а вина,
Цо хьан сий а дойу.

28

Беркатечу
Вайн машаран хенахь
Дуьне дуьзна,
Іанадахна гонах.
Мецачеран
Дуьне ма дицделаш,
Церан гІайгІа,
Церан ойла елаш!

Вайга хьоьжу
Малхбузе, малхбале,
ГІийла тийжа
Наной, бераш къоьллехь,
Вайн дикане
ЧІогІа са а туьйсуш,

Дегйовхонца
Вай долчухьа хьуьйсу!

29

Шен семан тІехь
Латта хьаьвзичхьана
Цунна хилла
Ерриг чевнаш, девнаш…
Сискал-туьхий
Къуьйсуш, цІий а Іиэнош,
Вай ма кхаьчна
Кху маьршачу дийне.

30

Кхела йоккхуш
Бисна орам санна,
Дисна цхьацца
Ширчу гІопан пеношш…
Паччахьо и
Яйтина ю тІамна.
Лиэтта шотой,
Къуьйсуш маьрша деношш.

Куьг кховдийна,
Сийлахь-воккха баьчча,
Генна хьалха
Лаьмнашка дІахьоьжу.
Сатийсинарг,
Мел ца гинарг гІенах
Ламарочо,
Іамош, Іилма доьшу.

Шага-тІулгах
Схьадаьккхина пхьеро
Шериповн сурт
Хьоьжу дешархошка,
Сурта хьалха
Зезаг дуьллу беро
Кога доьдуш,
Нанас беша хьош а.

Шотойн студент
Воцуш яц цхьа гІала!
Массо меттехь –
Республикехь лоруш,
Говзанчаш бу,
Ялта, даьхний лело.
Хьехархой а,
ГІарабевлла лоьраш.

Москва-гІала
ХІораннан чохь еца, –
Хьехамаш бо,
Кхарех дагаюьйлу.
Дерриг дуьне
Антеннаша лоьцу.
Телевизор
Йоцуш мила Іело?

МІайста ваха-м
Говр ца каро тарло,
Ткъа Москва хьо
Дийнахь воьдий, вогІу,

Лайнер хохкий.
Тоьхан серло вайна
Яхьаш беъна
Шуьйта хIора бIогIам!

Телевизор,
Радио – массеран!
Кузаш, хрусталь –
Тамаша ца хета.
Школехь, бешахь
Iамош, кхетош бераш.
Ца тешарг гIуо
Итон-Кхаьлла, Шуьйта…

Керла амат
Го массанхьа – гонах:
ХIора тхов тIехь
ГIевттина антеннаш,
Шийтта рейс йо
Автобусо дийнахь,
Иттех газет,
Журнал кхочу цIенна!

Кегирхой бу
ГIаланашкахь Iемаш
Дуьне довза,
Циггахь тIемаш довлу.
БIе шо кхаьчнарш
«Дуьненан проблемаш»
Къестош хуьлу,
Пхьоьхана а буьйлуш…

Кхузткъа шарахь
Дахар хийцаделла –
Кхузткъа эзар
Шарахь а ца дайнарг.
Юха ца ян
Генаяьлла къоьлла.
Ширчу ломахь
Керла стаг вайна…

Массарна а
Дицделлийца морза:
Цуьнан метта
Шорта ду моз, даьтта.
ХIинца санна,
Дахар хиллий мерза?!
ХIун ду хаац!
Кхин а хазлуш лаьтта!

31

Стенга яхна
Шун калбанаш, хулчеш?
Мичхьа ю шун
Хьоркунаш, дечган нох?
Зовкх хетара
Морса маша хилча,
ТIекхуллуш а,
ТIебухуш а бара бах!

32

Керла нах бу
Шира Шуьйта кхолуш,

Массарел а
Царна юкъахь къаьсташ
Цхьаъ ю цигахь,
Хазалло бІаьрг кхолош.
Еъна хетий,
Шен шовда а тесна.

Ставн басахь ду
Хаза ховха балдаш,
Цуьнан бІаьргаш –
РегІан Іаьржа кока.
Беснеш тІера
Кегий кІаьгнаш хьулдеш,
Гиччош ловзу.
Детих аз а дека.

Сетта иза,
Шеца некъ а сеттош,
Исбаьхьа дегІ
Моьтту хелхадуьйлу.
ДегІан куьцахь
Ез-дари тІелетта,
БІаьргаш чуьра
Оха «шовда» муьйлу.

И горга ха
Динарг хилла говза!
Йичахьана
Мох ца хьакхабелла.
Іаьржа кІажарш
ХІордан тулгІех ловзу:

Тхан ойланаш
Кхерста карзахъевлла…

33

Цаевза йоІ
Тхоьга схьа ца йоьрзуш,
Берриг урам
Шега хьежош, йоьду.
И тхан миска
Дегнаш девлла карзах,
Тхо а дуьтий,
Цунна тІаьххье доьлху.

Царалахь со
Цхьаъ ву шек дІа воцуш,
Тергал ца еш,
Лаьтташ ву сатийна:
Хаьа цуьнан
Даг чохь суо хир воций…
Сайна кхочурш
Кхечарна луш Іийна…

34

ДегІах хьерчаш,
Мохо кІажарш ловзош,
ЦІаьххьана и
Тхуна схьа тІейогІу…
«Ма там бара
Оцунна со вовза?
Ас хІун дер-техь?» –
Воьхна ву со чІогІа.

35

Байн мох тухуш,
ТIехъели и суна…
– Руслан вац и?
Дела ва хьо марша! –
ДIа тIехьаьрчи,
Шен мор бостуш цунна.
Дахар, доьдий,
Ма хIутту шен хорша!

36

Бехке воцуш,
Суна «гIело хилла»,
Цаевза йоI
Схьа ца хьаьжча соьга.
Вист ца хилчи,
Кхин со ма ца Iиэло.
Накъостах а,
Цу йоIах а хьоьгуш…

37

– Хьенан ю хьо,
Хазниг, хьайн цIе йийца.
Хьол а хаза
Хьан цIе хила еза, –
– Сацита ю.
Со кхозлагIа еца…
Тиллина и
Шаьшна йоI ца езаш!.. –

38

– Шаьш «Сацита»
Суна цIе тилларна,
(Хеттийца) кхин
ЙоI ца йина царна. –
– Иштта дика
Хир юй хиънехьара,
Кхин шийтта йоI
Ян мегара цара!.. –

39

«Ас «Сацийта!»
Аллалц, суна барташ,
Сацита, хьан
Яха дезахьара,
Уллора дIа
Яла а ца гIерташ,
Со валлалца,
Соьца хилахьара!» –

Сан-м бакъо яц
Иштта йоIе ала…
Иза-м ас сайн
Дагахь бохуш деца.
ЦIерачо а,
Жимма юьстах валахь,
ТаIзар дийр ду,
Кхин товр а яц соьца.

40

Сан шерийн мохь
ДегІана базбелла.
Лаьтта охьа
Ийзаво цуо чІогІа..
Шерийн бІаьвнна
Буьххье тІе ваьлла,
Охьачухьаьжча,
Суна бІагор богІу…

41

Хаьий суна-м:
Сатийсар ду эрна,
Сан къоьжалла
Цунна ма ца оьшу.
Стенга хьуо ас
Сайн совнаха шераш?
Уьш цунна го,
Паспорт а ца оьшуш…

42

Стиглах хилла
ТаьІна-сийна дари.
Тумса[7], Борзе[8],
Варандойн-Лам аре[9]!
Дош дацара
Циггахь ца ден ловзар!
Воккхаверо
Корта ма ца хьовзор?!

[7, 8, 9] Яртийн цІераш

43

Новкъахь дуьйцу
Сайн мехкан хьешашна
Цу йоьІан цІе
Тиллина ю муха.
Уьш цецбуьйлу:
И хезна дац шаьшна
Цхьаннаъ къоман!
Хетта-хеттарг дуьйцу…

44

«Сацита» – цІе
ЙоІана ца йогІу!
«Сацита-турс»,
Болат санна, чІогІа
Дуьхьал хІотто
Деза ямартчарна,
Нехан хьацарх
Бахам буьллучарна!

45

Хьовсал, дІогахь
«Элгаз кхаш» тІехь лаьтта
«Нихалойн жІар» –
Истори ю, хеттахь.
Ширчух йисна,
Дай кериста хилла,
ЖІараш, элгаз?
Царна дина гІуллакх!

46

Хьовсал, ЦIен-Дукъ!
Зевсан-Дукъ ду хьуьллахь!
Сиела-ПирIа –
Ву Славянский Перун, –
Соьска-Солсин,
Боху, ваша хилла.
Лаьтта вайна
Мифийн догIа карош!

47

Схьаго дIогахь
Кхо-ЙоI-Еха-Корта,
Маьлха-Аьзни,
Ма́ша-Бузу-Кока;
Дийка-Дела,
Хьийзош дашо урчакх!
Варшахь царна
Селасат а дека…

48

МIайста, ТIерла
Воьду вертолетахь.
Говрахь – диеза
Шийтта хи, лам хадо!
Наггахь цига
Археолог водахь,
Эзар шарахь
ДIа мел ихнарг хьадо!

49

ХIун хьал хилла
Хьалха беллачаьргахь
Хаьа царна,
Маьлхан кешнаш дастахь.
Дийна болуш
Гича санна бIаьрга,
«Доьшу» цара
Цу беллачийн васташ!

ЦIойн-Пхьедера
Шира маьлхан кешнаш,
Чохь Iохкуш бу
Генна хьалха белларш…
Хьанна а ма
Ца карадо дешнаш,
Да́ра, дийца
БIешерашкахь хилларш!

Цуьнан духар,
Мича хенахь ваьхна?
Дийнарг, хьаькхнарг…
Чевнах, лазарх велла?
Тешар варий
Вайн дахарах тахна?
Хьоьгур-м вара
Генна хьалха велларг!

ХаьнтIехь кхозуш
Уьрсаш ирден аьлха,

Цунна уллохь –
Локхар тIехь бу кад а.
НеIармачаш –
Йолчун когаш талхош,
Къоьлла ю гуш,
Гинчун дог а Iадош…

50

Аьтту агIор
Хьалаводахь, ЧIуо ю,
Цунна дехьа –
Мулкъа[10], Меда[11], Гухо[12].
Цигтахь лаьтта
Соьска-Солсин чIагIо –
Цхьа Лам-Кхера,
Хадийна тур тухуш.

51

ТIерлой, дишний,
Хилдехьарой хилла
Кхузахь баьхнарш,
Комаршонах буьзна.
«Дуьне доькъуш,
Дала царна делла
Кура лаьмнаш –
Шен Iаламан хазна».

Стиглан Iаьрчехь
Лаьтта КIирда-БIаьвнаш

[10, 11, 12] Ламанца йолчу яртийн цIераш.

Гиний шуна,
Баххьаш стигла кхевдда?
Бийрган Бичча[13]
Боху кхузахь ваьхна,
Хийла миска
Цо вийна цІий Іаьвдда!

52

Ткъа зумсоша
Хьаша къовсуш хилла,
Тур, шаьлтанаш
Баттара а дохуш,
Барт ца хилча,
Кирчина уьш цІийлахь,
«Хьаша къуьйсуш
Леш ду тхо!» а бохуш.

53

Тхан зумсоша,
БІе шо хьалха санна,
Къовсу хьаша
Тахна а, хьо водахь.
Цхьацца уьстагІ
Буьйр бу хьуна цхьанна
Цхьана буса
Мухьаддис, Махьмуда.

54

Ламароша,
Веъна хьаша къуьйсуш,

[13] ТІерлойн эла, къиза феодал.

Шаьлтанашца
Хийла дина девнаш,
Хьешан гІуллакх
Ишта хилла-кх тусуш.
Хьаша эцарх,
Тамаша ма белаш!

55

УьстагІ буьйр бу
Хьан доьзална тІера,
Хьан сий дарца
Хьан кхерчан а сий деш.
Хабар дуьйцуш
ХІусамда ву шера.
Хьешан гІуллакх
Дац-кха ломахь хедаш!

Велла стаг а
ДІа къайла а ваьхьна,
Синкъерамаш
Схьабоьллур бу цара.
Хьуна эшахь,
Лур ю хІусам, даьхний,
Шек ца бовлуш,
Шайн кхерчан сий лара!

ЦІен тІе шарахь
ВогІуш вацахь хьаша,
ЦІийнан, кхерчан
Доьзалан цІе южу!

Хьан доьзалах
Юьртахь цхьаъ ца веша,
ЮьхьІаржоно
Даим хьан дог дожу.

56

Евзий шуна,
ХІорд соццучу тІера
Кхоъ-ах эзар
Метр лакхахь Іуьллу,
Кхоъ-ах эзар
Шо хан кхаьчна Доьра?
Селхана хецна
Спутникаш тІехь лелаш?

Хаьий шуна,
Галактикан маьІІехь
Йоллуш ю сан
Дай баьхна юрт – Доьра?
Керим-дадий,
Цуьнан йоьІан йоІІий
Деха кхузахь,
ПІелгашца хан лоьруш.

ПетІамат – цІе
Ю йоІ-ламанхочун.
Дечиг доккху,
Хьокху гурахь мангал.
Топ а кочахь
Хьуна орцах кхочу,

Буьйсанна а
Кхайкхинехь хьо цуьнга?

ПетIамата
Чилла-КIога[14] яьлла,
Куьйгех кад беш,
Доггаха мохь тохахь,
Хеза генна
Шула[15], Итон-Кхаьлла[16].
Акхарой а
ГIовтту, хуьлий бохам.

Амал – чIогIа,
Доьрахойн гIап санна,
Даккхалур дац
Цхьанггаъ деган догIа!
Хаац суна,
Кхочур ю и хьанна?
Йигначунна
Хир бу ерди-бIогIам.

ПетIаматехь
Ю лаьмнийн хазалла.
Оьзда ю и,
Сара санна, сетта.
Дог цIена ю,
Цуьнгахь ма дац хIилла.
Доьра хилча,
Дуьне шен ду моьтту.

[14, 15, 16] Ламанцара меттигийн, ширчу яртийн цIераш.

57

Кхин дІаяха
Некъ бац машенан –
Кхузахь кож тІехь
ПаргІат лелаш вир ду.
Ломахь ваха
Лууш волчо шена
Вир, говр эца –
Цул дика хІун хир ду?!

Цхьа-ши бІе гІулч
КІорга Іин чу дужий,
Хьал тІедолу
Цхьа некъан тай боьрдах.
Тхан цхьа накъост
Инзарваьлла хьоьжу:
– Жоьжахатан
Іинах муха девр ду?!

Муха йоккхур
Машен Іинал дехьа?
Массо хьостам,
Винт вовшех ца яккхахь,
ХІар адамаш
Кхузахь муха деха,
Лаьмнашкахь бен
ХІорш ца мегча тІаккха?!

Іаламо ша
Художник а хилла,

Букар боьрдах
Кхоьллина ю Доьра.
Вир лаьллина
Керим-дада хьуьлла
СхьагIерташ ву,
Тхо тиларна кхоьруш.

58

Тхо дIакхечи
Керим-дада волчу.
Пхийтта минот!
Яй чу баха уьстагI.
«Тоьар дара
Сискал-туьхий», – аьлча,
Реза воцуш
Суна корта ластий.

59

– Чохь ма Iайта,
Iиэ вай арахь, учахь?!
Очакх тIехь гуш
Вешан уьстагI кхехкаш,
Цу беттасехь
Лекха лаьмнаш гуччехь,
Гуш хи кхерсташ
ДIо кIоргачу ахкахь?

Ас дагарца
Тухий дечиг доккху,
ПетIамата
ЦIе кхарстайо кхерчахь,

Керим-дадас
Жижиг тосу дуккхаъ,
Оьрсий, гуьржий –
Хьеший боху баьрчче.

Узарш доху
КIеж туьйсучу яйно…
Дуьйцучуьнга
ЛадугIуш бу хьеший.
Жен-жIаьла ду
Хьесталуш шен дена,
Iахарий а
Цунна улло дуьйшу.

Кхерчара цIе
Яххьаш ягош кхерста.
«ТIаккха?» – олуш,
Хьешо дечиг туьллу.
Кериман дин,
Гергга беъна, терса.
Ойланаш еш,
Вир а лаьтта хьуьллахь…

ТIекIелдаьлла
Стиглан сийна бога.
Седарчий, бутт
Тхуна герггахь кхозу.
Инзаре ду
БIаьвнаш, бердаш дIогахь…
ХьакхлагIашкахь
Хеза цхьаннан-м оза.

60

– Атта ма дац
Иштта ломахь ваха!
Юьртах, гІалех
ДІакъаьстина цІенна!
«Керим-дада,
ГІала вола!» – дехахь,
Жоп хазадо:
– Ямарт хир ву цІенна!

Со дІаводахь,
Доьра елла лара,
ДІалекъар ду
Вайн доьрахойн хьоста,
Адам доцчохь
Маца хилла дахар?
Лаац лаьмнех,
Дайн кешнех дІакъаста!

БІе шо сов ду
Со дуьнен чу ваьлла,
Цкъа гина-кха
Суна Грозный-гІала.
Лаьа велча,
Дайн кешнашкахь Іилла,
Ма баха соь
Винчу лаьмнех вала!

Весет дина
ПетІамате: кхуззахь

Яхалахь хьо,
Велча, со дІаволлий.
Кхечахь хьайна
Ирс карадахь бІозза,
Хьо яллалца,
Доьрах дІа ма яьллахь!

– Машенийн кІур,
ГІаланийн къахь оьший,
Вайн Іаламо
Кхоьллинчунна – хоьтту.
Я гІайвелла,
Я гІелвелла, хьоьший,
Воьрзу, велча,
Ца лендолчу лаьтте!..

61

Алал, Ахьмад,
Со Доьрахь ца хиллехь,
ВогІур варий
Кхуза кеста-кестта?
Мила вара
«Сиртанан тІай» тилла,
Всъна хьо а,
Хьан хьеший а хьаста?

Доьра йоцчохь,
Ахьмад, со ца Ієло.
БІаьвнаш лаьтта
Со бахьнехь ца херцаш.

Церан пенойх
Со куьг хьоькхуш лела…
Сан вахар а,
Валар а ду цаьрца.

62

И къоркхокха
Варшахь хIунда тийжа,
Селасато
Бос, мас маца хуьйцу,
Черчий, дIемаш
Iаьнна маца юьйшу –
И берриг а
Iаламан «мотт» беца!

Гиний хьуна,
БIаьста буц хьалагIерташ?
Зезаг долуш,
TIехь бумбареш хьийзаш?
Iалам ма ду
Адамашца бертахь,
Хилахь сий деш,
Велахь хьо ша дезаш!

Детта-Гу тIехь
Мохо кIужалш ловзош,
Таьллаш теIа,
Хастам беш ду Далла…
Накхармозий
МазлагIаш тIехь хьийза.

Адам доцчохь
Леш деца вайн Іалам?!

Суна хаьа
Заза доккхуш хьочо,
Суна хаьа
Маца кхачло детта,
Зарзаран йиш
Маца хуьлу коча,
Хаьа наркаш
Лета я ца летта.

63

Реза вац со
Совъяларна тоьпаш:
Лергъяхаргна
Кхо «иччархо» кхочу,
РечІанашца
Неларчий а лоьцуш, –
Царех гІалахь,
Боху, кечбо кхача.

Шан лаьмнашкахь
Хьехарий ду кІезиг,
Кхоьру, цІенна
Церан хІу дІадарна.
Ницкъ кхачац сан
Вайн Іедална хеззарг
Орца даккха
ХІаллак хуьлучарна!

64

Вайн Іедало
Мел латтанаш охку,
Мехкадаьтта,
Деший, жовхІарш даха.
«Деший», «жовхІарш»
ХІокху Ломахь Іохку!
Оьшуш дац-кха
Латта ахка, аха!

Хьаькамашна
Хууш дац-техь, оццул
Дукха лаьмнаш
Іахар дахна, Іоххий?
Дебар дара
Даьхний дуьне эццал!
Хуушехь Іахь,
Хилла Іай уьш бехке?

65

Кхузахь санна,
Даар хилац чомехь.
Жижиг, ялта,
Даьтта, гІабакх, нехча.
Беркат шорта
Хилла даим ломахь.
Кхузахь санна,
Хи карор дац, лехча!

Пхи бІе эзар
УьстагІ, газа яжа

Лам тоьар бу!
Кхузахь оьшу говраш.
Цаьрга кхочуш
Карор юй-техь, хьежарх,
Цхьа а машен?
Кхобур ю уьш Доьрахь!

66

Ас кхобур ю,
Самукъа а долуш.
Дикчу динахь
Хьо ловзарга вахча,
Къена хиларх,
Дагна тІемаш довлу!
Динахь, нуьйрахь
Майра кІентий бехча!

67

Кериман дин,
Сецо ницкъ ца кхочуш,
ТІех берстина,
Ломахь паргІат кхерста.
Наггахь богІий
Кеп хІоттайо коча,
Ткъесах боду,
ХІокхо гайтахь дуьрста.

68

Делахь а ву
Керим-дада гІорахь

Жа юкъара
Лаца куома Іахар
Хьешашна бен,
Шийтта ха-ност доруш.
Тхоьга хьоьжуш,
Кхин дІа цо боху:

– Іедалан да
Вара веъна хьастагІ
Районера:
«Вайн ойланаш цхьаъ ю.
Партис дерриг
Дору, узу, дусту…
Хьан дагахь дерг
Кестта кхочушхир ду…» –

– Элира цо.
Амма кхо бутт баьлла
Цу хьаькамо
Иштта дешнаш аьлла, –
Керим-дадас
Сих а ца луш дуьйцу
Ма-хеттара
Сихха дан йиш йоцург…

69

Хьешаша соь
Талмажалла дойтуш,
Кортош теІош,
– Нийса ду и, – боху, –

Баьччин, халкъан
ЗІе хилар а гойтуш,
Москва кхаьчча,
И хьахор ду оха.

70

– Хезна суна,
Хьо поэт ву, бохуш.
Дайша сий деш
И гІуллакх ма хилла.
Хезаш ма дац
Иллеш, ахьа дохурш?
Лома довла
ТІемаш дац хьан иллийн?

71

Малхбалехьа,
Малхбузенан маьІехь
Хилахь тахна
Цхьаъ Іазапо лаьцна,
Бен ца хеташ
Хьо садаІа хиънехь,
ДІахаалахь,
Хьуо илланча воций!

Вайн Дуьненан
Ерриг гІайгІа-бала
Хьан дог дацахь
Іуьйдуш, шех чекхдохуш,
Мегар ду-ткъа
Хьох илланча ала?

Жа дажаде
Ломахь, латта аха.

72

Мичча махкахь
Цхьанна чевнаш хиллехь,
Уьш лозуш верг
Поэт хила веза.
Лулахошна
МостагIчо цIе йиллахь,
Иза йойуш,
Вага хила реза…

Кхузахь Iиэ хьо
Иллеш яздеш жимма.
Поэт велахь,
Ломахь гIотту илли.
Вацахь… мангал
Хьокхур бу вайшимма!
Хьунаъ хуур
Хьуо хIуммаъ ца хиллий!

Хьан цIа хир ду –
Даймохк, цхьаъ бен боцу,
Хьан да – дерриг
Вайн Даймехкан халкъаш.
Ирс а ма дац
Даймахкаца доцург,
Вацахь цуьнца
Зовкх я гIайгIа йоькъуш!...

Іуьйкъа хенахь
ГІийла угІуш барзо
ГІаттор ву хьо
Къаьхьа иллеш яздан.
Даг чохь кхехкаш
Даймахкера марзо,
ГІуртур ву хьо
Дащца бакъдерг даздан!

Хезний хьуна
Буьйсана чІоб тийжаш
ТІам тІехь лиэтта
Беллачарна тІера?
ХІоллам хилла,
Хьан дог хир ду Іийжаш,
Хьан иллеш а
Хир ду буьрса, дера.

73

Гахь а сайна
Атом, нейтрон дебош,
Ца ва́хийта
Кху лаьтта тІехь цхьа а,
ХІетте деза
Дахар, со ца Іеба
Сискал-туьхех,
Меца хилча цхьаъ а!

Вайн Дуьнен чохь,
Хьайл хаза кхин доцу,

Хьоме Латта,
Хьо кхин а хазделла!
Хуушехь хьо
Цхьалхха-цхьаъ бен доций,
Хьо хIаллакдан
МостагI тIаьхьаваьлла!

Ву и къинош
Кхин тIе даржо гIерташ
Кху Лаьтта тIехь,
Къинойх дуьзна долчу...
Лазар хьодуш,
Халкъаш даьхчи бертахь,
ГIатта кечлуш,
Жимма аьтто баьлча.

74

Нухь-пайхамар
Хир вац кечдан кема
Шишша цхьаьний
Дийнат цу тIе даккха.
ХIоттахь вайна
Iаьржа къаьхьа-къемат,
Вай ца дина
Дуьне духу тIаккха!

75

Яккхий тоьпаш
Ма яц баьпкаш кхуьйсуш
Мецачарна, –
ДIаьвше дарц тIедетта.

Дийнна халкъаш
Шайн паргIато къуьйсуш,
Лиэта, бетах
Шаьш цIий дIа а детташ…

76

Машаран турс –
Сан Даймохк бу чIогIа,
ПаргIатонан,
Нийсонан а гIарол!
Дуьне дегош,
Ондда хьалха богIа,
ДIабаькхина
Вайн машарна кхерам!

Эзар къолам
Сайн долахь белхьара
Эзар маттахь
Эзар илли яздан,
Вер вара со
Шуьга кхойкхуш ара,
ХIай адамаш,
Машар, барттий даздан!

Доьра, 1981 шо.

БЕЗАМАН ШОВДА

Хьалхара дакъа

ДІо стиглахь кхокхано
КІайн тІемаш детта.
Машар, ирс, пергІато
Кхийдайо малхо.
Де дийне мел дели
НиІмат а дӯдуш,
Доьлху вай турпалчу
Кханенга хьалха!

Дахарна, малх санна,
ДоттагІал дезна.
Цхьамма а цуьнан
Орам къухлахь ма леха!
ДоттагІаллин стом бац
Дахаран хазна?
Хьакъ ду и, чІагІ а луш,
Даима даха!

Сакхдевлла, дІатийна
Пондаран пхенаш:
Садетта ницкъ кхачац –
Готта бу кийра…
Хецало, сан илли,
Терк хилий Іенаш!
ДоттагІал доцуш дерг
Дицда ма кхера!

ДегIана чов хиллехь,
Сихха ерзийта!
И ерзар, муо хьовзар
Дагна ду атта,
Динна нуьйр тиллина.
Хьоьжуш ду луьйта.
Воллу со лаьмнашкахь
Иллица гIатта!

* * *

«Дахахь, кху лаьмнашкахь
Дехар вай паргIат!
Ца дахахь, лийр ду вай,
ПаргIато къуьйсуш!» –
Летара ламанхой,
Лаьмнех цIе гIиттош,
ХIар дуьне цецдохуш,
Шаьшка а хьийсош…

Ламанхой, оьрсий –
Шиъ дуьхь-дуьхьал кхетахь,
Герзех катухура
Цушимма хьалха.
Дегнаша доттагIал
Лоьххушехь, лиэташ,
Декъий охьадохкура,
Шайн наной белхош…

Бехк боцу адамаш
Керчийча цIийла,

Паччахьна-м моьттура
Яхло шен зама.
И яцъеш зезагаш
ГІуьттура хийла
ХІора цІийн тІадамах
Цу хенахь ломахь.

ХІинца а лаьтта уьш
Бацалахь техкаш,
«ЦІен зезаг» сий дарца
Нохчаша олуш.
Вошалла чІагІлора
Уьш дебарца махкахь,
Цхьаннан хІу доьжначохь
Эзар тІедолуш.

БІе шарахь ца гІелбеш
Латтийна къийсам
Сел жимчу вайн халкъе
Ца лабеллера.
ГІаддайна, хир хаьдда,
Герзаш охьакхуьйсуш,
Нахарний, мангалний
ТІебирзинера…

* * *

Нохчийчу хьажийра
Цхьа эпсар-оьрси.
ТІех дешна, хьекъалах
Дуьзна ду бІаьргаш.

Куц доккхуш, лергина
Маж яра хьаьрса.
Амато гойтура
Ойланийн кIорге…

Пестельца хиллера
Оьрсичун уьйраш, –
Цундела вацара
Паччахьо хьоьстуш.
Нохчочун шаьлтан кIел
Вожийта лоьруш,
Кавказе хьажийна,
Даймахках къастош…

Майраллин чинаш ду
И оьрси къарзвеш.
«Микаил» – цIе таръеш
Нохчаша аьлла.
Майра дог, дика дин,
Тешаме герзаш
Хьан делахь,
Нохчашлахь сий хилла даьлла!

Нохчашлахь сий хила-м
Оьздалла оьшу,
Халкъаца хьо хилар
ДогцIена, хьанал.
Уьш дерриш хиларна,
Ламанхойн тешам,
Безам а баькхира
Оьрсичо шена…

Маршо тIех езарна,
И маьрша нохчий
Эпсарна даггара
Безабеллера.
Буьрса тIом дIабижна,
Ламанхой бахчош,
Цхьа шо а кхаьчна дац –
Нах бара дера.

Муха хир бац тIаккха
Миска нах дера?
Зорха бу сов беса,
Берзина когаш!
Дикане догдахар
Ца хилча церан.
Лахьте дIабоьрзура
Уьш ирсах хьоьгуш…

Шуьйтарчу цу гIопан
Комендант хилла,
Куьйгал дан вуьйлира
И оьрсийн кIант.
– ДIаделла нохчашна
ГIопан ков! – олуш,
Машаре ерзийра
Цо буьрса гIап.

Дуккха а халонаш
Шайн бIаьрга яйна,
Къежбелла салтий бу
Сел баккхийбеш.

–ХІун бехк бу нохчийн а?
Цара мел лайна
Іазап хир паччахьан
Къизаллин теш!

– Ша вина, кхиъна мохк
Хьанна ца беза?
И безарх хьанна
Бехк буьллур бу-те?
Вайна а лаьий-ца
Ган Даймохк, доьзал.
Са до́луш дІахьоьжу
Винчу махке! –

Бохура салташа
КъинтІера буьйлуш,
Иштта а шаьш
Хийра ца хетташехь,
МаІанаш чохь вовшашца
ЧагІар а муьйлуш.
Даггара дуьйцуш Іа
Уьш чхернаш тІехь.

Іуьйрана Микаила,
Пхьоьхана волий,
Хиндолчун хьесап деш,
Кхеташо йо,
Дуьйцучун сурт хІиттош,
Ойлане бовлий,
Баккхий нах ладоьгІуш,
ГІийла Іаш го.

– ПаргIато-м дуьненах
ДIахадар даций,
Хьулделла, къевлина
Ламанийн туш!
Луларчу къаьмнашца
Гергарло дацахь,
Мацалла, къелла а
Леш лаьтта шу!

– Говрана лан далла
Эчиг аш оьцуш,
Вовшашлахь боккхий-ца
УьстагIан мах.
Тхан – оьрсийн болат а,
Деши а деца…
Къен ду шу, гIийла ду…
Къахета шух!

Туьха ду шун, нохчийн,
Сискалан мехха.
Цкъа духхал барзакъ дерг –
Хьал долуш ву.
Дерзинчу дегIа тIе
Аш маша буху.
Дуьненах дIахаьдда,
Лекъар ду шу! –

Ца боху оьрсичо
Дагахь кхин кхобуш, –
Схьабоху цо нахе,
Бакъдерриг схьа!

Бакъдериг дийцича,
Карош ду собар.
Собар а халкъехь ду,
Хьекъал а ду.

Іасанаш тІебазлой,
Юьртарчу наха
КІорггера ойланаш
Гулйора шайн.
– Бакълуьйш ву Микаил!
Бакълуьйш ву, – бохуш,
Ламанел кІайн кортош
ТеІадо дайн…

Цу Шуьйта-гІопа чохь
Схьайилли ярмарк.
Луларчу къаьмнашца
Болийра мах.
Къуй, борззий нохчаша
Кхайкхийра цІармат.
Къахьега гІевттира
Ламанан нах…

Массо а нохчочун
Хьаша а хилла,
Ша волчу схьакхуьйлуш,
Уьш болчу леста.
Дерриг а вон-дика –
Хьакъ долччу дуьллу.
Ламанхойх а, оьрсех а
Оьзда верг къаьста.

Топ нийса тухура,
Маьлхечо санна,
Ловзаргахь дин хьовзош –
Аьккхичул тов.
Ерриг а мІайстойн кхел
Евзара цунна,
Нахана юкъара
Ша къастош дов.

Мел доккха ловзар а
Хуьлура готта,
Цо маса шаршийча
Хелхаран гуо.
Баккхийчу нахана
Буьхьар а хІуьттуш,
Цо лепайора
Шен хьесан пагон.

Мария. Цхьа йоІ ю
Оьрсичун хазна.
Кавказе ялийна
Нохчийчоь гайта.
Шел оьзда йоІ ломахь
Юьйцуш ца хезна.
ЛадогІа!
Сан дийцар деха ца хеташ!

* * *

Мархех шаьш чекхдуьйлуш,
Стигланех гІерташ,

БІаьстенца ламанаш
Лаьттара сенлуш.
Уьш ю, бах, чІагІонна
ХІиттийна керташ,
Зама дІа мел ели
ТІаьхь-тІаьхьа къонлуш.

Дерриг а Іаламе
Аьхналла кховдош,
Бакъонаш тІе ели
Исбаьхьа бІаьсте.
Жил-Іалам дерриг а
Са меттахъхьадеш,
Цо ницкъ лой,
ГІаттадо, эсала хьостий…

Геннахь го лайн чалба
Ястаза корта.
И яста ницкъ кхачац
Стигларчу маьлхан.
Шовданаш ду циггахь
Духдуьйлуш шорта,
Юрт а ю йиллина
Эзар шо хьалха…

Цу юьрта, Шуьйта,
Хьо воьдуш дІакхачахь,
Го хьуна майданахь
Шал шийла шовда.
Мехкарий карор бу
Шовданан коьртехь

Веанчу хьешана
Хин чами кховдо…

Ахь церан бІаьргаш чохь
ХІилла ма лиэха,
Ма лиэха сонталла
Цаьргара ахь.
Хьагвеллехь, ахь цаьрга
Хин чами беха,
Мацвеллехь, хьаша ву хьо
Церан цІахь.

Ас хІуъа лур дар-кха
Царна суо везарг!
Уьш безар мел доккха,
Доккха ирс ду!
Атта дац схьадаккха
Ламанан зезаг!
Ирхенаш, охьенеш ю,
Некъ шога бу!

* * *

Седарчашна юккъехь,
Бутт санна, къесташ,
Мария йогІура
Мехкаршна хьалха.
КІажарш ю сов тайна
ТулгІешха лесташ.
Коьртахь ю чекх са гун
КІайн дарин марха.

Юх шорта гІабали
Яйн тІаьхьатекха.
Махмаран пошмакхша
Ховха бай цоьсту,
ГІургІезан битамехь
Техкабеш накха,
ХІоьтти и мехкаршца
Шовдана йисте…

Миччахьа и хуьлчохь
ДІахІутту ловзар,
Ламанхой баккхийбеш
Шовдане ярна.
Зурманча, вотанча
Леха ца веза,
Миччара ваьлла а
Карор ву царна.

…Суьйранна жа далош
ЦІа вогІу Садо
Вирзира юьртахойн
Пхьоьханна тІе.
Четара яьккхира
Шаръелла шедаг,
Лекхира, гІаттаеш
Дегнашкахь цІе…

Цкъа шерша Мария
ДегІ лелош нийсса,
Лаьмнаш маракъовлуш,
ТІам баржабо.

ДаьргІаша яхчийна
Тапчанаш кхуьйсуш,
КІенташа цу стиглахь
КІур хІиттабо.

Цкъа тарло моханна
Хьаьддачу аьрзох,
Буьйсанна ткъес санна,
Разхьоду цкъа.
Баккхийчу нахана
ТІаккха тІейоьрзий,
Кхокханах ша тарлой
Соцура цкъа.

Аьхкенан цу дийнахь
Акхтарго санна,
КІенташна тІехтуьлий,
Тухура мох…
Коьртара, чекх са гун,
КІайн дарийн марха,
КІажарех иэйина,
Хьерчайо шех…

Шедаган аз Іена
Шатайпа керла.
Цу аьзнех юьзнера
Ламанийн юкъ.
Хетара и лаьмнаш
Нахах тарделла,
Мариян хелхаре
Шаьш хьуьйсуш ду…

Олхазарш дІатийна,
Пелаг ца хьадеш:
Мукъаман хазалло
Дицдина уьш.
Шедаган аз Іиэна
Цкъа а ца хедаш,
ЛадугІуш, дийшина
Шовданийн хиш…

Шайн куйнех каетташ,
Баккхийчу наха:
– Дуьне ду-кх, Мария,
Хьо йинчун мах!
Ткъа, хьан мах хадо-м
И тоьар дац! – боху,
– Тхайн долахь и хилча,
Лур дар-кх хьох! –

* * *

КІенташлахь цхьаъ вара
Массарех къесташ
Духарца, герзаца…
Башха бу дин!
Хетарехь, вацара
Дахаро хьоьстуш,
Вацара кхоьллина
Ирс, аьтто ган.

Кхоьллина вацарх а
ПаргІат ву хІора,

Къийса а, лиэха а
Дахарехь ирс!
Карор ду ахь лиэхахь
Кхоьллина доцург!
Іалашой, къийсаммий!
Ирс дац ткъа и?

Динан гаъ хьулбина
Башлакхан тІемаш, –
Буьйсанал Іаьржа ду
Белшеха верта.
БІаьштиг тІехь чола куй
Детиха лепаш,
Хетара баттаца
Нур къийса гІерта.

Горга мекх долчу ден
Аьрхалла гойтуш,
ЧІуг хьовзош, кхелина
Нур догу бесни.
Хетара, дийшийна
Лечано тІемаш,
Ижонна хьаьддачохь
Іалашо лаьцна!

Самукъне я воьлуш
Вацара бере.
Шаьлтанан мукъ буйна
Къуьйлура цуо.
Лечанах тарвелла,
Шен гили тІера

Толлура Мариян
Хелхаран гуо.

Шабаршца ша-шега
Дагара дуьйцу,
Лаьттана, стигална
Хазарна кхоьруш.
Наггахь ша кхерало,
Дашна а доцуш:
Безамо и вагор
Гуш дара шерра!

Хала ду сатийса!
Ойлаян – атта!
Доьналла оьшийца
Хьегначу кхача!
Толамах ца тешахь,
Халонгахь сеттий,
Шогачохь вужу хьо,
Ирс доццчу кхочу.

…Мусин дог кхийдара
ДоІанца Деле:
Доьхура цо Деле
И йицъян гІо.
– И йицъян ницкъ бацахь,
ХІун де ас? Ала!
Я велча дІатоха
Мариях со!

Атта дац безам лан
И даг чохь лело,

Сел къиза, буьрса, кхел,
ХIунда ю хьо?
Безам бу-кх дуьненан,
Iаламан эла!
ХIунда яц и нохчо
Я оьрси – со?

Мел гена ареш ю
Тхойшинна новкъахь!
Валлалца некъ бича,
Кхачалур юй те?
Мел лекха лаьмнаш ду
Тхойшинна юккъехь!
Валлалца аьхкича,
Хедалур дуй те? –

Дино, ден дог хууш,
Берг етта хьалха,
Хедаеш, коржамаш
ДIатуьйсу байн.
Карзахе, болатан
Гаьллаш а Iуьйшуш,
Лепаеш, яьIна а
Сеттайо шен…

Ламанийн Iаннашкахь,
И бIарзвеш новкъахь,
Лаьттара ширачу
Iадатийн дохк.
Ткъа безам! Малх санна,
Йоккхачу шовкъехь

ГІаьттира, йийсар деш
Нохчочун дог…

ШолгІа дакъа

Малх хІунда текха те,
ГІелбелча санна?
И хІунда лечкъа те
Мархашла дІа?
Лаьмнашка,Іаннашка
Дохк хІунда дижна?
Олхазарш сел тийна
Іаш хІунда ду?

Баккхийнаш, кегийнаш
ХІунда бу гІийла,
Йочанехь дохк санна,
Лаьтта охьтиэІаш?..
Сел боккха бу техьа
Лаьмнашкахь бала,
Вертанех санна уьш
Мархашка лечкъал?

Мария цомгаш ю,
Синна гатъелла!
ТІаьххьара къурдаш деш,
Халла садоьІуш.
Цунна бу къонахий
Иштта гІелбелла,
Лаьмнаш а дІатийна
Оцунна ду!

Башлаьмнаш санна,
Кортош къежделла
Баккхий нах, салтий а
ТІехІуьтту цунна.
«Уггар а везачу хьешана!» – аьлла,
Кхоийна кхача а
Схьакхоьхьу кхунна.

– Маржа-яІ! Іожал,
Хьох лата йиш хилча,
Ма йорур яр-кха ас
Шаьлтанца хьо! –
Олура, собар довш,
Са чехка волчо.
Шовкъехь цо дуьллура
Шаьлтан тІе ка.

… Кхо буьйса чекхъели
Юучух ца кхеташ.
Я хих а ца бина
Марияс къурд.
ДегІаха са къаста
Сихделча санна,
Карзахе деттало
Кийрара дог.

Марияс айбира
Исбаьхьа корта.
– Схьалойша цкъа маллал
Шийла хи суна!

– Ва нана яла хьан!
ХІун ду хил шорта? –
Уллорчу зудчо хи
Кховдийра цунна…

Цо бете баьхьира
Хих буьзна чами…
ХІун дайна йиси те
Балдаш ца тІадош?
Хьаьжжинчохь, йицъелла,
Цо хи ма Іаний.
Корах дІа го цунна
Дарбанан шовда!

Тиэм боцу ламанхой
Хьаьвсира, гІовттуш,
ХІун дуйла бихкинарг
Мариян бІаьрг:
Ламанан терхех шен
ТулгІи схьаетташ,
Дарбанан шовда ду
Царна гуш дерг…

Инзаре цу бердах
Хьерчаш, чудуссуш,
Мархашка доьрзу и,
Доьрзу и дарце.
И Іиэна, малхаца
Хазалла къуьйсуш,
ЖовхІарех хи лепош,
Седарчий хьоьрсуш.

Эзар бос богучу
Цу стиглан Іодо,
Нур даржош, кхолу и
ЖовхІарийн гурахь.
Шовданан тулгІе яц
Цкъа а дІахедаш –
И ято ницкъ кхачац
ЧІогІачу гІуран.

Къоначу нускална
Къена стаг санна,
Органо, качделла,
Шена тІеийдо.
Мархаша кІайн шаршо
ТІетуьйсу царна.
Ца Іебаш, царшимма
Вовшийн а Іуьйду…

Мармаран беснеш тІе
ІиндагІаш дийши.
Исбаьхьа бІаьрг-цІоцкъам
Дайн охьатеІа.
Мокхазан дог дацахь,
Хьан бІаьргаш лиэшош,
Аз гІиттош,
Балдаша довха садоьІу…

Довха садоьІура,
Ала ца хІуттуш…
Эххар а дийхи цо
Дарбанан хи…

Амма дац цу тІера
Хи эца атта.
Вала-м, ткъа,
БІозза а атта хир ду!

* * *

Марияс дарбанан хи
Дехна аьлча,
Ламанхой ойлане
Бевллачохь биси.
Лаьмнашкахь малх буьзча,
Іаламан кхолар
ЦІеххьана цу кІентийн
Беснеш тІе доьсси…

* * *

Ламанхой?.. Ас дош ло-кх,
Дахчийна болат
Сатто а, хадо а
Атта ду царел!
Амалца, гІиллакхца
Карор дац гІалат.
Уггар а сийлахь дерг –
Шайн сий ду церан!

Ламанхой гуттар а бу
КІеда, мерза.
Цаьргара гІиллакх а
Доккхур дац ахь!
Ткъа атта меттахъхьов
Синпхенийн мерзаш,

Къамелехь хьо церан
Сий лардеш вацахь!

Уггар а эхье дерг –
Тешнабехк лору.
Тешнабехк бан йиш юй
Ша стешха воцчо?
Къийсамехь шайн дахар
ДІалур дац дорах.
Кхерамехь лоьхур дац
Юханехьа гечо!

Ламанхочуьнгара
Узар ца боккхуш,
ТІулге а хьоькхуьйтур бу
Шийла мохь!
Цхьа тІадам бІаьргеха
БІаьрхи ца доккхуш,
ТІадамашца дерриг цІий
Хоьцур ду ахь!

Машаре наб еш ю
Батта чохь шаьлта.
Хазахета дуьллур дац
Шаьлтан тІе ка.
Баттара схьаяккхахь,
Хьуна хаалда,
Атта дац и йижо
Шен метта дІа!

Вухур вац ламанхо,
Стигла тІеелхарх!

Латтанаш бухдийларх –
Кхералур вац!
Вайн латта-м додур ду
Когаш кIелхьара,
Кхерамехь ламанхо
Вуха-м вер вац!

* * *

Мехкарийнчех терчу
Шайн кIайчу белшех
Лаьмнаша хьерчадо
Мархийн кIайн дареш.
ЖаIу-бутт гIаьттира,
Седарчий дажо.
ДIасхьаьрси, къарз а еш,
Стигланийн ареш.

«Муш – беха, дош – доца»,
– Олуш ду ломахь.
Лаьхьа а боккхур бу
Iуьргара ара,
Къежбелла баккхий нах
Дош дийца бовлахь,
Уггар а лекха лам
Башор бу цара!

Тухур ду цара дош,
Муьлхха гIакх дожош,
Тоьпан хIоъ ца кхочче
Кхачор а ду.

Вожор ву цара хьо,
Ца вуьссург чов еш,
Іожаллин меттара
ГІаттор а ву.

– Вуй шулахь майраниг
И хи дан ваха?
Ткъа, вацахь, со,
Малцаг, ву цунна кийча!
Лаьттахула бацахь,
Стиглахь некъ лаха,
Я велла, я дийна
Шовда схьакхачо! –

Олуш, лен велира
Къежвелла Малцаг,
Турпал ка даздина
Шаьлтанна тІе.
Хеназа воккха стаг
Іоттар ян ваьлча,
Леттера ламанхойн
БІаьргаш чохь цІе…

Хин йистехь лаьттачу
Массо а кІанта
Цхьабосса диллира
Шаьлтан тІе ка.
ХІор а кІант тобанах
Къаста а гІерташ,
Баьхкира воккхачу
Стагана тІе…

Шен шаьлта нисйина,
Куй тІетаІийна
(Иштта ду ламанхойн
Некъ юьхьарлоцуш):
– Хи дохьуш вогІур ву,
Висахь со дийна!
Ца висахь,
Органо сан чарх дІаоьцур…

– Эшахь, вай дІо лекхчу
Башлома тІера
Дахьар ду цхьамма а
Хьаданза луо!
Цхьа а вац халонна
Хир волуш къера!
Ва дада, декъалвеш,
Ахь пурба луо! –

Олуш, цхьаъ велира
Тобанна хьалха,
ЦІоькъан дог сецадеш
Готтачу кийрахь.
Карзахе коча дин
Буьйлура хелха…
Дог майра Муса ву
Цу динан бере!

«ГІой, вола!» – элира
Къоьжачу дадас,
«Некъ дика хуьлда хьан!
Дала гІо дойла!»

Лаьтта и, курал еш,
Шаьлтане кхийдаш.
Хетара цунна ша
Дуьненан эла.

Иштта ду ламанхойн:
Цхьаъ хьалхаволуш,
Сий лардан, эхь айдан
Махкана тІера,
Ткъа, и лахь, декар ду
Сийлаллийн иллеш.
Дуьнен чохь ницкъ хиллий
Нохчийн кІант къарван?!

Мусийна еара
Масийтта аса,
Туьта а, хи эца
Шовданна тІера.
ТІаккха дин хьаьдира
Махал а маса,
Мокхазах ткъес гІиттош
Ленаш кІелхьара…

Малх буьзи.
Лаьмнашкахь
Йоьссира буьйса.
Машаре Іалам а
ГІийла дІатийра.
Органо-м, гІел ца луш,
Бердашца къуьйсу.
Буьйсано седарчийн
Чиркхаш латийра.

Дийнахьчул дазделла
Хетара бердаш.
Буьйсано набарна
Іалам таІийра.
Ламанийн баххьаш ду
Стигланех гІерташ.
Муса вайн, дохк санна,
Буьйсанах ийна…

«Хьуьнар – сов! хІонс – нисса!» –
Олуш ду ломахь.
Хьанна а до цара
Шайн хІонсан дакъа.
Толам а хуьлуьйту
Массеран долахь.
Ткъа хьуьнар?
Цхьаьнцца а дац иза доькъуш.

– Бесийрат, хьан суьйре
Декъала йолда!
Хьуо меттахъхьеярна,
Ахь бехк ма билла.
– Юьртахой, диканца
Шу а дехийла!
Шу вовшех ма кхетта?
Вайна хІун хилла?

– Марияс дарбанна
Хи дехна тахна.
Мел дехарх, тхох цхьа а
Ца вуьгуш шеца,

Цу халчу шовданан хи
Даккха вахна-кх
Хьан Муса… шен сил сов
Накъост а воцуш…

… Геннара схьахеза
Шовданан гIовгIа…
Дог Iовжош, цо кIентийн
Кортош таIийра.
Къежъеллачу нанна
Шаьш еъна гIайгIа,
Хетарехь, кIенташка
Ца лаеллера.

Къежбелла шен корта
Айбира нанас.
БIаьргаш чохь къегира
Йоккха куралла.
Ойланаш-м дIаяха
Шовдане генна,
Буьйсанан боданах
Атта чекхъевлла…

– Баттара ма яккха
Дарвелча шаьлта,
МостагIчун цIий Iаношш,
ДIатухур яцахь!
Дош ма ло пхьоьханна,
Хьайн дог яхьдаьлча,
Хьо хIаллакьхилла а,
Кхочушхир дацахь!

– Хи доцуш цIа вагIахь,
Цхьаъ бен воцчунна,
Дуй бууш, хьарам би-кх
Ас ихьна накха!
Циггахь лахь,
ХIар латта-м хьанал ду цунна!
Ткъа висахь,
Лелийла тхов боцуш акха! –

Аьлла, жоп делира
КIант винчу нанас.
Юьртахой дIабахна,
Ша йиси цхьалха…
«ХIун хир те сан Мусех?
ХIун хезар тахна?
ХIун шийла кхаъ бахьар
Iуьйренца малхо?»

Бохура шен дагахь
Мискачу нанас.
Шовдано-м, дарделла,
Кхунна цхьаъ дуьйцу.
Дозалций, куралций
Букъ тоьхна цIийнах,
Сахьийзош, чекхъяькхи
Цуо буьрса буьйса…

* * *

«Некъ бира нохчочо»
Аьлча, дуй нийса?

Тийсало, шерша и
Пенах дІалетта.
Ког хІотто меттиг а
Йоккху цуо къуьйсуш,
Я куьг а дац леташ
ТІулгах ма-хетта.

Мел дийцарх хуур дац
И берд ца байча.
Аьрзунна атта дац
Цунна тІедала!
Аьрзуша бен беччу
Нохчийн кІант кхечи,
Ловзарах тарбелла
Шегара бала!

Ларамза ког кхетий,
ТІулг карчахь бердах,
ГІовгІанца чухохку
Цуо тІулгийн рема.
Буьйса яц Мусица
ХІумма а бертахь!
Шен дена сагатдеш,
Дин терса геннахь…

Къевли те цуо аса,
Цкъа а ца яста?
Важ юьхьиг чухийци
КІоргачу Іинна.
Ткъа, Іин чохь,
Бодашкахь,

ХIуммаъ ца къаьста.
Аса а дIаяйра,

Бух боцчохь санна.
Кхозу и пхи бIе дол
Бердана генахь.
ХIуммаъ яц схьалаца,
МIара дIатассал.
И тайпа сурт хуьлур-кх
Ирчачу гIенах,
Самах мел ца дайнарг
Дуьхьал а туьйсуш.

Дарбанан шовда-м, ткъа,
Декара уллохь.
Каетташ, Орга,
ХIар чуийзош, терса.
Хи доцург, латта дац
Бухахь ког биллал.
Iожаллин бIаьргаш ду
ТIехьийсош буьрса.

ЦIеххьана мох баьлла,
Товжийра хьун,
Хетара, йижийна
Махо кIа-буц.
Шатайпа мохь баьлла,
Дийкира Iин.
Хийцира Iаламо
Дерриг шен куц.

Стигал а оьккхуьйтуш,
Кхерстира ткъес,
Ламанаш, Іаннаш а
Дегийра цуо.
Алонца ластийра
Шен цІеран кхес,
Серла а боккхуш
Берриг а гуо.

Гайтира ма-дарра
Цо лаьмнийн сурт,
Геннара ширъелла
БІаьвнаш а гин.
Даккъашка, Іаннашка
Даьржира «гурт».
Даьржина, гІелделла
ДІадайра и.

Берзалой, чагІалкхаш
Левчкъира дІа,
Йоьхначу буьйсано
Дайина гІад.
Іожаллий, Мусий –
Шиъ къийсалуш ду.
Шинне а хІар дуьне
Деллера гат.

Сов ирча еънера
И ирча буьйса.
Эхь дайна, сов къиза
Цуо Муса Іуьйду.

Къардайна, ца вухуш
Мусас а къуьйсу,
Сел чIогIа лардечу
Шовдан тIе кхийдаш.

* * *

Органах кхеттачохь
Шовда ган гIерташ,
Хийла некъ цу стиглахь
Малхо бинера…
Сан мохк бу кхиийнарг
Ницкъ болу наьрташ!
Мусас хи ийцира
Шовданна тIера.

«Хиллехь а схьавогIуш
Сан туьта еса,
ХIинца-м бу, туьта,
Хьан дуьненан мах!
ХIай Дела, кху «новкъахь»
Сан вала дезахь,
ХIара туьта Мариях
ДIатоха ахь!

Къематахь хин долчу
Суртанан тIеха
Ца воккхуш,
Вожийта саьмгалан цIерга!
ХIай Дела, валийтахь
Кху «некъах» дехьа!
Кхачийтахь хьомечу
Марийна герга!»

ДогIано тIадийна,
Аса ю шера.
Охьашарша санна дац
Ирах хьалавала!
ДIаболу ницкъ лоьруш,
Деттало кийрахь
Довха дог.
Хета и гIерта схьадала!

ДIо пенах, хьеха чохь,
БIаьргаш а къерзош,
БухIано, цецъюьйлуш,
Кхуьнга цхьаъ-м хоьтту…
ЦIеххьана бенара
ГIаьттина аьрзу
Елира моханца
Кхунна тIам бетта…

Кхин чIогIа-м лазор вац,
Ахь шаьлта тохахь,
Я тентак воккхур вац
Ткъес кхетарх хьуна.
Хетара, стигланаш,
Кеглуш, тIейоьлху.
Цул буьрса мостагIа
Гина-те хьанна?

Iадийна волчуьра
Веара метта.
ГIан ду те? Самах ду?
Хууш дац цунна.

Юха а къарви и
Коьртах тІам кхетта,
Хоьтуьйтуш цунна ша
Чувужу генна.

Буьрсачу къийсаме
Цец арахьоьжуш,
Бена чу тебнера
Аьрзунан кІорнеш…
Кхечеран къийсаме
Юьстара хьежа
Масане ву реза
Цкъа а ца кІордош?

Керлачу моханна
Ели и гена,
ХІаваэхь пелъэккхаш,
ТІехьаьвзи, гІергІаш…
ТІемаша мох этІош,
Іин чохь аз Іиэна,
Мусина чухьаьдда,
Іожалла кховдош…

Ткъес санна, кхерстира
ХІаваэхь шаьлта,
Аьрзунна дуьхьал цо
Мáсонца ерзий.
ХІоъ санна, сихонца
Кхунна тІехьаьдда,
Шаьлтан тІе яхара
Ламанан аьрзу…

ДегІ доькъуш, и шаьлта
Чекхйолуш шена,
Цо мІараш кховдийра
МостагІчун дегІе.
Шен чевнан хьостанах
Довха цІий Іанош,
Бекхам беш, лаьхкира
Дилхан кІоргене…

Елчи а юй дагахь
МостагІа хеца?
Ясталуш яц мІараш
Дилхан кІоргера.
Воьху-те хІинца а
Къийсаме шеца?
Елчи а дийначел
Хета и дера!

Къаьсти и дегІаха
Коржамаш йохуш.
Елчи а дийкхи цо
Шен мостагІчунна…
Сан махкахь аьрзушна
Иллеш ду дохуш.
Аьрзу и масал ду-кх
КІилло воцчунна!

Мусина йицъелла
ДегІан йозалла:
Мокхазан боккха берд
Ша ийбо моьтту.

Дарвелла, сихвелла
Хьалшерша халла.
ДегІ хедош, пхьаьрсашна
Аса чухІуьтту.

ЭтІийна гІовтал ю,
ТІелхигаш кхозуш.
Юьхь, когаш, куьйгаш а
Дуьзнера цІеша.
ТІехтилла Мусина
Іожаллин доза.
Дог диллинчул тІаьхьа
Латта цуо хьоьшу.

Сихонца дІакхачо
Сил деза шовда,
Мусас шен бисина
Ницкъаш гулбора.
Къийсамехь толамах
Ахь дог ца диллахь,
Іожаллин дозанехь
Карор ду гІора!

* * *

Таро яц, яхь елла,
Дахар схьаэца.
Тегийта кІайн марчо
Іаьржачу теца…
ТІехтила йиш йоцу
Іожалла ягІахь,
Хьакъ долчу хьуьнарна
Ницкъ хуьлда дегІехь!

ДАХАРАН ГЕНАШ

* * *

ГІала яккха со ца воллу, –
Цул чІогІа ду адаман дог…
Ирчу дашца ца даккхалахь,
Тоьпе-м и ца даккхало?!..

* * *

НеІий, неккъий ца харжарна,
Вайгара дуьйлу гІалаташ –
«ГІант» а, «гІаж» а шениг харжахь,
Йоцчохь югІу гІаланаш…

* * *

Къинхетам бу дахар латтош,
Ма гуо и дІабаьлла де!
Къиза адам Лаьтта дагІахь,
Дуьне дагош, ер ю цІе…

* * *

Лулахошкахь тезет делахь,
ДІакъовла хьайн цІера той.
БІешарахь хьо зовкхехь вахарх,
БІе цхьаллагІчо-м велхавой.

* * *

Дерриг Дуьне даго гІертарг
Ша вагийна Дуьнено.
Дуьне цІарах догуш хилахь,
Вохвала ма гІерта хьо!

* * *

Даймахкана, вайн халкъана
ЧIагIо хилий хIотталахь.
Вайн дахаран беш совйоккхуш,
Цхьа-ши синтар догIа ахь.

* * *

МостагI гIийла ма хеталахь –
ГIийланиг ву кхераме.
ДоттагI осал ма хеталахь –
Цо дог лур ду хьуна шен!

* * *

Вуьзнарг вузо ма гIерталахь –
ДIакхоллур ву хьо а цо.
Вухавелларг вуха гIортахь,
ТIаьххьара коч цунна ло.

* * *

ОьгIазалла алсамйолий,
Наггахь сан дог тохало:
Хууш вац со кху Лаьттана
Нах боцу нах муха ло?

* * *

Гина суна: кIилло стага,
Шаьлта яккха еззачохь
Мотт баькхина, етташ бага,
Хьоькхуш лергаш къарден мохь.

* * *

Бийца дай цахиллачара
Дена доьхку нахалахь.
Мел ирча мотт лебарх цара,
Ахь дуьхьал ма бахалахь.

* * *

Цкъа а хьаша ца вагIахь а,
Кхерчахь цIе ма яйла шун!..
Тхаьшка хьаша вогIур вацахь,
Ас-м сайн кхерч дIабойур бу!

* * *

ПхьегIаш шорта хилар ма яц
Комаьршаллин билгало:
Цхьа кад тоьу, буьзна хилча –
Комаьршонца ахь и ло.

* * *

– Ирс, ахь хIун до? Стенга доьду?
– Беркат долччу доьзале!
– Барт, ахь хIун до? Стенга боьду?
– Ирс хиллачу доьзале!

* * *

– Беркат, алахь, стенга доьду?
– Барт хиллачу доьзале!
Тхо кхоъ цхьаьний бен мегаш дац –
Цхьаъ делча, тхо кхоь а ле…

* * *

Доьзалан барт боьхна гича,
Дог ца доьлхуш Iэн ца ло.
Бертахь-ирсе доьзал гича,
Сан иллин кIеж хецало.

* * *

Базарахь ваьш дин оьцучохь
Когаш, цергаш толлу вай.
Уьш а йитий, доттагI харжа,
Даге хьажий, къаставай.

* * *

Амма доттагI говр ма яций,
Хьажал цкъа и хаставай:
Хьо леш, вала кийча вацахь,
ТIаккха ала: «Къаста вай!?»

* * *

Диканна хьо тIаьхьатоттуш,
Вонна хьалхавахахь цо,
Хьан диканийн декъашхо ву, –
Халонийн мохь айхьа хьо!

* * *

Суна-м лаьа, эшахь, доттагI,
Хьох и дера дарц хилар –
Вай кхайкхаза бохам багIахь,
И вай цхьаьна тIехтилор!

* * *

Суна-м лаьа, эшахь, доттагІ,
Хьох дистина хи хилар –
Ойла ца еш, Даймахкана
Ахь хьайн дахар дІадалар!

* * *

Суна-м лаьа, сан доттагІ, хьо
Тера хилар шаьлтанах:
И баттара схьаяькхича,
Бовдий, дІабов кІилло нах!

* * *

Суна-м лаьа, эшахь, доттагІ,
Хьох и сирла хи хилар:
Хьан цу хазчу даг чу хьаьжна,
Лаьа цу чохь сайн са гар.

* * *

Хьоьца цхьаьна хало лайнарг
Ву хьан валлалц доттагІа.
Бохаман кад айхьа боькъуш,
Хьайна совнах ботталахь.

* * *

Дахаран кад – цунна, хьуна
КІезга-дукха бац-кха бен.
Іожаллин кад молчу меттехь
Хьайна хьалха хІоттабе.

* * *

Сан дахаран стигал кхолош,
Кхана хIоттахь йочана,
Хьайн гIуллакхаш юкъахдитий,
Суна орцах кхачалахь.

* * *

Мацца а цкъа, деган серло
Яйна, со ца гIатталахь,
Пхьармат санна, хьайн дог дагош,
Воьллахь суна, доттагIа!

* * *

Герга хилча, дегI дегадеш,
Iовжош, гена ваьлча, дог –
Иштта доцчу доттагIаллех,
Алал, доттагI, вай хIун до?!

* * *

Сан доттагI, хьо некъ базбелла,
Новкъахь висахь, йочанехь,
Хьуна кхоллар, кхаллар дахьаш,
Со орцах ца кхочур-техь?

* * *

Букар бердах ирхо йоккхуш,
Хьо кIелвисахь, хIоьттина,
ТIетовжа сан белш ю хьуна
Хьан вешина меттана.

* * *

ДоттагIаллаш ма хедаде –
Уьшша-м вайна оьшуш дай.
Шад ца хуьлуш, хотталац-кха,
Хадахь, доттагIаллин тай.

* * *

– Мичахь ду хьан ницкъ, кураллий? –
Ас аьрзуне хаьттира.
Шен ницкъ болу ши тIам тоьхна,
Аьрзу хьалагIаьттира.

* * *

Бертахь доьзал, маьрша Даймохк
Беца къонахчун ши тIам.
Бийца моттий, мохкий бацахь,
Адамех ца олу къам.

* * *

Къонахашна зама йоцуш,
Хилла ма яц заманаш.
Замане ца ловзадойтуш,
Зама ловзо Iамалаш!

* * *

Къонах воцуш ва́ха атта
Хилла массо заманахь.
Атта дацарх, къонах хилий,
Тахна ваха Iамалахь!

* * *

Ва́га къонах оьшуш хилахь,
Молханах хьо вагалахь.
Де кхоладеш, бода багІахь,
Хьо, нур хилий, къагалахь.

* * *

Массо ирсе волчу хенахь
Ирсе хила Іамалахь.
Каг а ца луш, хало лар а
Ду къонахчун амалехь.

* * *

Чинех уггар лакхарачарех
Ду хьуна, кІант, – къонаха!
Цу чине хьо кхаьчна вацахь,
Лахал, хьажий, гонаха!

* * *

ХІора де а дисинчарех
Ду хьан уггар хьалхара.
Цхьа де эрна дойуш царех,
Кхералахь хьо кхалхарна.

* * *

Сеттор ву хьо, чехор ву хьо…
Дарцо къиза херцаво –
Эшна-тоьлла, велла-дийна –
Сийлалло шех хер ца во.

* * *

ТулгIенашца дIавоьду хьо,
Ахь цхьа кIезиг нека дахь,
Къонах велахь, тулгIеш цоьстуш,
Дуьхьал гIолахь неканехь!

* * *

Дарц хьоькхучу агIор ваха-м
Атта хилла гуттара.
Къонах, дагах Iуьргаш дахарх,
Дорца дуьхьал хIуттура.

* * *

Вала санна, гуттар хала
Къонах хила, хьаха, ду.
Вала санна, гуттар хала,
Къонах хилла ваха ду!

* * *

Къонах вацахь, латта хьоьшу –
Хьо цкъа а ца вахало.
Лекхчу лаьмнех лекха – сийлахь
И цIе хьуна наха ло!

* * *

Вайн синмаршо, сатийсамаш
Бохамашца лакъийнехь,
Вайн Ницкъ, Хьуьнарш, Толамашший
Ду паналлин лакхенехь!

* * *

Аьрзуш тасаелча, биркъаш
Идайой-ца хьозаша.
Лечано цIийн пхьор дуийца,
Къийгаш тIехьайоззушехь!

* * *

Майрал, Хьуьнар, Доьнал, Оьздал
Ца кхехьна ЦIойн-Бацара…
Беллачара дIахьош хиллехь,
Уьш хир а ма дацара!

* * *

Мукх дIабийча, мукх тIебалар –
Бац-кха цуьрриг тамаша.
Къонахчун кIант кIилло кхиар –
Тамаша бу, сан ваша!

* * *

Махкахь уггар тоьлла къонах
Шен кIанта ма вохаво,
Ледар кхиънехь, дуьхьал ваьллехь,
И вуха ца тохало.

* * *

Мах а боцуш ас хIоранна
Цхьацца ага лур дара,
Кхиъна ваьлча, эрна хилахь,
Кхо мах баккха цуьнгара.

* * *

Бартбоьхна дай, доьзал бахьнехь
Сан дог ма ду набахтехь.
Доьзалан да паччахь вочцохь
Беркат хир ду, хьан бах техь!?

* * *

– Дада, дада, Хьо – тхан – Стигал!
Къинхетаман догIа – Хьо!
Дуьненан юкъ! Доьзалан букъ!
Хьо воцчохь тхо ца Iело!

* * *

Оьшшучулла догIа лора,
Оьшшучулла лора малх.
Хьоьца хало атта ловра,
Ткъа Хьо воцчохь – йоккха чалх!

* * *

Да дIаваьлча, тхов тIекхета,
Коьрта юссу йочана.
Да дIавахча, доьзал буху,
Дог а кхаьрдаш воцчуьнан!

* * *

– Дада, алахь, кху дуьнен чохь
Уггар эхье хIун ду техь?
– Кху дуьнен чохь уггар эхье –
Тешнабехк, ахь дена бахь…

* * *

– КІанта дена тешнабехк бо,
Ледар, осал и кхиънехь.
Стаг ца хиллехь. Тешам, безам,
Дегаандо йицйинехь.

* * *

Доьзалан да эла воцчохь
Иман хир ду хьан бах-техь?
Хьан са доцчохь дегІан паччахь
Сан са ма ду набахтехь…

* * *

Зударийн цІе божаршкахь ю,
Божарийн цІе – зударшкахь…
Вадий, генаваьллахь, хьайна
НІаьно дина хІоаш гахь.

* * *

Зудчух майра хилла бохий-ц,
Зуда хилла майрачух.
Бакъо къуьйсуш, доьзал бохий…
ХІун хир ду-техь кхана шух?!

* * *

Котам нІаьнех кхойкху тахна,
НІаьна ека къуьрдигах…
Корта баккхий, е чу кхосса
НІаьна, котам хилла гахь…

* * *

Зудаберех лела кIант а,
КIантах лела зудабер –
КIант кIант а яц, йоI йоI а бац…
Алал, царех вай хIун дер?!

* * *

Вайн мехкарийн кIажарш хестош,
Кхин иллеш ца яздо ас:
Мехкаршачул чIогIа хазъеш,
КIенташа дIахецна мас…

* * *

Тохар нIаьнех котам кхайкхахь,
РагI яхь нIаьно котамах,
Корта боккхий, е чу кхуссий,
ДIаэйора хьолтIамех…

* * *

– Мебельная! Хьо хIун деш Iа?
Газеташ ца доьшу ахь?
Уггар сийлахь мебель хир ю-кх,
Ахь аганаш шортта дахь!

* * *

Мода ширлой, сихха тишлой,
ГIанташ, стоьлаш дагадо –
Тхов тIехь лаьтташ бIе шо кхаьчна
Со техкийна ага ду.

* * *

Туьканахь а, базарахь а
Ага – уггар сийлахьчех.
Бакъду, бераш дан-м луур дац,
Вай мах баккхахь иштта шех!

* * *

Гиний шуна, кхиъна ваьлча,
Ага бехдеш цхьаволчо?!
Ага динчу дечган меха
Ша цахилар гойту цуо!..

* * *

ЦІе яьллачохь, кІелхьардоккхий,
Деса-дуьзна – бен ца деш,
Ламарочо ага дадош
Со хийлаза хилла теш.

* * *

Цхьанна а махкахь ага дагош
Алал, доттагІ, гинарг вуй?
Ткъа аганаш дагийнчарех,
Дохийнчарех бахна дуй.

* * *

…Нахе вахча, гонах хьожий,
Хадабо ас цІийнан мах:
Чохь бер техкош ага долчу
ХІусаман мах бац ма бах!

* * *

Хаза хIума ян яханчу
Къиго кIорни еъна шен.
Цул ирчаниг хьанна гина?!
Вай-м ца дохку цунна лен.

* * *

Иштта ду бер динчу нанна:
Дерриг шен са цунна ло!
Хьанна ло вай сий, хастаммий?
Дахар деллачунна ло!

* * *

Гиний хьуна, мох бацахь а,
Даим дегош лаьтта мах?
Шен йоIана сагатдинчу
Ненан сих и хилла бах…

* * *

Вай дагийча, шелдан гIуртий,
Ненан кийра буьллу ша…
Вай шелделча, дохдан гIуртий,
ЦIарах йогу меллаша…

* * *

– Хьо, я хьайн бер?
Муьлхарг ло ахь? –
Шега хаттахь дарц-мохо,
Ойла ца еш, нанас эр ду:
– Сан бер дитий, со дIахьо! –

* * *

Сих даьллачу шен берана,
КIелдитинчохь хьогалло,
Нанас дегIах цIий малор ду…
И гинарг ган схьагулло!

* * *

ХIоьттинехь мацалла холчу,
Долчу дас шен берана,
Даькккхина шен доIах делча,
Тамаша ца лерина.

* * *

– Алахь, нана, йоIана тIехь
Товш цахетарг хIун ду-техь?
– ЙоIана тIехь товш ца хета,
Цо шен сий ца лардинехь.

* * *

– Товш ю хьо, йоI, деши, дареш
ДегI-са кхала дуьйхинехь,
Хьайн сий, эхь, яхь уггар хазчу
ГIиллакхашца дуй хиънехь…

* * *

– Эхь, хьо дехаш мичхьа ду-техь?
– Эхь долу йоI йоллучохь!
– Сий, ахь хIун до? Стенга доьду?
– Эхь-бехк долчу доьду со!

* * *

– Эхь, ахь хIун до? Хьанах дедда?
– ЙоIах дедда доьду со!..
Цо сан юьхь тIе туйнаш тоьхна,
Бехйинаргга-м и ша го!..

* * *

КIентан Яххьий, йоьIан Эххьий
Ма гойла дIадаьлла де!
Кхана уьш дIадовлуш делахь,
Ца вехаш, со тахна ле…

* * *

Ден цIе йоцург Даймохк боцуш
Висча санна хетало.
Ден цIе, Даймохк боцуш висахь,
Сох тешалахь, велла хьо!..

* * *

Шен бер некхах ца дакхийнехь,
Нана эрна еххина.
Ненан некхехь кхиъна воцчух
КIант хир ма вац Махкана!

* * *

– Хьуна хьанал ю сан шура!
Хир юй ала хьан бакъо,
Хьайн кIант гIаттахь, Дуьне даго
ЦIе дIаяйа, хIорд лакъо?

* * *

– Хьуна хьарам ю сан шура! –
Ала бакъо хир юй-техь,
Даймахкана ямарт хилла,
Хьан кІант валахь дуйнна тІех?!

* * *

Дуьнене цаэшавелларг
Иэшаво шен доьзало.
Іожаллех а цакхийринарг
Шен доьзалах ийзало.

* * *

Я воккханиг воккха а вац,
Я жиманиг жима а вац.
Эверестан, Эльбрусан баххьаш
Хьалха санна лекха а дац…

* * *

Мегаш мел берш могуш бацахь,
Ма вон хьал ду-кх доьзалехь!?
Могуш мел берш мегаш бацахь,
Дуьне доха деза-техь?!

* * *

– Сийлахь Нана! Хастам хьуна!
Берийн дуьхьа яьхна хьо!
Генахь хиларх, тхаьш мацделча,
Хьан комаьрша куьйгаш го.

* * *

– Сийлахь Нана! Хастам хьуна!
Берийн дуьхьа яьгна хьо!
Бодашкахь а серло латтош,
Догу хьан комаьрша дог.

* * *

– Сийлахь Нана! Берийн къинна
БІаьрхи хилла, ешна хьо!
Тхо – бераш ду-кх Хьо къанйинарш!
Къона латториш а – тхо!

* * *

Оьшшучулла сискал лора,
Иштта туьха лора Ахь.
Тхо ирсе ду, генахь хиларх,
Деган йовхо тхаьшна лахь.

* * *

Нана, хьан юхь тІера хершнаш –
Уьш хьан берийн некъаш ду.
Хьан комаршой, къинхетаммий,
Хан мел ели, хьекъаш ду.

* * *

…Дог доллучохь корта болуш,
Корта болччохь хилча дог,
ТІаккха-м хуур дара вайна,
Хьан хІун боху, хьан хІун до.

* * *

Кху вайн Лаьттан рицкъа даа
Бакъо йоцу боьха нах,

Вайна дахар къахьдеш лела,
Куралла еш пхьоьханахь…

* * *

Деших вешин корта бухкуш
Бахам гулбо хIинца а…
НаьIалт бахарх, кхето гIертарх,
Ца белла уьш хийца а.

* * *

Харцой, бакъой къасто атта-м
Дуьне кхоьлличхьана дац.
Шийтта корта болу саьрмак –
Харцо яла туьгуш яц.

* * *

«Харцой-бакъой, – олу наха, –
Биъ пIелг биллал меттиг ю!»
Ма бакъ дац и! Царна юккъехь –
Дийнна паналла ма ю!

* * *

Тхан мехкарий, кIентий ирсехь
Дайл-нанойл совбахалахь!
Ирс луо царна, къовссуш даккхахь,
Ткъа сий-хастам – наха лахь!

* * *

Шен вешина ваша воцчух
Хьуна хир вац доттагIа.
Хьайца хало екъна вацахь,
Биекъий, кад ма ботталахь!

* * *

Иштта ду дош! Турпалхочун
Дарже воккхуш, айво цуо.
Шаьлтаночул кІорга чов йо,
Чевнна хьовзабойту муо.

* * *

Малхо санна дашор ду цуо
Башлам тІера шийла луо.
Къонах гІаттош, кІилло вожош
Долчу дашна меттиг луо!

* * *

Мотт шаьлтанал ира хилар
Толам лоруш хилла дайн.
И шаьлтанал беха болчух
Цу Дала лардойла вай!

* * *

Дешал, хІара Іийжам-илли,
БІаьрхин хьаьркех доьттина.
Ду уьш сан бІаьрхин цІийх хилла,
Къовса, лата гІевттина…

* * *

– ЦІийца цхьаьна бІаьрхиш ийна,
Весет ду сан, кхана лахь:
ЦІий хуьйдинчу вайн лаьмнашкахь
ЦІий ма Іанадайталахь!..

* * *

Сийлахь Нана! Уггар дезчех
ХІар жовхІарийн кочар а,
Адам кхолла, кхаба хьуьнар
Долчу хьуна кхочура!

* * *

Уггар сийлахь цІе ю Нана
Маьлхан нуьрехь къегарехь…
Уггар сийлахь Къонах дош ду
Вайн цІердешнийн легарехь!

* * *

Чинех уггар лакхарчарех
Хилла даим Къонах-чин!
Цуьнга кхача хьуьнар делахь,
Сий ма дайа вайн нохчийн!

* * *

ДІасакъаьсташ дехар ду сан,
ДоттагІ, хьоьга тІаьххьара:
Хьо тІехь волу дахаран га
Ахь ма хададахьара!..

* * *

…Йоккха-топ яц ас кхоьссинарг…
Кхоьссинарг ду буьрса дош!
И тІехтилахь, гур ду хьуна,
Сайн шаьлтан тІе ас ка хьош!

БЕТТАН ТІУЛГ

1

«Хьайна езахь, кху дуьнен чохь
Мел долчул а, сил а сов,
Лаьмнаш ахка, чехка хиш а
Хедо кийча хуьлда хьо!»

2

«Сайна езар чІагІдархьама,
Цхьаъ бен доцчу сих а сайн
Вала кийча ву со, езар,
Яла сихха омра дай!»

3

«Зумсойн махкахь боьжна, боху,
Чохь шен сурт гуш Беттан тІулг,
Сан гІургІезан кІайчу логах
И Беттан тІулг товр ма бу…

Валол сихха Зумсойн махка,
Лекхачу Селин лам тІе гІой,
Лахий, схьабал и Беттан тІулг.
И сан коча оллий вай?!

Сан гІургІезан кІайчу логах
Ша хьоьгуш, цецвуьйлучо,
Дерриг лаьмнаш таллий, схьабай,
И Беттан тІулг суна луо!»

4

Беттан тIулг а бахьаш, вогIий,
Цо езаре кховдабо.
Амма хIокху декъазчунна
Зудчун ямартло-м ца го…

5

«Гуьржийн махкахь ша-ламанехь
Седа боьжна сийсара…
Дерриг адам, и хазбелла,
Боху, цуьнга хьуьйсура…

Новкъавала! Ломахь лахий,
Схьаба седа, беттан ах!
Хьалха и сан коча оллий,
Со реза е хьайна ахь!»

6

Масех дийнахь, ломахь лохий,
Седа бахьа декъазчо.
Амма кечъеш ямартло ю
Декъазчунна шен зудчо!..

7

«Бацойн махкахь гучудевлла
Беттан басахь цхьогалаш…
Собар дайна, сатийсина…
Яц кхин царех хьегалуш!

Лам тIера ло санна кIайчу
Сан белшах баьрг тухучо,

Цу цхьогалийн цIокарчех яй,
Сан белшаш тIе олла бекх!1»

8

Масех дийнахь ломахь толлуш,
МаьI-маьIIера схьагулдеш,
Лецна деа кIанта беттан
Басахь чола цхьогалаш…

9

«ЦIаьн-хьуьнхара экха дууш,
Цхьа буьрса цIокъ даьлла бах…
Цунна тIера дашо цIока
Схьаял, дIалой боьхху мах!

Цу буьрсачу цIоькъан цIока
Сан когаш кIел тасалахь,
Хазчу когийн дашо кIажех
Iаббалц бIаьрг тоха ахь!»

10

Масех дийнахь цIоькъан лорах
Лийли майра ламаро…
Толам баькккхи, берахь дуьйна
Ломахь талла Iамаро.

Цу буьрсачу цIоькъан цIока
Еъна теси когаш кIел…
Амма хууш яц кIантана
Шена хуьлуш лаьтта кхел…

11

... «Дуьне суна цхьанна а тоац!..
Цхьаъ бен доцчу дуьненахь
Сой, хьан наний цхьана тарлац,
Хиларх оццул и генахь!..

Вало, шаьлта тохий, даккха
Хьайн къеначу ненан дог!
Сан когаш кIел охьатаса,
Боккъал езахь хьайна со!..

Хьайн ненан дог ахь схьадаккхахь,
Сайн дог хьуна дIалур ду…
Вовшийн дегнаш хьоьстуш, вайшиъ
Даллалц цхьаьна дехар ду…»

12

…Корта некха тIе божийна,
Лаьттара кIант ойла еш…
Ткъа езаран «бохча» дуьзна –
Мекарлонаш, хIилланаш!..

13

«Х1ун деш лаьтта? Хезий хьуна?
ХIинца харжа – Со? я и?!
Хьайн ненан дог карахь доцуш
Со йолчу ма вола кхин!

Хьо-м ца хилла суна моьттург!
«Еза!» – бохуш, Iехайойц?!

Вайшиъ хIинцца къаста деза!
Ненан дог ахь схьа ца лойц?!

Боккха болх бу хьан и нана?
Соьца нисъян воллу хьо?
Со саннаниг дуьнен чохь яц!
Ас дIатассахь – велла хьо!..»

14

«Нана! Нана! Хьо е боху
Сил езачу езаро!
Оццул генахь хьо йоллушехь,
Хьо новкъа ю. Хьийзаво…

Ша саннаниг кху дуьнен чохь
Яц боху цо схьакаро…
Хьо тIехъетта! Эшийна со
Цуьнан матто – зIакаро!..»

15

«Бакъду, сан кIант, хьан бIаьргашна
Карор яц и санна ерг…
Хазаллица бIарзвина хьо,
Маттаца къардина лерг…

Зудчо бахахь, со е, хьайна…
Ирсе хилий, вахалахь…
Айхьа со ер, собар тоахь,
Ма даккхалахь нахала…

«Нана йийнарг!» – бохур ма ду
Хьо бІаьрга мел вайначо.
Елча, кошахь, дийна волчу
Хьуна йоьлхуш хир ю со…

Тоъал яьхна…Хьо кхиийна…
Кхин дІа яьхна ас хІун до?
Хьуна даьгна, дилхина дог
ХІинца хьуна ас дІало…

Хьуо вакхийна накха ларбеш,
Ахь букъ хадабахьара…
Хьайна даьгна, детталу дог
Доккхур ду ахь схьа ара…

Дуьйцуш хезна: аьрта шаьлта
ДегІана лан атта дац…
Мангал ирбеш, Іаьржа аьлха
Лелийнер-кха цкъа хьан дас…

….Васхалара и схьаэций,
Шаьлта иръяхьара ахь.
Геч до хьуна. Кош тІе вогІуш,
Суна наггахь гайталахь…

ХІинццалц хьуна дагийна дог,
Сан кІант, хьуна ас дІало…
Хьайн езарца бертахь, ирсе
Дуккха а вехийла хьо!..»

16

Шаьлта тоьхна, дог схьаоьцуш,
Нана йилли ерина…
Ша елла а, дийна дита,
Гечдо нанас берана…

Езар ело сихвелла кIант…
Корах чу цо бетта мохь:
– Хьажал, езарг! Сан ненан дог!?
ХIинца ешар юй хьо сох?!..

17

НеIар-сагIех тассавелла,
Нийсса бертал кхийти кIант…
Самах цунна хьалхахIоьтти
Инзарвоккхуш ирча гIан:

Кхечуьнца кIедачу меттахь
Кхуьнан езар Iуьллура,
Кхетам баьхьна, инзарваьлла,
Кхунна и ца евзира…

18

«Нана яла хьан! Лазий-кх хьо?!» –
Карахь тохадели дог…
Ткъа ямартчу цу езаро
Шен хIилланаш дерзадо:

– ДIаяьл, кIилло, хьо гучуьра!
Хьайца дIахьо ненан дог!

Сел стаг йоцчу, эхь-яхь доцчу
КІилло-стагах ас хІун до?!

19

Шен кІант ирсе хилла дагна
ГІенаш гора генара…
БІаьрхиш хилла, цІенчу лаьтта
Дог доьлхуш, цІий Іенара…

ГОЧДАРШ

А.С. Пушкин

ІАЬНАН СУЬЙРЕ

Букар дарцо стигал кхолош,
Буьрса чимаш хьийзадо,
Наггахь цІевза барзах тарлуш,
Наггахь берах белхам бо.

Наггахь тишчу тхов тІе долий,
Карзахе ча кегадо.
Некъах тилларг санна, догІий,
Тхан цІийнан кор туху цо.

ХІар тхан тишчу цІийнан кхало
Сингаттамо хьаьшна ю.
Кора хьалха, миска нана,
ДІатийна хьо хІунда ю?

Ва сан нана, гІелйина хьо
Дарцо бечу узамо?
ГІийла тийжаш, тхьовсийна хьо
Хьайн карарчу урчакхо?

Сан декъазчу къоналлина
ТІера чагІар малий вай?
Кад схьакховдабехьа, нана,
Цуо-м са паргІат доккхур дай.

Илли ала суна, нана,
Хастош хIордан олхазар,
Іуьйранна сатосчу хенахь,
Дуьйцуш, йоI хи эца яр.

Букар дарцо стигал кхолош,
Буьрса чимаш хьийзадо.
Наггахь цIевза барзах тарлуш,
Беран делхар хазадо.

Наггахь тишчу тхов тIе долий,
Карзахе ча кегадо,
Наггахь, тилларг санна, догIий,
Тхан цIийнан кор туху цо…

М.Ю. Лермонтов

* * *

Суо-цхьалха буьйсанна со араволу,
Дахкарлахь схьакъегаш мокхаз некъ беца.
Тийначу арено Деле ладоьгIу,
Вовшашца къамел деш седарчий гойца.

Стиглахь ду тамаше-ойлане тийна.
Аренаш беттасехь йийшина Iохку.
ХIар Iийжам, доглазар хIунда ду суна?
Син кIорге толлуш ас ойланаш охку.

Дикане сатийса меттиг бац кхана,
ДIадахнарг цуьрриг а дагахь ца доллу.
Лаьар-кха дIавижна, вицвала суна,
ПаргIатой, тийналлий лоьху ас халла.

Лууш вац шийлачу лахьти чу верза,
ДIавижна, вицвала лаьар-кха суна,
Цкъа мукънаъ нисдина нийсонан терза,
Дахаран ницкъ дебо ерриг а ханна.

Буьйсанна, дийнахь а сан безам хьоьстуш,
Сайна тIехь декийла ирс кхуллу илли,
Турпал наж сайна тIехь, шен генаш лестош,
Тийналла Iалашъеш бекийла гIийла.

* * *

Кхачделла можа ялта аренгахь техкаш,
Мелчу мохехь къона синтарш декаш геннахь,
Сийначу гІаш юккъехь Іаьржа хьечаш лечкъаш,
Цу бошмийн ІиндагІаш лустделлачу хенахь,

ТІехула тхи хьаьрсина, хаза хьожа гІиттош,
ЦІийеллачу сарахь я Іуьйренан анахь
Кулла кІелхьара, шен дато корта теІош,
КІайн зезаг суна дуьхьал ийлучу хенахь,

Іинан кІоргехь шийла шовда ловзадолий,
Суна дуьйцуш схьадаьлла мохк, еъна гениэ,
Беран маттахь тамашена илли олий,
Вицвой, сайн деган кІорге цуо вигначу хенахь

ДІатоьйца сан аьрхачу син карзахалла,
Юьхь тІера хено делла хиэбарш дІасдовлу,
Дог теша сан: лаьттахь ирс каро ницкъ хилла,
ТІаккха стиглахь гучуволу суна Дела!

ГIАЛГIАЗКХИЙН АГАНАН ИЛЛИ

Iилла, кIорни, хьоменига сан,
Олий-болий-лай!
ГIийла хьоьжу и беттаса
Цу хьан агана,
Ас туьйранаш дуьйцур ма ду,
Йиш а локхур ю,
ДIавижахьа, бIаьргаш хьабдай,
Олий-болий-лай!

ТIулгаш тIоьхла Терко, гIергIаш,
ТулгIеш керчайо,
Берда йисте, шаьлта иръеш,
Нохчий текхаш го.
Амма хьан ву майра дада,
ТIам тIехь вахчийна,
Вижий Iилла, шек ма вала,
Олий-болий-лай!

Хуур хьуна, дезар ду хьан,
ТIом бан дезар ду,
Майрра хьайн ког ловзуш луьйта,
Герз схьаоьцур ду.
Чаьрпазаш еш, боккхуш чилла,
Нуьйр ас кхолур ю,
Сан бIаьргийн нур, дижий Iилла,
Олий-болий-лай!

Куц хир ду хьан турпалхочун –
ГIалгIазкхи ву хьо,

Новкъа ваккха кетІа яьлча,
Куьг ластор ду соь…
Хийла бІаьрхиш цу буьйсана
Ас ма Іенор ду!..
Іилла, малик, мерза, тийна,
Олий-болий-лай!

Сингаттамо хьийзош хийла,
Ва́ре хьоьжур ю,
ДоІанашца Деле гІийла
Ас хьо воьхур ву.
Хетар ду-кха: сагатдеш ву
Пана махкахь хьо,
Хало йовза кхуьур ву хьо,
Олий-болий-лай!

Новкъа волуш, лур ду хьуна
Сийлахь хІайкал сайн.
Хьалха леца даим хьайна,
Далла гІуллакх дай.
Халчу тІам тІе хьайн дин лоллуш,
Нана йиц ма е…
Хьо сан кІорни, дижий Іилла,
Олий-болий-лай!

БАРКАЛЛА

Баркалла! Сийсара ас дагара дийцарна,
Со, аьшнаш ца веш, тIеийцира ахь.
Хиллехь а ца кхеташ сан деган шовкъах,
Даггара долуш санна, сан дог эцарна,
Баркалла хьуна!

Ира къамел, хаза бIаьргаш суна дайна,
Шаьш массо а тIеийзийна кхечу меттехь,
Сан даг чохь хир, воьрзуш лаьтте.
Амма лаац суна ахь алар сайна:
Баркалла хьуна!

И хьан миска леш, зазадоккхучу хенахь,
Ца лаьара совбуьйлийла иштта,
Чов тухуш, къиза Iоттарна метта,
Даггара долуш санна, ахь олийла сайна:
Баркалла хьуна!

Хьан бIаьргаша шийла гIура
гойтийла суна,
Сан синхьегам, сатийсар цара доьйла,
Ахь мел кхоьллинарг сан хIаллак хуьлда!
ТIаккха-м эр дара ас даггара хьуна:
Баркалла хьуна!

* * *

Тамаше шийлачу ахмаски тIехьара
Йоккхаер декара синхьегам хилла,
Милла а муьтIахь вен хьан бIаьргаш къегара,
Къежара балдаш а, гойтуш аьрха хIилла.

Дайчу дахкарх чекх лаамза суна гора
Йогу беснеш, кIайн яьIна – нуьре кхоччуш,
Яйра суна: месех едда, яьлла Iора
Бесни тIоьхла хьаьдда чIуг – аьрха гиччо…

ТIаккха ойланехь ас кхоьллира сайна
Исбаьхьа йоI, дайчу аматашца шен,
И дегI доцу йоI – бIаьрлагIа – хIетахь дуьйна
Лелайо-кх ас, хьоьстуш, езаш, дагахь сайн.

Хета суна: и хьан къамел дека зевне
Цхьана хенахь цхьанхьа-м суна хезна ду.
Даго боху: хьалха гинехь, дуьллуш эвна,
Хено вайшиъ кхул тIаьхьа а гойтур ду.

* * *

ХІан-хІа! Хьо яц суна езарг чІогІа,
Суна дац хьан хазаллин лепар.
Хьо яйча, сайн жималла дагайогІий,
Алсамдолу дІаяханчу хенах хьегар.

Нагахь со хьежа ваьлча хьоьга,
Хьан бІаьргийн къайле кхача вулий,
Хьалха хилларг дагайогІий, бІаьрхиш оьгу, –
Амма дац сан – хьуна воьлху ала.

Хьан сибатехь цуьнан амат лоьху,
Хьан бІаьргаш чохь лоьху яйна цІе.
Зевне мотт хьан аз до́луш бац шеха.
Жимчохь езнарг йоьху сайна тІе!

К. Л.

(Байронах тардеш)

1.

Кхечуьнца а ца дицдора
Хьан бІаьргийн нур ас.
Кхин езарца къахьо гора –
Даг чохь яра хьо.
Ойланаша набарх йохуш,
Даго шир ца йо,
Цкъа а ца гІеллуш, соьга боху:
«Еза, еза хьо!»

2.

Хьайн илланча виц а велла,
Кхечуьнца ю хьо.
Даймахкана гена воху
Сайн ойлано со…
ДІахьонвай со цу кемано
Генна махка дІа.
Бухахь тулгІеш екар ю-кха:
«Еза, еза хьо!»

3.

Ткъа дуьненна-м хуур даций
Безам мел бу сан.
Миччахь а ас лехарх, хІинца
Тийналла яц ган!
Мел сагатдо хийла хенахь,
Мел цо хьаьшна ву.
Даго шабарш дойца генахь:
«Еза, еза хьо!..»

ИРАХЬЕР

Малх а баьлла лома тIехьа…
ДIачукерчи и,
Халла хезаш, дека дехьа
Карзахдаьлла хи.
Беркат алсамдаьлла бошмаш
Дахкарлахь дIатийн,
Тифлис а яц кхин йистхуьлуш, –
Дахкарх дуьзна Iин.
Ирча гIенаш лела, хьийзош
Къинош летта нах,
Синош ларде маликаш ду
Бераш хьоьстуш шаьш.

ДIо, мокхазан бердал дехьа,
АгIорваьлла, хехь,
Цу къоначу ножа кIелхьа
Со ву куза тIехь.
Цхьалха волчу ас ойла йо:
«ГIенах хилла-техь,
Боде буса ирахьIен ян
Дош луш суна ахь?
Сайн безамца сийлахь долчу
ХIокху сохьтехь со
Хьоьга кхойкху, цхьаъ бен йоцчу,
Яре хьоьжуш хьо».

Лахахь цIераш цу гIароллин
ТIай тIехь йогуш го,

Килсан бахьаш, сел Іаржделла,
Хехой санна, ду.
Зовза, ларлуш, банешкара
МаьІ-маьІІера шайн
Тобанашца гуьржийн зударий
Болар хьош бу дайн…
Кху бесачу урам-новкъахь
Халла шерша уьш,
Га дехачу чухти тІехьа
Юй хьо йовза йиш?

Геннахь гуш ду шен беданца
Хьо Іаш йолу цІа,
Лесташ йолчу шен ученца,
Техкаш хи чохь ша.
Кура-хи тІехь ловзуш болчохь,
Кхерсташ, шийла мох,
Хьан цІа лаьтта, таьлланг хьерчаш
Комаьршонца шех.
Лекхчу акхтаргел а дехьа
Гуш ду суна кор,
Амма чІурам богуш цхьалхха
ХІинца-м ма ца го.

ЛадоьгІу ас, со ца кхета,
Хьежарх пайда буй?
Куз ма хадий, собар дайна,
Ас шаьлтанца сайн…
Сингаттамо къиза дожуш,
Хьийзадойца са,
ТІуьна шело лаьтта яьржаш

Малхбалера схьа,
Къоьжа баххьаш мархел лакхахь
Малхо цIийдо дайн…
Совдегарш а гIуьтту тIаккха
Къепалашца шайн…

ДIадалахьа, эхье бIаьрхи,
Кхехка, сан дог, хьо!
Хьан ямартло, Iаьржа лаьхьа,
ХIинца суна го!
Хаьий суна-м, хьере шовкъехь,
Стенах воккхаве,
Шен дин хьийзош урам-новкъахь
Къона гIезало…
Эрна дац-кха шен дин тийсар
Цо хьан кора кIел!
Хьан дада а хилла-кх безаш
И гIажарийн дин!

Буйна эцна еха мажар,
ГIур ву цунна кIел…
Берда кIелхьа кIело харжа
Бу цхьа готта некъ.
ЛадоьгIур ду кешнаш долччохь,
Хиллалц делкъан хан.
Новкъахь гуча чан-кIур даьлчахь,
Топ хьажор ю сайн.
Ма эрна ду-кх сан вегавар!
Тебий, дIатоь со…
Герга кхочу цуьнан говран «дур»,
И зуламхо ву?!

КЪОВСАМ

Берриг лаьмнийн доьзал болчохь,
Дегош лаьмнийн гІов,
Казбеканний, Шат-Ломанний
ГІаьтти доккха дов.
– Нацкъарбала! – цу Казбеке
Бистхилира Шат, –
Дойна стаго, хьан бух бегош,
Дойна ницкъан Іад!
ЦІеношдугІур ду цо хІинцца
Лаьмнийн бердаш тІехь,
Диг декор ду боде Іинца,
Декор ду цу чохь.
Аьчган бел а, хадош накха,
Юьйр ю тІулгах чу,
ЦІаста, деши шорта доккхуш,
Некъ буьллур бу цо!
Хьажал, хІинццехь къепалш оьху
Лаьмнаш тІоьхла охьа,
Паччахьел а паргІат хьалха
Аьрзуш яьхначохь.
Атта дацарх, мекар ву-кха
Тахна веха стаг,
Мел ницкъ болуш хьо хиларх а,
Лоцур ду цо лаг.
Хьо ларлолахь! Адам шорта.
Ницкъ бу Малхбален!
– Ца кхоьру со цу Малхбалех! –
Хазий дуьхьал жоп, –

Цигахь адам дижна Iиэле
Кхаьчна исс бIе шо.
ДIо Iиндагlехь, вехна ваьржаш,
Iенош хечи тIе
Мерза чагIарш, вижна гуьржи,
Хьажал цуьнга дIа!
Луьлла уьйзуш, кIуьрла йоьлла,
Сеттош шен диван,
Чухчареш кIел йижна Iуьллу,
Iуьллу Тегеран.
ДIо, когашкахь Иерусалиман,
Ягаярна ша,
Меттах ца хьовш я мотт ца луьйш
Аре Iуьллу цхьа́...
... Дехьа – Iиндагl доьгIна доцу
Къахьоьгуш ду Нил,
Охкуш ду и кхагардахна
Цу паччахьийн Iиэл.
Бедуин а дин бицбелла,
Четарш тоьхна шен,
Дуьйцуш ву дайн хьалха хилларш,
Лоьруш седарчий,
Ерриг бIаьрго лоцу гене
Йижна синтем ган...
ХIан-хIа! Ширчу Малхбалене
Эшалур бац со!
– Сел хьалхе ахь дозалш ма де! –
Бистхилира Шат, –
Хьажал дIога, Къилбаседе,
Гуш ду цхьаннан-м хатI!

Сийлахь-боккха Казбек бара
Цунах баьлла цец,
Боьхна, хьажий цо шен бІаьргаш, –
ХІуммаъ къаьсташ дац…
Цигхьа хьоьжу и, ца кхеташ,
Ойла яхна гор,
Гора цунна боккха болам,
ГІовгІа, йоккха гІар.
Уралера Дунай долчу
ДІакхаччалца дІа
Полкаш йогІу бацал дукха,
Техкаш, лепаш схьа…
Леста кІужалш куйнаш тІера,
КІа-буц санна, ю,
Маса богІу дошлой церан,
ГІиттош йоккха чан.
ТІамна кийча батальонаш
Луьста йогІуш ю,
Вота етташ, байракхаш шайн
Хьалха яхьаш ю,
Курпалаш ю цІеста могІнехь,
Екаш, гІовгІа еш,
КІур а гІиттош, царна тІоьхла
Йогуш милташ го.
Ша вахчийна тІеман дарцо,
Хьоьжуш оьгІазе,
Инарла ву хало, харцо,
ВогІуш хало зен…
Ларда, ницкъ а шорта болуш
Іоврех терра шайн,

Цхьа инзаре йогIу полкаш,
Нийсса Малхбале.
Цу къаьхьачу сингаттамо
Говрех терра шайн,
ГIоьрти Казбек шен мостагIийн
Полкаш ягаръян…
Хьоьжура и цхьа гIайгIане
Лаьмнийн доьзале…
Шен бIаьштигна куй тIеоьзна,
ГIийлла и дIатин.

ДОІА

ХІай Ницкъкхочург, бехке ма ве!
Кхиэл ма елахь, Іазап дан,
Лахьтин бодаш кхерамца шайн
Доггах суна безарна!
Наггахь а хьайн сийлахь дешнаш
Сан даг чу ца диссарна,
Хьекъал-кхетам хьох ца тешаш,
Геннахь тилла леларна.
СингІаттамийн Іовраш кийрахь
Шовкъехь кхехкаш хиларна,
Сайн иллеша хьуна хиэрехь
Сан бІаьргийн нур кхоларна,
Ирке дуьне готта хилла,
Хьайна тІе ца верзарна,
Воьлхуш, къинойх дуьзна иллеш
Хьайна ас ца бахарна!
Яйъахьа сан кийрахь алу –
Дуьне марццал йоккха цІе,
Сан дагах хьо тІулг бай вала,
Меца бІаьрса теде сан!
Инзаречу иллин шовкъах,
Кхоьллинарг, ахь ваккха со!
Къинойх цІанлуш, сийлахь новкъахь
ВогІур тІаккха хьуна тІе!

САГІАДОЬХУРГ

Сийлахьчу зиярта хьалха,
Мацалла азвелла чІогІа,
Лаьттара ойлане, цхьалха,
ГІелвелла цхьа сагІадоьхург.

Йоьхура цхьа баьпкан цуьрг цуо,
БІаьргаша гойтура бала,
Амма тІулг биллира цхьаммо
СагІийна кховдийнчу кана.

Иштта ас лийхира безам
Хьан, суна къайллаха езнарг.
Амма сан ойланаш мерза
Ахь иштта Іехайин, хазниг.

АЬЗНАШ

ХIай шу аьзнаш!
Ца хьовш меттах,
ЛадугIуш ву со,
Дицло суна стигал, латта,
Вицло суна суо.
Цу гIум-арахь некъахочо
Къурд бан лоьху хи –
Оццу хьолехь со ву холчохь,
Собар доцуш кхин,
Цу аьзнаша гойтуш сайна
Беран-хенан гIан,
Карладоху, кечдеш тайна,
ДIа мел дахнарг сан!
Карладоху цара суна
Сан езачун сурт,
ДегI а дагош, къаьсташ санна,
Хета, йоьлхуш ю.
Хьере хилла, юхаъ муьйлу
Къаьхьчу денойн дIовш,
ТIаккха а ас агIо буьллу
Нехан дашца товш.

КАВКАЗ

1.

Хьуна, Кавказ, дуьненан буьрса паччахь,
Ас юха а ло сайн эгIаза илли:
Хьайн лаьмнийн баххьашка сан илли кхаьччахь,
Ахь декъала делахь и, хьакъдолччу диллий!
Хаалахь, хьан йовхо, хьан карзахе дорцан хеккар
Берахь дуьйна сан кийрахь кхехкаш хиллий:
Къилбаседахь, хьуна хийрачу махкахь,
Сайн дагца хьан ву со, хьуна ду илли!

2.

Техкавора ахь со, дорцан мара хьерчош.
Цу хьайн лекхчу ламанан аганахь,
Сийначу дохк-мархийн кузаш кIел керчош,
Хьестарца маракъуьйлуш, тIеийвора ахь!
Со хуьлура вакхлой цу лаьмнийн кхерчахь:
БIаьрго чу ца лоцучу цу ирке арахь,
Наьртан дегI санна, схьагора дIо бухахь,
БIешерийн сал хилла, Кавказан лаьмнаш.

3.

Сел жимчу сан коьртахь дашо таж юцуш,
Хьан мархаш хуьлура тикманаш яржош, –
Стигла а къевкъара, лакхахь «дур» хоьцуш,
Набарха довлура и Iаьржа Iаннаш.
Кхетара со церан къайленан даржах.
Карзахе сан ойла, дарц хуьлуш, яьржий.
Ткъес санна, кхочура стигланан Iаьрше!

4.

ХIар дуьне-м сан дагах ца кхетта хир ду…
Дуьненна-м ца оьшу вайн буьрса дегнаш!
Къайленах дуьзначу дуьненан кийра
Кхочур дац уггар а сирлачун бIаьрса.
Сан боде, кIоргачу дагна яц хийра
Сийлахьчу Кавказах еш йолу ойла.
Сан даг чохь гIеллур бац хьох болу безам!
Миччахьа а со хьан ву! Хьан ву со даим!

Муса Джалиль

САН ИЛЛЕШ

Шун зIийдигаш ас сайн даг чохь кхиийна,
Сан Даймахкахь зазадоккхуш дахалаш!
Син паргIатой, деган йовхой шаьшкахь мел ю,
Кху дуьненахь даха таро шун ма ю.

Шуна ерриг деган ойла ас дIаелла,
Сан сирлачу бIаьрхин къайле шуьгахь ю.
Шу лахь – со а лер, массарна виц а велла,
Дахахь – шуьца цхьаьний со а вехар ву.

Сайн халкъанний, деган омра кхочушдина,
Ас шун кийра ма йиллина ца йов цIе,
Сайн доттагIий ас иллешца хьистина,
МостагIашна илли дагахь ихна тIе!

Эхье зовкхах, ирсах ца Iехавелла, –
Царех къехкаш, кхаьрдаш хилла со.
Шен дуьхьа со кху дуьнен чохь ваьхна хилла,
Бакъонан шовкъ, иллеш, шуна ас дIало!

Даго соцуш, эххара цкъа тохаделла,
Йина чIагIо, йоха ца еш, кхочушъер:
Даймахкана совгIат дина, иллеш делла,
ХIинца дахар Даймахкана ас дIалур!

Со къийсаман новкъа вигнарг илли хилла,
БIаьстенан чам бовзийтинарг – илли ду.

Корта баккха шен диг ирдеш чалтач воллу, –
ТІаьххьара сайн илли яздеш со а ву.

Илли дара паргІатонна со гІиттийнарг.
Гор ца хІуттуш, вала хьехнарг – илли ду.
Сан дахар а Даймахкана иллех декна,
Сан Іожалла, илли хилла, гІоттур ю!

МА ТЕШАЛАХЬ

«ГIелвелла», «ХIоьттина», «Воьжна тIеман арахь» –
Дагахь доцуш хабар кхачахь хьайна,
Ма тешалахь, сан хьомениг, сох тешначара
Цкъа а иштта эр дац хьуна.

ЦIийх юьзна байракх ю со хьалха дIавоьхург,
Халчу новкъа со хьалха вуьгу цо.
Бакъо юй сан кIелвиса, гIелвала, воха?
Юй сан кхин ца гIоттуш вожа бакъо?

«Ямартхо!» «Даймахкана ямарт хилла!», – аьлла,
Дагахь доцуш хабар кхачахь хьайна,
Ма тешалахь! Доггах шаьшна везаш хиллехь,
ДоттагIаша иштта эр дац хьуна.

Даймохк ларба, хьо ларъя а со ма вахна,
ЦIийн Iовраш чохь, герз а карахь лета со.
Даймахкана, хьуна ямарт хилла тахна,
Кху дуьнен чохь ваьхна ас хIун до?

«Муса вийна!» «Иза кхин дийна вац!» – аьлла,
Сан хьомениг, хабар кхачахь хьайна,
Ма тешалахь! Шаьшна доггах везаш хиллехь,
ДоттагIаша иштта эр дац хьуна.

ДIахьулдер-кха сан шелделла дегI Нана-Лаьтто,
Цкъа а лийр дац цIарах догу илли!
Со кийча ву вала, толам боккхуш летта,
Бакъо къуьйсуш велларг – цкъа а ца велла!

СУД ЕЧУ ДИЙНАХЬ

Суд еш тхо набахтера арадехи,
Есачу майданахь тутмакхийн могІа беш.
Шен хазчу юьхь тІе малхо марха уьйзи,
Хила ца лууш йоккхачу къизаллин теш.
Баца тІе доьжнарг Іуьйренан тхи дац тахна –
Латта дилхина, къаьхьа бІаьрхиш Іенош.
ДІогахь хьун, лаьмнаш, боцчу бехкала дахна,
Къизалла ца ган дахкарла дийши геннахь.
Шело. КІентийн берзинчу когашна йовхо
Луш ду сийлахь Нана-Латта, хьайре хилла.
Хета: къизалла ца лаелла ду и доьлхуш,
Шен турпал кІенташка кхийдош ницкъ, доьналла.
Ма кхера, Нана-Латта, хьан майра кІентий
Кхеро ницкъ кху Дуьнен чохь хилла бац.
Хьан кийра тхаьш дерззалц, турпалалла гайта
Хьуна йина чІагІо тхан юхур яц!
Маларо мустбина, цІийбинчу бІаьргашца
Суьдхой бу тхуна Іожаллин кхиэл схьакхайкхош.
Бакъ дац! Уьш бац кхиэл еш. Тхешан Іожалца
Тхо ду цу йовсаршна тІаьххьара кхиэл еш!
Чалтачо шен ямарт диг ирден дай шена,
Йовсарша санна, ен яй цара гІарош.
Тхан тІаьххьара дош, и зал оьккхуьйтуш, тайна
Декар ду цу йовсаршна шаьш иэшар карош!
ДогІур ду цхьа де паргІатонан малх кхетта.
Сан халкъо йовсаршна кхиэл еш де догІур ду.
Бакъонан чІир лохуш, тоьшалла а хІуттуш,
Цу дийнахь цІийх дуьзна сан илли гІоттур ду!

* * *

– Хьан майрачух со-м ца веша.
Цул ирчаниг хьанна гина?
Лур ву хьуна цунах, эшахь,
И санна верг, дечгах вина…

Курчу динахь хи тІе воьдуш,
И хьан кІажарш яйра суна…
Карзахдаьлла, некхах леташ,
Сан догу дог гирий хьуна?

Лекхчу тарха уллохула
Эхангах еш пазат карахь
Хьо йоьдура ирах хьала,
БІаьргех ледаш хиш хьан дара…

Лашар-жІарах, дуйнах тешахь,
Хьо цхьаъ бен яц суна езарг!
Оццул дезаш хилча вайша,
Даллалц цхьаьний даха деза!

– Сайн дадех дуй буу хІинца:
Хилла вац сан хьол сов везарг!
Амма кхоьру: тоьллачуьнца,
Хьомениг, хьан къовса деза…

Хьомениг, ас доьху хьоьга,
Нуьцкъаш йига хьо ма гІерта.

Къахета хьан хазчу дегIах…
ЙогIур ю со хьоьга бертахь.

Сан майрачун хьан тIехь кхозу
ЦIийх ца Iеба цIокъболат тур…
Хадош хьан, сан ирсан доза,
Цуо вайшиннан цIий Iанор ду.

Цу хьан дагна хилла бохам
Сайна хезаш бацахьара,
Хьан цу хазчу кога юха
Пазаташ ер, бохуш Iара…

– Леча санна болчу дино
Со хьолда цу Нохчийн ара!
Летар вар-кха, цIанлуш къинойх,
Делах кхоьруш вацахьара!

Ас нохчийн мотт Iамор беца,
Сайн цIе НикIо туьллур ю.
Кхолла морса маша эцна,
Ломахь ас жа дажор ду!

Хьо хьистина ямарт куьйгаш
Ас хедор ду кху сайн туьрца!
Нохчийн ломахь Iаьржа тIулгаш
Ас кхолур ду цIенчу цIийца!

– Хьо-м къонах ву, цхьаъ ма-варра!
Хьол тоьлаш а къонахий бу!

Хьо массарел хаза-м вара, –
Хьол а хаза сан майра ву!

Стелахаьштиг санна, чехка
И кхочур ву суна орцах!
Шен маса дин тІаьхьа хоккуш,
Туьрца боккхур бу хьан корта!..

ФОТОАРХИВЕРА...




Ахьмад 1982 шарахь



Чаьнтийн шира кхерч – Итон-Кхаьлла



Дьрахойн тайпанан бIов



БІаьвнан йохийна агІо



Ахьмад 1940 шарахь



Ахьмадан нана – Гази кIентан кIантаца



Ахьмад 1950-чу шерашкахь



Ахьмад депортацехь волчу хенахь



Казахийн школехь балхахь волчу хенахь



Хьалха-Мартанан №2 юккъерчу школехь



ГIойтIарчу школехь филолог




Ахьмадан ши кIант – Жалавди, Iалавди



Яздархойн союзехь



1970-гіа шераш



1960-гіа шераш



Мукъачу миноташкахь



Клентан берашца



Шен йоІаца – Зайнапаца



Москварчу хьешашца



Доттагlчуьнца



Iилманан экспедицехь



ДоттагIашца



Синойн цхьалла



Доттагlий а, коллегаш а



Хьеший



Эсана сурт



«Ненан бlаьрхиш» легенда дийцар



Олхазар-кIотарарчу школехь хилам



Дагаевс иллн олуш



Поэтаца Сулаев М.



Кхолларалли цхьанакхетар



Яздархойн союзехь



Рогlера кхеташо



Седарчий ду вовшашца къамел деш



1982 шарахь Ахьмадан юбилей язъеш



Ахьмадан шича – тIеман ветеран Абубакар



Ахьмадан шича – Iабдулкъедар



Ахьмадан кIентан кIант – Зелимхан



Ахьмадан кIентан кIентан кIант – цIархо Сулейманов Ахьмад



Ши цIархо – Исаев Хь. музейн уьйтIахь



Олхазар-Кlотарара Сулейманов Ахьмадан музей




Музейхь – мероприяти



Музейн интерьер



Сулейманов Ахьмадан изданеш



Музейн зал

Сулейманов Ахьмадан эскизаш

















Чулацам

Сулейманов Ахьмадан некъаш а, марзонаш а.....5

ДОГ ДОХДЕН ЦІЕ
(байташ)

Берд.....22
Даймахках илли.....23
Машаран кхокха.....24
Шовда.....26
КІант винчу тойнехь.....27
Борз ю угІуш.....30
Дог дохден цІе.....32
Шовда шех схьаийча.....34
Батте.....35
Календаран тІаьххьара лист.....36
Ламчохь сатосуш.....38
Нене.....39
Маьлха-Аьзни.....40
Весет.....42
Батто сагатдо.....43
«Зезаг даьржа...».....45
Ала цуьнга!.....46
«Буьйса юлу, седа кхета...».....47
Ерриг шело дІаэцалахь!.....48

«Хан йоцчу хенахь а, хьо дуъхьалкхетахь...» 49
Ехийла гІоза! 50
«ЦІога дахдой, седа боьду...» 51
Сай 52
Къечу Илланчин хелхар 54
Зелимхан 55
ДоттагІаша соьга боху 57
Шуънехь дош 61
Лойша суна! 63
Фронтовикан кехат 64
Винчу денца 72
Ламанан хьостанаш 75
«Лекхачу ножана хьоькху мох ца эшна...» 79
Ма дохковаьлла со! 81
Маржа яІ, боцу ницкъ!! 85
Ловзар 88
Цигонан йоІе 93
Ма ала соьга 96
Хьо яре сатуьйсу 99
Хьо марша Іойла 102
Хьоза 104
Полла 105
ЙогІур ю, хьоменига, хьоьга! 106
«Довхачу цу дийнахь...» 107
Гуьржийн йоІе 109

ДАЙМЕХКАН НЕКЪАШ

(поэмаш)

Лаьмнийн суьрташ *(Некъан репортаж)* 113
Безаман шовда 166
Дахаран генаш 204
Беттан тІулг 226

ГОЧДАРШ

А.С. Пушкин
Іаьнан суьйре 234
М.Ю. Лермонтов
«Суо-цхьалха буьйсанна со араволу...» 236
«Кхачделла можа ялта аренгахь техкаш...» 237
ГІалгІазкхийн аганан илли 238
Баркалла 240
«Тамаше шийлачу ахмаски тІехьара...» 241
«ХІан-хІа! Хьо яц суна езарг чІогІа...» 242
К.Л. *(Байронах тардеш)* 243
ИрахьІер 244
Къовсам 247
ДоІа 251
СагІадоьхург 252
Аьзнаш 253
Кавказ 254
Муса Джалиль
Сан иллеш 256
Ма тешалахь 258
Судечу дийнахь 259
«Хьан майрачух со-м ца веша...» 260

Ахмад Сулейманович Сулейманов

РАССВЕТ В ГОРАХ

Стихи, поэмы, переводы
(на чеченском языке)

Подготовлено в печать
З.А. Сулеймановой

Подписано в печать 2.03.18 г.
Формат 84x108 $^{1}/_{32}$. Бумага офсетная.
Объем 15,96 п. л. Заказ № 0334.
Тираж 1000 экз.

АО «Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
364026, ЧР, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35